

R E V

**REVOLISYON FINANSYE  
PAW**

Pouvwa Pwovizyon an

O L L I

**GARY KEESEE**

S Y O N

R E V

**REVOLISYON FINANSYE  
PAW**

Pouvwa Pwovizyon an

O L I

**GARY KEESEE**

S Y O N

**Your Financial Revolution**  
**The Power of Provision.** Haitian Creole. By Gary Keesee

Originally printed In English  
ISBN: 978-1-945930-39-3

Faith Life Now  
P.O. Box 779  
New Albany, OH 43054  
LIFE

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at  
[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com).

**Revolisyon Finansye Paw**  
**Pouvwa Pwovizyon an,** ke Gary Keesee ekri

Vèsyon Orijinal la enprime an Anglè  
ISBN: 978-1-945930-39-3

Viv Lafwa Kounye a  
Faith Life Now  
P.O. Box 779  
New Albany, OH 43054  
LIFE

Ou kapab kontakte Ministè Viv Lafwa Kounye a sou entènèt nan  
[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com).



# TABLO KONTNI YO

<b>ENTWODIKSYON</b> .....	07
<b>CHAPIT 1:</b> Limyè Kap Klere nan Fennwa.....	19
<b>CHAPIT 2:</b> Yon Nouvo Fason Pouw Panse.....	33
<b>CHAPIT 3:</b> Pwoblèm Jiridiksyon an.....	49
<b>CHAPIT 4:</b> Èskew Pa Sonje?.....	75
<b>CHAPIT 5:</b> Ogmante Pwovizyonw Paw lan.....	91
<b>CHAPIT 6:</b> Lafwa se Kle a.....	115
<b>CHAPIT 7:</b> Avètisman an: Rete nan Devlope lafwa Ou!.....	131
<b>CHAPIT 8:</b> Ou Bezwen yon Plan!.....	147
<b>CHAPIT 9:</b> Lè a Rive Pouw Ale!.....	159



# ENTWODIKSYON

Tit liv sa a gendwa parèt tankou yon agasan, yon bagay ki se yon deklarasyon aklè de reyalyite a. Mwen vle di, kiyès moun ki ta pral fè diskisyon sou bagay sa yo ke li merite? Mwen panse ke nou tout ap dakò ke lew gen pwovizyon, pwovizyon pou bagay sa yo nou bezwen nan lavi a, son bagay ki esansyèl. Poutan anpil moun pa gen pwovizyon ke yo bezwen an. Anpil, anreyalite, yap goumen pou yo kapab jis gen ase pou yo siviv. Yap viv lavi yo nan esklavaj bòdwo ansanm ak dèt ki sanble pap janm fini. Olye pou yo ta ap viv rèv pa yo, yap viv nan yon eta dezespwa, akable ak laperèz pou yo ale nan yon travay ke yo rayi, epi sa ki pi mal la nan tout sa, yap viv san okenn objektif ki gen sans.

Yon etid resan fè konnen ke 48% Ameriken yo pote lakay yo \$31,561 chak ane, oswa \$2,630 omwen chak mwa,<sup>1</sup> ak 40% nan popilasyon an ki pa kapab ekri yon chèk pou yon montan \$400 san yo pat planifye pou sa.<sup>2</sup>

Èskew kapab imajine estrès wè ki genyen lèw oblije ap kontwole chak pyès lajanw depanse, avèk lespwa jis pouw kapab rive nan pwochen jou peman an semèn apre semèn, mwa apre mwa, sanw pa wè ki kote sa ap rive? Olye pouw ta ap avanse, ou vi jwenn ke se nan dèt wap antre pi fon saw pa gen okenn pòt soti. Mwen kapab imajine bagay sa, paske se konsa mwen te konn viv pandan 9 ane byen long; epitou se pat yon imajinasyon mwen. Se te yon sityasyon reyèl.

---

1 <https://howmuch.net/articles/how-much-americans-make-in-wages>

2 <https://www.cnbc.com/2018/05/22/fed-survey-40-percent-of-adults-cantcover-400-emergency-expense.html>

## **Lawont akoz Mank**

Madanm mwen, Drenda, ansanm avèk mwen te marye epi nou te espere kòmanse yon lavi ki enkwayb, men nou te jwenn tèt nou anba dèt ak viv yon lavi nan estrès finansye. Sèlman pandan kèk ane tou kout, nou te mete tèt nou pozisyon ak 10 kote kredi a depase epi kat kredi ki anile; 3 prè pou konpayi finans ak to 28% enterè; peman 2 machin ki pat kanpe sou anyen, tou 2 te gen plis pase 200,000 kilomèt sou yo; privilèj IRS; ak anpil lòt dèt nou ke pat kapab peye. Nou te dwe paran nou plizyè milye dola, nan pwen ke yo te sispann prete nou lajan.

Se pa tankou nou te fè chwa poun detwi lavi nou ak dèt; nou te senpleman ap eseye siviv. Sa sonnen takou pawòl moun fou, mwen tap travay nan domèn finansye nan ede lòt moun ak bezwen asirans epi investisman. Mwen te konn touche sou baz 100% komisyon pou chak lavant mwen te rive fè, men komisyon sa yo pat janm ase. Nou te kontinye ap espere ke biznis lan ta pral dekole, men chak grenn semèn te tounen ane ki pat gen okenn chanjman.

Evantyèlman, apre 9 ane byen long kote se lajan dèt ki tap pèmèt nou peye a bòdwo yo, nou te fin itilize tout mwayen posib kite egziste kew kapab panse poun prete lajan. Nou te plane prèske tout bagay kite gen valè ke nou te kapab jwenn, epi estrès finansye sa ke nap viv la te kòmanse pote gwo kokenn chenn kantite emosyonèl sou mwen menm ak fanmi mwen.

Mwen te vin devlope atak panik epi yo te metem sou medikaman depresè, ki pat edem reyèlman ak akòz efè segondè grav pwòp seri medikaman sa yo. Doktè yo te konn dim tou ke mwen te dyabetik baze sou pwoblèm sik ki nan san mwen.

Sa kite pi mal la ke pwoblèm medikal yo se te laperèz kite anvayi lavi mwen nan yon pwen ke mwen te konn menm pè kite kay mwen. Mond pa mwen an te rete fèmèn sou mwen ak yon lanfè, laperèz touman kite paralizem! Nou te anreta sou tout bòdwo nou yo, epi chak mwa, se te yon defi pou nou te konnen kiyès nou te dwe peye ak kiyès nou te kapab pa peye mwa sa poun te peye yo mwa pwochen.

Mwen kapab kwè ke youn nan aspè ki pi fèb nan dezòd finansye nou tap viv lan se te lawont ke mwen te santi a. Laperèz tap kenbem chak fwa mwen tap itilize yon kat kredi nan espwa ke kat sa tap fonksyone yon lòt fwa ankò. Mwen te toujou met tèt mwen nan pozisyon poum ap fè eskiz, ak bay mant, pèseptè bòdwo yo kite konn relem prèske chak jou. Pwobableman bagay ki pi difisil poum te andire a se te wè bèl fanmi an ki tap



fonksyone san bagay yo sa ke yo bezwen, sa kite lakòz mwen gen yon doulè nan nanm mwen. Poum rete onèt, mwen te santi tankou yon echèk prèske chak jou pandanm tap fè fas ak yon pwoblèm youn apre lòt.

Dezòd finansye sa se pat yon bagay ki pat gen son sou rada a, pandan yon moman nan peryòd la. Dezòd lan tap kontinye pandan 9 ane byen long!

Nan ka ou ta ap poze kesyon an, wi, nou te konn al legliz chak semèn. Mwen te gen yon diplòm nan teyoloji ak biznis epi mwen te fè yon ane nan lekòl bibliik tou. Mwen te batize nan Lespri Sen an, epi mwen te renmen Bondye, men yon bagay pat bon menm. Mwen te gentan konnen sa, men kisa ye? Istwa sa yo ke mwen te li nan Bib la te jis pa tap rive nan lavi reyèl la.

Nou te konn ale nan yon gwo legliz ki tap anseye nou ke se volonte pa Bondye pou nou pwospere, men mwen jis pat wè bagay sa ki tap rive, epi mwen pat gen okenn siy poukisa sa pat rive. Poum kakapb pi dirèk, mwen reyèlman pat wè okenn nan zanmi mwen yo ki tap pwospere nan yon gwo degre pwospertite tou.

### **Vin Poze-Aksyon**

Tout bagay te vin devan lè yon avoka, youn nan anpil lòt moun ki tap chèche mwen pou lajan, te vin relem ankò. Fwa sa, li te vini dwat nan sijè a epi li te dirèk. “Mesye, Keese, mwen pral ba ou 3 jou pouw voye ban mwen \$1,600 ou dwe kliyan mwen an oswa mwen pral oblije ranpli yon pwosè kont ou pou montan lajan an.” Apre sa, li te senpleman rakwoche telefòn lan.

Mwen konnen tout bagay te fini. Mwen pat ka fè anyen ankò. Pat gen okenn kote poum tale, mwen te gentan fin itilize yo. Pat gen lajan, epitou pat gen manje tou. Frijidè nou an te parèt dezè menm jan avèk kont kouran nou an labank. Mwen tap espere poun te gen yon semèn solid nan biznis lan sa ki tap kapab rale nou soti, men sa pat janm rive.

Nan gwo dezespwa, mwen te moute nan ti chanm mwen an nan ansien kay kanpay ke nou te lwe pou \$300 chak mwa a. Mwen te gentan konnen ke se pat Volonte Bondye pou nou tap viv nan esklavaj finansye sa yo, men nou tap fè nenpòt bagay poun pwospere.

Pandan mwen tap kriye sou kabann nan, mwen tap rele byen fò nan pye Bondye. Enkwayab, pandanm tap rele a, mwen te tandel ki reponn toudenkou. Byen vivan nan Lesprim, mwen tande vèsè sa a:

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*Epi Bondye pa mwen an pral baw tout saw bezwen dapre richès li yo nan glwa li nan Jezikris.*

—Filipyen 4:19 (NASB)

Mwen te di byen fò, “Mwen konnen vèsè sa, men mwen pat wè bagay sa yo nan lavim.” Apre sa, mwen tande Lespri Sen an ki di:

“Mwen pa gen anyen poum wè ak dezòd ou ye a. Rezon ki fèw nan dezòd sa a se paskew pa konnen kòman Wayòm mwen an fonksyone.” Li tap kontinye dim ke legliz Li a tap viv menm jan pèp ak Izrayèl la te konn fè nan epòk farawon an, kòm esklav. Li te di, “Mwen vle pou pèp mwen an lib finansyèman!”

Byenke mwen pat vrèman konnen kisa te vle di lèl di Wayòm nan, mwen te gentan konprann ke viv nan dèt pa tap fonksyone, epi Li tap vle di ke te gen yon pi bon fason pou moun viv ke mwen pat ko aprann. Kisa te ye oswa kijan li te konn travay, mwen pat konnen, men mwen konnen kem te dwe chèche konnen.

Premye bagay mwen te fè se te desann anba epi rale Drenda. Mwen te di li kisa Bondye te dim, epi map sonje kem te kanpe la, mwen te kenbe menl, epim te repanti devan Bondye ansanm avèk li pou dezòd sa yo ke mwen te mete nou nan. Nou te pran angajman menm kote a ke byenke nou pat konprann kisa Bondye te vle di lè li te di Wayòm nan, nou ta pral chèche konnen kisa bagay sa ye. Nou te pran angajman tou pou nou pap sèvi avèk dèt kòm yon fason poun viv ankò men map admèt avèw ke nou pat konnen kijan ou ta pral fè sa. Pandan nou tap lapriyè, lapè te vini sou mwen, epi mwen te konnen ke Bondye tap montre nou kijan pou nou te fè sa nan fason pa li.

Men, poum retounen sou mo Wayòm lan, mwen vrèman pat gen okenn lide sou sa li tap pale a. Mwen te gentan konnen mwen ta prale nan syèl la, epitou mwen te gen yon ti fòmasyon sou Bib la, men mwen pat konnen kisa sa te vle di. Reyalite a, mo Wayòm nan pat yon mo ke mwen te konnen twòp bagay sou li. Sèl grenn fwa mwen te kapab sonje mo sa te mansyone nan Bib la se te nan Lapriyè Senyè a.

*Wayòm ou an vini, volontew pral fèt, sou tè a menm jan li ye nan syèl la.*

—Matye 6:10

Nan epòk sa, mwen te panse ke sa tap fè referans ak Wayòm ki gen pou vini an ke Jezi ta pral etabli sou tè a, men mwen pat okenn ide kisa ta fè referans anreyalite. Men apre mwen te fin byen gade tèks la, mwen te vin reyalize ke mwen te gen tò. Kounye a, Jezi tap di nou kijan pou nou priye nan pati sa. Nou dwe priye pou volonte Bondye vini sou tè a. Men, kisa Wayòm Bondye an ye?

Siw te li lòt liv mwen yo anvan sa, ou kapab sote pati sa pouw ale nan chapit 1 an siw vle, men mwen kwè yon revizyon toujou enpòtan lè ou pral pase yon tès. Tès paw la, jwèt lavi a, te gentan kòmanse, men pa enkyetew. Gen anpil tan ankò pouw jwenn repons kòrèk yo epi avanse. Men, si se premye fwa wap li liv la, pati kap vin apre a desizif anpil!

### **Yon Nouvo Fason pouw Viv**

Lè Bondye te dim ke mwen pat janm aprann kòman Wayòm li an tap travay, poum diw, omwen mwen te twouble. Drenda ansanm avèk mwen pat genyen okenn lide kisa li te vle di. Nou tap lapriyè epi nou te mande Bondye poul anseye nou kisa Li te vle di, lè li te di nou pat konnen kòman Wayòm li an te konn fonksyone.

Alòs, premye bagay mwen te dwe aprann se te kisa ki yon wayòm nan sans natirèl la. Mwen panse ke konsèp sa difisil pou lespri moun ki soti nan Lwès nou yo trape, paske nap viv ak yon mod-panse Ameriken parapò ak demokrasi epi libète pouw di saw panse. Wayòm Bondye a se pa yon demokrasi; se yon Wayòm avèk yon wa. Otorite wa a ap vwayaje toupatou nan wayòm nan, yap delege otorite, atravè diferan ajans gouvènman yo ansanm ak moun kap opere anba otorite sa. Yon foul moun pa vle di yon wayòm. Ou kapab gen yon foul moun ki yon milyon, epi li pap yon wayòm. Yon wayòm se yon gwoup moun kap viv ansanm anba lalwa oswa yon gouvènman.

Definisyon wayòm nan diksyonè se: “Wayòm: yon eta oswa gouvènman ki gen yon wa oswa yon rènn kòm chèf siprèm.”

Malgre ke nou selebre Jezi kite vini sou Latè nan epòk Nwèl, anjeneral nou pa rive konprann ke li te pote yon gouvènman ansanm avèk Li. Bib la pale de gouvènman sa a nan Ezayi 9:6-7:

*Paske, gen yon timoun ki fèt pou nou, yo ban nou yon pitit gason, epitou gouvènman an pral repoze sou zepòl li. Yo pral relel Konseye mèveye, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa kap la pou tout tan an, Prens lapè. Nan grandè gouvènman li yo ak lapè ki pap janm fini an. Lap gouvènmen sou fotèy David*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*la ak sou wayòm li an, lap etabli li epi soutnil avèk laverite epi jistis depi kounye a ak pou tout tan gen tan. Se zèl Seyè ki gen tout pouvwa a ki pral akonpli bagay sa yo.*

Jezi se chèf gouvènman sa, epi depi nou fin aksepte Jezi kòm Sovè pèsònèl nou nap vini yon benefisyè gouvènman sa a; nou vini yon sitwayen. Non sèlman nou vin sitwayen, men tou kounye a nou vin yon pati nan pwòp fanmi Bondye a antanke pitit gason ak pitit fi.

*Men, pou tout moun sa yo kite resevwl la, pou moun sa yo kite kwè nan non li, li te ba yo dwa pou yo vini pitit Bondye—timoun sa yo ki pat fèt nan fason natirèl la, ni nan desizyon imen oswa dapre volonte yon mari, men kite rive fèt nan Bondye.*

— Jan 1:12-13

*Se poutèt sa, ou pa yon etranj etranje ankò, men ou se sitwayen parèy ak pèp Bondye a epitou manm fanmi li an.*

— Efezyen 2:19

Antanke yon manm nan fanmi Bondye, nou vin fè pati fanmil epi konsa nou vin posede oswa fè pati tout sa Li posede yo. Epitou, nou vin sitwayen Gran Wayòm li an avèk tout dwa epi benefis legal yo.

### **Yon Nouvo Wayom**

Poun sa jwenn yon pi bon konpreyansyon sou sa map pale a, kitem pale sou kòman yon moun te sitwayen nòmal nan peyi Etazini. Antanke sitwayen Etazini, ou gen aksè ak tout dwa legal yo. Dwa legal paw yo ekri nan Konstitisyon nou an epi Lwa sa yo pase de yon Gouvènman ak yon lòt. Lwa avèk benefis sa yo al jwenn chak grenn sitwayen, kèlkeswa moun yo ye a. Dwa sa yo pa baze sou santiman oswa entèlijans nou. Non, yo etabli dapre lalwa epi legalman yo disponib pou chak grenn sitwayen ki kosidere ke Amerik la se lakay yo. Sa posib ke gen sitwayen ki pa menm konnen dwa legal yo, men kanmenm, yo gen aksè ak dwa sa yo senpleman paske yo se sitwayen Etazini Damerik.

Koulye a, men yon bagay pouw reflechi sou li, mwen espere ke bagay sa ap chanje tout fason ou te konn ap panse de Bondye ak fason ou te konn resevwa nenpòt sal ye a

nan men Bondye. Bò isit Ozetazini, si ta nou konnen yon bagay oswa yon moun kap eseye retire dwa legal nou yo nan men nou oswa si yo te trete nou yon fason kite enjis, nou gen aksè ak lajistis (jistis vle di fè respekte oswa administre lalwa), ki se yon pwosesis ki aplikasyon dwa legal nou yo. Nou ale nan tribinal, epi jij la pa bay okenn atansyon sou aparans nou, oswa nan ki nivo nou rich oswa kòman nou pòv. Li sèlman gade sou lalwa. Lap dirije an favè lalwa chak fwa. Lwa yo ansanm ak jij yo la kòm sekirite nou.

Nou gen dwa legal yo, epi gouvènman nou an pral garanti epi ranfòse dwa legal sa yo atravè yon pwosesis jistis nan sistèm legal Etazini an. Avèk enfòmasyon sa yo nan tèt nou, ann fon gade pi pre toujou nan Ezayi 9 paske li pale sou nouvo gouvènman sa ke Jezi te pote sou Latè.

*Li (Jezi) pral gouvènen sou fotèy David la ak sou wayòm li an, lap etabli li ak defann li avèk jistis epi entegrite...*

— Ezayi 9:7

Vèsè sa di ke Wayòm Bondye a etabli epi defann atravè jistis, administre lwa Bondye a. Administre vle di pwosesis aplikasyon oswa fè respekte dwa legal ou yo. Dwa legal ou yo se sa Bondye rele jistis oswa sa li di ki entèg, lwa pa Li a. Poul asirel kew genyen sa ke Bondye di ki entèg anndan an Wayòm pa Li an, bagay sa yo ki se pou ou legalman kòm sitwayen Wayòm nan, Bondye te baw aksè ak lajistis, pwosesis la oswa garanti ke wap resevwa sa Li te pwomèt ou yo.

Bondye fè nou konnen sa ki se volonte pal gras avèk Pawòl Li a, Bib lan, pou nou kapab konnen dwa legal nou genyen yo nan Wayòm Li an. Sa a se yon bòn nouvèl! Tout saw li nan Bib la ki gen rapò avèk sa Bondye te pwomèt ou yo gentan pou ou legalman antanke sitwayen Wayòm Li an!

Dezyèm Korentyen 1:20 di aklè ke chak pwomès—CHAK PROMÈS—se “Wi” EPI “Amèn”. Sa te gentan deside; ke tout bagay sa yo legalman te gentan pou ou.

*Paske kèlkeswa kantite pwomès Bondye fè yo, yo se “Wi” nan Kris la. Alòs, se gras avèk li, “Amèn” nan li pale ak nou pou glwa Bondye.*

— 2 Korentyen 1:20

Fondasyon Wayòm Bondye a se lajistis ak entegrite—li pap vasiye. Alòs, panse ak sa nan fason sa: sim te konnen lwa yo nan Wayòm Bondye a (volonte Li), epi mwen te

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an**

konnen ke mwen gen aksè ak jistis, pwosesis ranfòsman ki banm garanti ke se lalwa ki di sa, apres a mwen tap vin gen konfyans epi mwen pap pè.

*Sa a se konfyans nou genyen nan pwoche bò kote Bondye: ke si nou mande nenpòt bagay ki nan volonte li, lap tande nou. Epitou, si nou konnen ke li tande nou—kèlkeswa sa nou te mande a—nou gentan konnen ke nou te resevwa sa nou te mandel la.*

— 1 Jan 5:14-15

Lè vèsè an di ke Li tande nou, li pap pale tankoul te tande son vwa nou kap pale; lap pale konsènan Li menm ki pran ka a.

Panse ak yon jij kap tande yon ka poul asirel ke jistis la al jwenn moun ki merite jistis. Tribinal la ansanm avèk jij lan la pou asire ke lajistis disponib pou chak grenn sitwayen. Desizyon jij la pap baze sou santiman li men pito lap baze sou lalwa, ke lap prezide poul aplike pou chak grenn sitwayen. Jij lan la pou asire ke lajistis (ranfòsman lalwa) pran plas li dapre sa ki ekri nan lalwa.

Nan ka pa Bondye a, twon Li an (andwa otorite a) avèk pouvwa Li an la pou asire ke gen jistis (ranfòsman sa ki se volontel) pou tout moun ki vin jwenn Jezi avèk Wayòm li an.

Tanpri, li deklarasyon sa a yon lòt fwa ankò tou dousman, epi kitel voye jete mod panse sa yo kew gen kounye a sou Bondye. Pifò moun santi ke Bondye pran Desizyon Li yo sou yon baz ka-apre-ka, men se pa konsal ye vre. Li se yon Wa nan yon Wayòm avèk lwa sa yo ki pap chanje. Li pa fè epi li pap pran desizyon andeyò lwa Li yo. Nou kapab gentan konnen kisa repons Li an ye anvan menm nou mandel, epi nou kapab sèten ke nou gen bagay sa yo ke lwa Li an di anvan nou wè sa paske li gen pouvwa poul pote a ranfòsman lwa Li a.

### **Pa Mande Charite Ankò**

Pandan Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse ap aprann dwa legal nou yo nan Wayòm nan, sa te chanje radikalman fason nou te konn panse de Bondye epi Bib la. Rezilta nouvo konpreyansyon sa te vin chanje fason nou te konn ap viv. Nou te sispann ap mande charite. Pat gen plede ankò. Nou te aprann bagay sa yo ki legalman te gentan pou nou kòm sitwayen Wayòm Li an. Epi nou te kontinye ap aprann kòman poun te

reklame pwomès sa yo epi wè bagay sa yo ki libèr nan domèn tè a. Se te yon revelasyon poun te aprann ke nou se pwopriyetè tout bagay ke syèl la gen ladanl. Antanke sitwayen, nou gen aksè legal ak lwa Wayòm nan. Men, kòm yon manm fanmi nan kay pa Li a menm, nou se pwopriyetè epitou nou kapab reklame legalman eritaj pa nou nan tout bagay ke syèl la genyen.

*Kounye a, si nou se timoun, answit nou se eritye—eritye Bondye epi **ko-eritye** ansanm avèk Kris.*

— Women 8:17

Gade byen ke tèks la di, nou se ko-eritye ansanm avèk Kris! Sa vle di tout bagay ke Kris genyen yo se pou nou tou!

Jou sa lè Bondye te pale avèk mwen nan ti kay kanpay tou kraze a, epi li te dim ke mwen pat konnen kijan Wayòm li an fonksyone, li tap fè referans avèk lwa epi estrikti legal Wayòm li an. Li te gen rezon. Mwen pat gen okenn ide kisa yon wayòm te ye oswa kòman li te konn travay. Men youn nan bagay ke mwen te pran poum kenbe byen vit, se sa kite edem konprann kisa ki yon wayòm, se te, wayòm yo ap fonksyone dapre lwa ki pap chanje. Lwa sa yo pa gen okenn favoritism ladan yo. Yo pap chanje an favè yon sèten group moun. Non, yo pap deplase epi yo konstan.

Kitem baw yon egzanp. Jounen jodya nap jwi elektrisite epi limyè li pote anndan lakay nou. Wap dakò avèm ke lwa sa yo kap gouvène elektrisite a te toujou la depi lè tè a te kreye. Poutan, pandan plizyè milye ane, pat janm gen limyè! Pouki Rezon? Okenn moun pat ko dekouvri lwa sa yo ki ta gouvène elektrisite epi kijan poun te itilize yo poun kapab limen yon anpoul. Malgre kout zèklè ak elektrisite estatik ke yo te konn obsève kòm yon bagay ki nòmal nan lavi, se tout bagay sa yo ke yo te konn, obsève. Pat gen okenn moun ki tap panse pou yo tap eseye fè sa yo te wè yo plizyè fwa paske yo pat reyalize ke bagay ke yo te wè yo te baze sou lwa natirèl, se bagay nou te kapab aprann.

Se menm mank konpreyansyon sa ki gaye anndan legliz jounen jodya. Moun yo ap li anpil gwo bagay ke Bondye te fè nan Bib la men yo pa janm kapab rive gen yon pi bon konpreyansyon sou sa yap li yo.

Anpil moun te wè Bondye kap fè kèk bagay emkwayab nan lavi yo, men menm jan ak gade yon zèklè briyan pandan yon tanpèt sezon lete, yo kanpe la epi yo di, “Waw, èskew te wè sa?” yo poko kapab miltiplye bagay sa paske yo pa konprann lwa sa kap

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

gouvène sa yo fenk sot wè a. Kòm egzanp, jounen jodya, nou kapab mete limyè nenpòt ki kote nan mond lan, kote nou vle, paske nou konprann lwa yo kap gouvène elekrtrisite.

Nan menm fason sa, jounen jodya nap jwi kapasite poun vwayaje plizyè milye kilomèt nan yon jounen gras ak avyon nenpòt kote nan mond lan. Avyon an genyen kapasite li pou li vole gras ak konpreyansyon nou vin genyen nan itilizasyon lwa asansè a. Sepandan, lwa sa te gentan sou tè a depi lè tè a te kreye, jan nou kapab wè sa aklè nan zwazo yo ki sèvi avèk lwa sa chak jou. Men pa gen okenn moun kite konn fè yon avyon vole depi plizyè milye ane egzistans lèzòm paske pat gen moun kite gentan dekouvri lwa asansè a epi aprann kijan pou yo itilize li.

Yon lòt fwa ankò, se menm bagay la ak Wayòm Bondye a. Anpil moun ap sipliye, kriye, epi kontinye eseye konvenk Bondye poul fè yon bagay pou yo. Men, sa yo pat konnen ke depi apre yo te vin yon kwayan, tout lwa avèk benefis Wayòm nan te vin pou yo, yo tap kapab itilize epi jwi yo, pat gen mande charite ankò.

Ann ta di ke mwen te vin nan legliz paw la. Èske ou tap rele ekip lapriyè a poun priye epi byen vit limyè yo ta pral limen nan moman mwen tap rive a? Se pat vre! Si, pou yon rezon kèlkonk, mwen ta rive nan legliz paw la epi Limyè yo pat limen, tout moun tap kòmanse rele nan pye Bondye, yo ta pral mande charite epi kriye ak eseye konvenk Bondye poul limen limyè sa yo? Non, yo tap vire gade bouton switch la, senpleman baskilel monte, epi limyè tap vin limen. Pat gen perèz, pat gen konfizyon, senpleman limen yo!

Men, pou kèk rezon, kretyen yo pat janm pwoche bò kote Wayòm nan avèk Pawòl Bondye a nan pèspektiv sa.

Yon lòt fwa ankò, yo pase pi fò nan tan yo ap mande charite, espere ke gen yon bagay ki pral rive. Lè bagay sa pa janm rive, menm kote a yo lage nan blame Bondye, yo kwè ke Bondye te chwazi poul pat apwouve demann yo a. Mank konpreyansyon sa, se rezon sa ki fè majorite kretyen jounen jodya kwè ke Bondye bay pèmision pou move bagay rive yo, oswa Li konnen byen lè gon trajedi ki pral rive. Zannim, se PA fason sa Wayòm Bondye a fonksyone!!!! Yon fwa ankò, ann gade nan Vèsè nou an ki nan 1 Jan.

*Sa se konfyans nou genyen nan pwoche bò kote Bondye: ke si nou mande nenpòt bagay ki nan volonte li, lap tande nou. Epi si nou konnen ke li tande nou—kèlkeswa sa nou te mande a—nou gentan konnen nou recevwa bagay sa ke nou te mandel la.*

— 1 Jan 5:14-15



Depin te fin konnen se dapre lwa legal nou yo nap mande, epi Lap pran ka a, nou gen konfyans ke nou gentan resevwa bagay sa nou te mande Li a! Malerezman, verite ki parèt aklè nan tèks sa, majorite kwayan pa rive konprann li. Daprè eksperyans pam mwen ta sipoze di ke se pi fò kwayan. Men, se te konpreyansyon sa ki literalman chanje lavim!

### **Vizyon Fas ak Siviv**

Mwen te kòmanse li istwa sa yo ki nan Bib la avèk yon enterè ki renouvle. Mwen te gentan konnen ke nan chak grenn istwa yo te gen lwa espiyityèl yo kem te dwe dekouvri. Mwen te vin tounen yon syantis espiyityèl. Nan chak grenn istwa, mwen ta pral poze kèk kesyon. “Poukisa bagay sa te rive?” “Ki lwa yap montre nan istwa sa?” Tou dousman, mwen te kòmanse aprann prensip ak lwa sa yo ki se afè pam nan Wayòm Bondye a, epi sa te cganje lavim literalman.

Lè nou te kòmanse aplike lwa sa yo, nou te kòman libere anba dèt nan 2 ane edmi yo. Nou te kòmanse peye machin nou yo ak lajan kach, bati nou an kay nou te reve a sou 55 kawo tè, ak plis lòt bagay ankò. Pi bon pati an se paske kounye a nou pa gen okenn presyon finansye. Kay nou peye, epi nou kapab konsantre kounye a sou sa kise devwa nou, sa ki se objektif pa nou, olye pou nap siviv.

Nou te tèlman eksite pou sa nou tap aprann yo, men poutan nou pat ko wè anpil nan zanmi nou yo ak lòt moun ke nou rekonèt ki tap jwi menm bagay sa yo ke nou te wè kap pase yo. Apati dezi nou genyen poun ede lòt moun aprann bagay sa yo ke nou te aprann yo, nou te vin lanse Faith Life Church nan ane 1995. Nou konsantre sou pataje lwa ak prensip sa yo ke Bondye te anseye nou yo, pataje avèk lòt moun kijan yo kapab vin lib epi vin viv bon lavi Wayòm nan.

Aprè sa, nan ane 2005, nou te lanse Faith Life Now (Viv Lafwa Kounye a), ki se medya ministè nou an. Emisyon Faith Life Now, 2 emisyon televizyon nou yo kip ase chak jou—*Fikse Pwoblèm Lajan avèk Drenda*—nan chak zòn atravè mond lan nan pwòp lè zòn sa yo avèk Bòn Nouvèl Wayòm nan.

Jounen jodya, nou pap chèche chak ti grenn penich ak santim anba chèz machin nou an nan espwa nap jwenn ase monnen poun achte yon Manje kap fè kè nou kontan poun kapab separe ak 3 timoun. Nap depanse plizyè milyon dola poun fè bagay sa yo nap fè yo jounen jodya, epitou nou gen yon pasyon poun ede lòt moun aprann kijan nou te rive fè sa.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

Toudenkou, nou te soti nan modèl panse pou nap siviv ale nan vizyon ki baze nan panse epi kòmanse reve avèk sa nou te kapab kreye epi fè avèk lavi nou. Nou te soti nan dezòd ak esklavaj finansye poun rive nan libète finansye.

Pandan jou razè ak esklav nou yo, chak ti grenn pwoblèm poun jwenn lajan kach se te yon gwo ijans. Anba gwo estrès, nou tap eseye jwenn yon moun kite kapab prete nou lajan, oswa nou te kapab al vizite plàn sa kite nan zòn nouyon fwa ankò! Men jounen jodi a, nap jwi Pouwva Pwovizyon an.

Ou kapab ap mande, “Gary, kisa Pouwva Pwovizyon an ye?” Pouwva Pwovizyon an se kapasite pouw jwenn sa kise objektif paw epi chape poul ou anba yon mod lavi sivivan. Toujou sonje ke pwovizyon se pro-vizyon. Li fraz sa yon lòt ankò tou dousman; se tankou yon kalite jwèt ak mo yo, men definisyon an parèt aklè.

Lèw pa gen okenn pwovizyon sa kitew nan yon lavi esklavaj, epitou esklav yo pa reve gran! Toujou sonje sa, ou pa yon esklav! Ou se yon manm fanmi Bondye, yon eritye ansanm avèk Jezi nan tout byen imobilye li yo. Alòs, leve zyew epi wè yon nouvo avni. Mwen vlew lib pouw reve, lib pouw pran plezi nan kreye pwòp vizyon paw, epi viv yon bon lavi. Mwen kwè ke pandan nap li paj yo nan liv sa ou pral vin enspire, ou pap sèlman enspire, men ou pral vin konfyant. Menm lwa sa yo nan Wayòm nan kite chanje lavim spral chanje laviw tou.

—Gary Keese

Anreyalite sa se katriyèm liv nan yon seri ki gen 5-liv ki titre, “Revolisyon Finansye Paw.” Mwen ankourajew li 3 liv anvan yo epi gen yon pi bon konpreyansyon sou lwa sa yo ke mwen tap fè referans yo ak plis enfòmasyon toujou sou fason Wayòm Bondye a fonksyone. Yo se: *Revolisyon Finansye Paw: Pouwva Fidelite a*, *Revolisyon Finansye Paw: Pouwva Repo a*, ak *Revolisyon Finansye Paw: Pouwva Estrateji a*. Ou kapab jwenn yo sou [GaryKeese.com](http://GaryKeese.com) oswa sou [Amazon.com](http://Amazon.com)

## CHAPIT 1

# LIMYÈ KAP KLERE NAN FENNWA

Mwen te gentan di nou nan entwodiksyon an apèl avoka sa kite metem bab-pou-bab avèk reyalite sityasyon nou an epi ofinal nou te rele byen fò nan pye Bondye. Mwen te gentan di nou tou kisa Seyè a te di mwen pandan mwen te kouche sou kabann lan epim tap kriye, paske nan dezòd sa ke mwen te a se akòz mwen pat janm aprann kòman Wayòm Li an fonksyone. Men, kouman Wayòm lan fonksyone? Kisa Li tap eseye montrem? Mwen pat gen okenn ide, men mwen te sou wout poum te aprann.

Siw sonje byen, mwen te oblije jwenn \$1,600 dola sa poum te bay avoka a nan 3 jou poum te ka evite yon pwosè. Nan epòk sa, nou pat gen okenn lajan epitou nou pat gen okenn espwa tou ke lajan nsa tap gentan rive an biznis nou an atan poun te peye \$1,600 sa. Sityasyon sa ke mwen te ye a te enposib, oubyen, se sam te panse. Olye de sa, Mwen te sou wout poum te aprann premye leson mwen nan Wayòm lan.

Nan epòk sa, mwen tap kondui yon ansyen machin mak Dodge Caravan kite konn ap bay lafimen tankou yon chemine lè lap desann sou wout la. Jou lannwit sa, mwen te gen yon randevou avèk yon fanmi poun te kapab diskite sou bezwen asirans yo genyen, randevou sa tap fèt lakay moun sa yo, kite ka apeprè 15 minit kondwi soti nan biwo pa mwen an.

Pandan epòk sa yo, mwen tap fè ekspre mwen pake machin lan nan lari a oswa nan kwen kay kliyan an. Rezon an te senp. Chak fwa mwen te konn estap Venn sa, li te konn toujou plen anviwonman an ak lafimen tou blanch, epitou mwen te panse ke machin lan pat yon bon ankourajman pou biznis mwen tou antanke sa nou-rele ekspè konseye finansye kap vann kliyan yo lide sou kijan pou yo envesti avèk achte asirans.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Pwovizyon an

Byen, jou lannwit sa anpatikilye, tankou tout tan, mwen te pake machin lan nan antouraj kwen kay kliyan an. Nou te gen yon visit enteresan, epi lè mwen te di yo-orevwa men sa kite vin ap toumantem lan se lè nonm sa te kontinye ap mache ansanm avèk mwen pandanm tap pran direksyon machin mwen an. Malgre mwen te yon ti jan dekouraje, mwen pat gen pwoblèm sa depil pat rive bò kote lan poul wè lè map estat li, malerezman, se sa li te fè. Malgre mwen te pran anpil tan poum te byen ranje valiz mwen ak kèk lòt bagay kite nan kamyonèt la, mwen tap eseye fè tan poul te kapab ale, men li te rete kanpe la avèk anpil pasyans jiskaske mwen panse ke mwen te oblije estak machin lan poum ale. Wi, jan nou espere a, lari a te plen ak lafimen blanch.

Pandanm ta pral mete kamyonèt la sou mod kondwi, nonm lan te fèm yon siy poum te etenn machin lan epi li te pwoche bò fenèt la. Apre sa, li te dim ke li konn fè travay mekanik nan machin kèk fwa poul kapab fè ti lajan anplis, epitou li tap renmen fon koudèy anba kapo a. Mwen te dil pa gen pwoblèm epi mwen te leve kapo a pou li. Mwen te gentan konnen sa pat vle di anyen pwoblèm li tap jwenn nan. Paske, mwen pat gen okenn lajan disponib poum te investi nan vye kamyonèt la.

Nan kèk minit, li te tounen epi li te di, “Jan mwen te gentan sispèk sa a, ou gen yon tèt gastèt ki kase. Kondwi ale lakay ou, epi bay ranje li anvan menm kew kondwi ale pi lwen. Pyès sa ta dwe koutew anviwon \$700 sèlman.”

Mwen te remèsye li pou konsèy li yo epi mwen te tounen nan biwo mwen an. Tout sa mwen te kapab tandè ki tap pase nan tèt mwen se te, “Tout sa li ta dwe koutew se sou \$700!” Nan epòk sa, pou mwen, \$700 se te tankou yon milyon dola, epi mwen te toujou bezwen poum te jwenn \$1,600 poum te kapab voye bay avoka a. Anplis sa, mwen te gen yon pil lòt bòdwo kite dwe peye.

Mwen pat gen okenn repons, men mwen te sonje priyè sa ke Drenda ansanm avèk mwen te fè byen bonè jou sa, “Bondye, anseye nou kijan Wayòm ou an fonksyone, epi montre nou kijan pou nou viv lib anba dèt.”

Lè mwen tap kondwi tounen nan biwo a, mwen te kòmanse pale avèk Senyè a sou sitiwayon finansye mwen an. “Seyè, ou konnen tout kantite lajan mwen gen bezwen an. Ou konnen mwen toujou dwe lajan sou kamyonèt sa, epi kounye a, \$700 sa vin nesèsè. Seyè, franchman, si map konte lajan ke mwen dwe bank lan pou machin lan ak pri reparasyon an, petèt li tap pi bon sim ta jis boule epi kite chèk asirans lan peye pou tout bagay sa yo!” Mwen te di pawòl sa yo byen fò ak yon fristrasyon, nan yon fason ridikil, se pat vreman yon lapriyè.

Minit apre mwen te fin di pawòl sa, gen yon bagay kite vin atire atansyonm. Mwen pat konnen si bagay sa te toujou la, men ta sanble ke te gen yon ti boul sou tèt kapo devan an. Pandan mwen tap gadel, sanble li tap vin pi gwo dousman. Eitou, pandanm te kontinye ap gade ti boul lan, mwen te konvenki ke boul sa tap vin pi gwo. Mwen te choke, poum te di denye pati a. Mwen pat wè okenn lafimen ke lafimen kite konn toujou sanble ap soti dèyè kamyonèt la, alòs mwen te kontinye ale nan biwo a.

Pandan mwen tap rantre nan pakin biwo a, devan machin lan toudenkou te pete ak yon boul dife! Flann dife a tap ponpe soti nan la lòj motè a rive 6 pye wotè nan lè a. Apre sa, mwen te di pawòl sa yo byen fò, “Seyè, èskew te tandem kap di sa?”

Nan demen, konpayi asirans lan te peye reklamasyon, epi mwen te gen ase kòb pou mwen te peye \$1,600 dola sa ke mwen te dwe avoka a eitou poum te peye machin lan epim te gen ase lajan kach toujou ki rete poum achte kèk pwovizyon. Nou te kontan epi choke an menm tan tou an men nou pat gen machin, machin ke nou te bezwen pou nou 6 la te kapab vire nan vil la.

**APRE SA, MWEN TE DI  
PAWÒL SA YO BYEN  
FÒ, “SENYÈ, ÈSKEW  
TE TANDEM KAP DI SA?”**

Mwen pat kapab eksplike sa ki tap pase nan moman an tout bon vre, men paske mwen te di byen fò pou machin nan te boule a te vin atire atansyon mwen. Mwen te vin oblije admèt ke mwen pat janm gen okenn machin kite rive pran dife anvan sa. Nan lòt bò a, mwen pat janm te konn pale byen fò konsa tou ke mwen te vle yon machin tou.

Èske bagay sa te lye avèk Wayòm nan? Èske gon bagay mwen te fè ki lakòz sa te rive, oswa èske se te jis yon konyensidans? Nou pat konnen. Malgre nou tap selebre viktwa sa paske nou te fin peye machin lan ak kreyansye a tou, nou te toujou gen bezwen yon nouvo machin, men kòman?

### **Jwenn yon Nouvo Venn**

Papam te rele nou poul te gen nouvel nou epi poul te kapab ofri èd li nan pwosesis poun ranplase machin kite boule a. Papam te gen lajan, epi mwen tap espere ke li ta jis achte yon machin pou nou. Li te sijere nou poun tal gade nan kèk kote yo vann machin

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

nan zòn nan poun te kapab jwenn yon bon machin dezyèm men. Se vre, mwen te aksepte òf la ak tout kè mwen.

Nou te ale nan plizyè kote ke yo vann machin, epi mwen te vin jwenn yon Dodge Caravan kem te renmen. Li te gen yon ane konsa epi li te nan yon kondisyon faktori. Mwen te di papam, mwen panse ke Drenda tap renmen machin sa, yon bote elangan, nan espwa li tap di yon bagay tankou, “Byen! Ok, ann ale ekri li.” Men, se pat sa li te di. Olye de sa, li te dim, “Mwen pral baw \$5,000 nan kòb achè a.” Wi, se te yon òf kite jenere anpil, men li tap ofri poul peye kòb depozit la, epi kitem peye rès kòb la.

Toudenkou, mwen te choke akòz reyalyte a. Mwen pat gen yon evalyasyon kredi konsiderab ki tap atire nenpòt bank lan poul ta pretem kòb sa. Jouka moman sa, mwen pat janm kite papam konnen kondisyon finansye tèt chaje sa nou te ladanl nan nou an. Dezyèmman, mwen te jis santi ke mwen pat kapab pran okenn lòt dèt.

Sepandan, pat gen okenn lòt opsyon ke mwen te konnen, mwen te pran yon dezisyon byen rapid poum te omwen ranpli aplikasyon pou yon kredi. Sepandan, mwen te gentan konnen poum te fè sa, mwen ta pral oblije konfese sitiyasyon mwen an bay papam epi li tap oblije siyen ansanm avèk mwen. Mwen te eksplike papam tout istwa a nèt, papam te dakò poul te siyen prè a, epi nou te depoze li. Mezon machin lan te di mwen yo ta fèm konnen ki desizyon yo pran nan demen maten.

Se vre, mwen te gentan konnen ke bank lan ta pral apwouve prè a paske papam te gen bon kredi. Jwenn prè a se pat sa kite deranjem pandanm tap kondwi poum tounen lakay mwen. Mwen konnen mwen pat dwe pran prè sa, men mwen te gen yon bezwen reyèl epim pat gen lajan. Kisa mwen te dwe fè? Mwen te twouble epi yon ti kras pèdi.

Lè mwen te rive lakay mwen epim te di Drenda sitiyasyon an, li te gentan konnen tou nou pa tap kapab siyen pou yon lòt papye dèt ankò, men ki lòt opsyon nou te genyen? Nou tou 2 te gen gwo difikilte poun dòmi lannwit, men nan demen maten, nou te konvenki ke prete lajan se pat bagay nou ta dwe fè.

Alòs, mwen te rele papam epi remèsyel pou òf sila, nou te dil ke nou pa tap kapab pran yon lòt dèt ankò poun peye machin lan. Apre sa, mwen te rele mezon machin lan epi fè yo konnen nou pa tap vini ankò. Yo te di mwen, wi, prè pou machin lan te gentan apwouve, machin lan te pwòp epi pare pou livrezon. Mwen te remèsye yo men mwen te ensiste ke mwen te jis pat kapab pran machin lan.

Pandan map fèmen telefòn nan, mwen te gen lapè, men, an menm tan an tou, mwen pat gen okenn lide sou kijan nou tap kapab achte yon machin ki gwo ase pou tout fanmi

an kise 6 moun. Mwen te gen yon machin mak koup-5 plas kem te konn itilize pou biznis mwen ke nou ta dwe itilize jiskaske nou te vin panse ak yon lòt bagay. Apeprè 2 semèn te gentan pase, epi nou te konn itilize machin 5-plas nou an, nou te konn fè plizyè vwayaj lè nou te bezwen ale yon kote.

Yon jou, mwen te resevwa yon apèl telefònik de mesye sa ke Drenda te frape kèk mwa anvan sa. Li tap chèche kèk atik poul vann nan vant ozanchè nan atik ansyen paran li yo kite konn fèt chak mwa nan vil Atlanta, kote yo tap viv. Yo te konn vini Owayo yon fwa chak mwa pou yo te vin achte atik pou vant ozanchè yo a, Drenda te konn kenbe zye li louvri poul te kapab jwenn nenpòt bagay li panse ki tap enterese paran li yo. Li te konn vini ak yon ti kòb anplis chak mwa paske yo tap bal yon komisyon sou tout sa li te jwenn.

Pandanl tap tounen, Drenda tal tonbe sou nonm sa a yon kote, epi yo te kòmanse yon konvèsasyon sou sa Drenda tap regle ak kisa nonm sa tap regle tou. Drenda te mansyone èskel pat gen anyen poul vann, ki kapab enteresel. Ta sanble, li tap dirije yon gwo mezon retrèt epi chak fwa apre yon bon ti tan, yo te konn bezwen likide tout mèb yo chak fwa yap demenaje. Lè pa gen okenn fanmi pou pran swen mèb sa yo nan kay la yo te konn bezwen debarase de yo, li te konn estoke yo nan kèk espas siplemantè li te genyen epi li konn evantyèlman vann yo.

Mwen pat konnen li, alòs lè li te rele a, mwen te ekri yon ti nòt epim te di Drenda ke nonm lan te rele. Pou fè yon istwa long vin kout, lè li te rele ankò, li te di ke li te gen 3 chanm ki gen mèb avèk atik pouw met nan kay ke li te bezwen vann epi li te mande nou si sa ta dwe enterese nou. Li te ofri tout bagay sa yo kòm yon sèl-pakè pou yon ti pri ki ba anpil.

Drenda ansanm avèk mwen tal gade chanm yo, malgre nou pat kapab mache nan chanm yo poun wè tout bagay, paske chanm yo te chaje jouk rive nan plafon an, nou te wè kèk bagay ke nou te panse, si nou ta rive vann yo, ki ta dwe kouvri pri nonm sa te mande pou tout lo a. Nou rele paran Drenda, epi yo te voye lajan an pou nou, yo te vini ak kamyon yo a, epi nou te pran tout bagay nèt poun tounen Atlanta pou vant ozanchè yo te konn gen chak mwa a.

Vant ozanchè a se te yon gwo siksè, epi komisyon pa nou an, yo te dakò pou yo te ban nou yon machin mak Peugeot station wagon kite gen kèk ane sèlman epi kite gen kondisyon ekselan. Koulye a, mwen konnen pou pifò moun, jwenn yon machin ki itilize deja pa kapab rezon pou yon gwo selebrasyon. Men, pou nou menm, nan epòk sa, se tap

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

premye fwa nou ta pral kondwi yon machin ki pat gen okenn kòb poun te peye sou li. Machin nan te fenk fin douko epitou li te parèt tou nèf. Frison te anvayi nou.

Toudenkou, mwen te kòmanse wè sa. Mwen te kapab fè Bondye konfyans poul te edem ak bagay ke mwen te gen bezwen san okenn dèt.

### Chanje Modèl la

Yon lòt evènman mwen genyen kite pase ansanm avèk Seyè a yon ane anvan sa, pandan nou tap viv toujou nan vil Oklahoma, te vin parèt aklè pou mwen kounye a. Pandan map gade dèyè, mwen te kapab wè Senyè a ki tap ap eseye atire atansyonm, men nou te twò lwen anba dèt epi presyon pou kèk rezon, nou jis pat kapab wè sa Bondye tap eseye anseye nou yo.

Mwen renmen ale lachas, sitou mwen renmen al chase sèf. Men, mwen renmen manje vyann chase tou epi gen yon bagay ki kapab montre efò lachas mwen yo. Jan sa te ye a, mwen te konn ale lachas men pat gen anyen kite kapab montre tout efò mwen yo pou kèk ane ki sot pase la yo. Mwen te konn soti deyò, chita nan fredri a, epi jou apre jou mwen pat konn wè okenn sèf. Bagay sa te vin yon ti kras dekouraje mwen paskem te genyen plizyè ti bebe poum bay manje epi asirew ke yo te kapab itilize vyann lachas la. Malgre mwen te konn gen kèk siksè nan tan lontan, sa te gentan gen kèk ane kounye a depi mwen te gen yon siksè pandan sezon sèf la ak pote vyann lan lakay mwen.

Yon jou, pandan mwen tap panse ak sezon sèf la ki gen pou vini an, mwen te tande vwa Senyè a. Li te di, “Poukisa ou pa kitem montrew Kijan pouw jwenn sèf ou yo ane sa a? Sa te fèm sezi. ‘Montrem kijan poum jwenn sèf mwen yo?’” Kisa, bagay sa vle di?

Lèm tal lapriye sou pawòl sa yo, mwen te santi Sentespri a ki tap fè yon enpresyon nan mwen poul simen grenn semans finansye oswa yon kado pou objektif egzak la pandan rekòlte sèf la. Mwen pat janm konn simen lajan ak espwa poum rekòlte yon sèf anvan, epi pwemyeman, sa te parèt yon ti kras etranj. Men, mwen klèman te santi Senyè a ki tap dirijem poum te simen grenn sa avèk kèk enstriksyon ki detaye pandan map fè sa. Mwen te dwe ekri yon chèk pou kantite lajan sa mwen te santi ki tap mennen simen lan. Mwen te gen poum te di ke Drenda ansanm avèk mwe, nou tou 2 te mete men nou sou li epi nou te deklare ke nou te gentan resevwa lajan 1987 mwen an depi lè sa, lè nou te fin priye a, se pat pita lè nou ta pral rekòlte a, men se te lè nou te fin priye a.



Malgre antanke kretyen, mwen te toujou bay ak sipòte legliz mwen an, plante tankou sa avèk yon entansyon ki fokis epi ki kwè ke nou gentan resevwa depi lè mwen te fin priye a se te yon bagay nouvo pou mwen.

Alòs, mwen te pran yon chèk epim te ekri nan seksyon memo a, “Pou 1987 sèf mwen an.” Mwen te mete menm sou li ansanm avèk Drenda, tnou e voyel gras ak lapòs nan yon ministè ke mwen te gen konfyans ladanl, epim te deklare ke mwen te jis gentan resevwa sèf mwen an menm jan mwen voye chèk la gras ak lapòs la. Mwen te pran yon fèy papye epi mwen te ekri sou li jou avèk lè ke mwen te kwè mwen te gentan resevwa sèf la epi metel nan pòch rad lachas mwen an.

Viv nan Tulsa, Oklahoma, limit vil lan nan epòk sa, mwen reyèlman pat gen yon andwa poum tal fè lachas, men yon zanmim nan legliz la kite envitem desann lakay grann li nan peyi a pandan peryòd Aksyon de Gras la; epi li te dim te gen kèk sèf nan lantouraj fèm kote yo rete a.

Alòs, fanmi mwen te desann pou peryòd Aksyon de Gras la nan maten poun te pase yon bon jounen ak jwi bon manje, di Bondye mèsi epitou kounye a, mete sèf mwen an nan sak. Zanmi mwen an pat vrèman konnen ki kote poul te dim ale, men te gen yon patiraj kite entoure ak rakbwa sou pwopriyete a, epi li te sijere ke mwen tale nan savann sa epi chita bò kote yon gwo pye bwa kite nan epas la.

Koulye a, mwen vle pouw wè imaj foto sa. Pandan solèy la tap limen tou dousman nan antouraj mwen, mwen te wè kem te chita nan mitan yon sèk jaden chaje ak zèb kite gen yon gwo pye bwa nan mitan li. Mwen te santi ke mwen te nan move andwa a paske mwen te gentan konnen ke pa tap gen okenn sèf ki respekte-tèt yo ki ta pral pote tèt li banm kotem te chita aklè deyò a nan jaden zèb sa a.

Mwen te sou wout poum leve epi ale nan direksyon touf bwa yo, kite ka yon distans 130 pye konsa devanm lan, lè mwen te tande yon bri nan touf bwa yo nan kloti a sou bò gòch mwen. Mwen te kapab tande fèy yo kap chire nan distans mwen te ye a, epi mwen te gentan konnen ke se te yon sèf.

Menm moman an, 3 te vin ap mache soti andedan touf bwa yo soti bò kloti a. Mwen sèlman te kapab wè yon apèsi byen rapid pandan yo tap fè wout yo atravè touf bwa a. Sèf yo te twò lwen, men sa te fèm kanpe epi tann kèk minit anvan mwen te deplase nan direksyon touf bwa yo kote mwen te santi sèf la tap deplase a. Apre sa, san mwen pat konn sa, ta sanble te gen yon sèf ki tap kouri soti atravè jaden an dèyè mwen an tout dwat nan pye bwa pam lan.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Mwen te nan lòt bò opoze pye bwa a pandan sèf lan tap fè wout li travèse jaden an ale nan direksyon rakbwa ki devanm lan, epitou li pat wè mwen. Bouk lan kouri antre nan pye bwa a, li te pran sant mwen, epi li te kanpe ap wofle byen fò, sa kite fèm sezi. Pandan mwen tap gade sou bò dwat mwen son sa kite rive sanzatann lan, mwen te choke wè 6-pwen sèf ki kanpe ak gadem nan yon distan kite sèlman apeprè 5 pye yo konsa. Imedyatman, sèf la, kounye a te vin reyalize sa ki tap pase a, li te kouri ak tout boulin nan direksyon rakbwa yo ap ponpe avèk gwo pwogrè.

Koulye a, eseye metem sou menm liy avèk yon sèf kap kouri ak tout boulin epitou avèk yon fizi anplis se pa yon sib ki fasil, mwen te gentan konnen mwen tap sèlman tire yon sèl katouch anvan sèf la te antre rakbwa yo. Pat gen okenn fason mwen tap kapab byen vize sèf sa pandanl tap vole ponpe ak tout vitès sa. Sèlman 20 pye konsa anvan sèf la tap gentan antre nan rakbwa yo, mwen te peze gachèt la. Apre katouch lan te fin pati, sèf la te tonbe epi li pa tap bouje. Mwen te choke! Èske sa rive tout bon vre? Tout bagay sa yo te rive tèlman vit! Mwen te leve tou dousman epi mwen mache al bò kote sèf la kouche a. Byen rapid, mwen te rale ti nòt sa soti nan pòch mwen epim te kòmanse remèsye Bondye pou sèf la.

Tande son fizi a, zanmi mwen an te soti epi felisitem pou sèf mwen an paske li te wèl kouche atè a. Mwen pat di zanmim lan kisa Seyè a te dim, men mwen te gadel epim te di, “Mwen pa panse ke mwen jwenn sèf sa akòz gwo kapasite kem genyen pou m fè lachas.” Apre sa, mwen te montrel ti moso papye mwen te ekri jou sa Drenda ansanm avèk mwen te fin priye pou sèf sa. Kite senpleman di, “Mwen kwè ke mwen te gentan resevwa 1987 sèf la nan dat ak lè nou te fin fè priyè sa nan non Jezi. Mwen te lonje papye a bay zanmim lan poul wè epi apre sa mwen te kòmanse di li kisa Seyè a te di mwen poum te fè.



Evènman sa te atire atansyon mwen. Mwen te gentan konnen san okenn dout ke sa te soti nan Bondye. Men, pou kèk rezon, mwen pat ko konekte tout pwen yo. Konsèp lwa

### **EVENMAN SA A TE ATIRE ATANSYON MWEN. MWEN TE KONNEN SAN DOUT KE SE TE BONDYE.**

Wayòm nan ak sa kite rive avèk sèf la ki ta pral afekte finans mwen yo pat ko janm rivem. Rive jwenn sèf sa te enkwayab men èske sa tap rive yon lòt ankò? San konsèp lwa Wayòm nan, mwen pa tap kapab konnen kòman oswa ki lwa sa kite fè sèf lan parèt. Men, mwen tap gade devan poum teste

lwa sa yon lòt fwa ankò nan pwochen sezon sèf la.

### **Lafwa Toujou bay Rezilta Chak Fwa**

Pwochen sezon sèf la te pote chanjman paske nou te demanje al rete Owayo soti Tulsa. Demenajman sa, jou te pote pandanm fè aktivite djògin. Sentespri a te pale avèk mwen epi li te dim ke lè a te rive poum tal lakay mwen nan Owayo, epi se te la mwen ta pral fè travay-final mwen an.

Mwen tap viv nan Tulsa nan epòk sa pandan 10 lane, epi mwen te renmen Tulsa, men mwen pat kapab vin gen plis kè kontan parapò ak jan nou tap viv. Te vin gon mnk pou lwil oliv kite frape nou yon ane anvan sa nan Tulsa epitou epsyonèlman sa te difisil anpil paske ekonomi Tulsa prensipalman se te lwil oliv. Mwayen finansye nou te vin tounen yon katastwòf, epi nou te vin nan yon pozisyon nou pat menm kapab reponn ak bezwen nou yo. Yon nouvo depa se te yon bagay mwen te kapab eksite poum fè. Mwen pat konnen ke 9 ane ki tap vini yo ta pral pote plis estrès finansye toujou ke sa nou te konn wè nan Tulsa a.

Nou te demenaje ale Owayo nan kòmansman sezon lete a, epi mwen tap tann kisa Owayo te genyen pou nou. Byen rapid, nou te kòmanse biznis nou an yon lòt fwa ankò epi pote tout dèt nou yo ansanm avèk nou nan Owayo te bay anpil estrès.

Se vre, sezon sèf la te vin rive menm jan an tou ak nesans twazyèm pitit nou an kise, Tom. Tom te fèt sou dezyèm jou sezon sèf Owayo a, alòs sa plis ke parèt aklè, ke mwen pat gen okenn tan liv avèk ti bebe a ki tap vini an epitou ak biznis sa kite fenk kòmanse

Lòt bò lari a nan kay sa ke mwen te grandi a, mwen te woule sèk malgre mwen te nan lekòl segondè. Pwopriyete paran mwen yo te gen yon letan sou li, kite konnn nour

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

gras ak yon ti kouran dlo kite pase atravè fèm vwazen nou an epi kite vin tonbe nan letan pa nou an. Map oblije admèt, ke malgre mwen te konn mache nan ti kouran dlo sa a pandan anpil ane epòk mwen tap grandi, mwen pat janm wè yon sèf oswa menm rive wè yon sèl grenn anprent yon sèf sou tè sa. Men, map sonje pandanm mwen te nan inivèsite mwen te resevwa yon apèl telefonik de mwen frè an kite dim ke li te sezi wè yon sèf kote sa yon jou epitou kòman li te planifye poul al lachas pou sezon otòn ki tap vini an. Nou tou 2 te sezi. Mwen te fè yon lòt refleksyon pandan konvèsasyon an, ki ka gen 9 oswa 10 lane konsa anva sa.

Mwen sonje ki kote egzak ke li te dim li te wè sèf la, paske mwen te abitye anpil avèk ti kouran dlo sa. Li te endike ke li te wè sèf la kote ti kouran dlo a fann nan ak yon gwo pye erab te kanpe la. Apre sa, li te dim ke te gen yon pi piti pye erab bò kote pi gwo pye a, epitou li te vin wè ke li tap kapab itilize pye bwa ki pi piti a poul kapab monte sou sa ki pi gwo a, sa kite felpanse ke se ta fèp yon bon andwa poul chase sèf la.

Byen, frèm lan pat janm tire yon sèf nan ti kouran dlo sa, malgre li te dim ke li te rate youn yon fwa. Men, li pat ni retounen la ankò tou pandan plizyè ane, alòs mwen pat gen okenn lide si pye bwa a te toujou la oswa sim tap menm rive jwenn li nan fè nwa pou rive nan maten parapò ak plan lachas mwen te genyen an.

Poun fè bagay sa vin yon ti kras pi difisil, Owayo te gen yon lwa sèlman sou zam. Pat gen okenn fizi ke yo te bay pèmisyon pandan sezon sèf la, sse te èlman bal sèf ki soti nan yon zam nòmal. Mwen te sèlman genyen yon doub barik kalib-20 nan epòk sa epi mwen pat gen okenn konfyans kem tap kapab tire yon sèf avèk li sof si son distans 20 pye. Men se tout sam te genyen nan epòk sa, alòs se sa kite plan pa mwen.

Drenda ansanm avèk mwen te simen grenn pa nou an, mete men nou sou chèk la menm jan nou te fè ane anvan an, epi reklame mwen te gentan gen sèf sa dapre sa ki di nan Mak 11:24. Poum fè yon istwa long vin kout, sou katriyèm jou sezon zam Owayo a, premye jou mwen te soti a, mwen rekòlte yon bèf avèk yon sèf nan 40 minit konsa, tou 2 te soti nan 75-pye sa kite depase kapasite mwen menm avèk yon bon zam. Owayo te gen yon limit 2-sèf nan epòk sa, se poutèt rezon sa mwen te rekòlte 2 sèf sèlman ane sa. Se vre, mwen te gen 2 sèf nan 40 minit.

Yon fwa ankò, mwen te gentan konnen ke mwen te sou yon bagay. Men, nan moman mwen tap rekòlte sèf la, mwayen finansye nou yo te nan yon move pozisyon, avèk estrès sa ki tap toufe nou. Anreyalite, sa pot ko janm rive poum te aplike menm prensip sa yo nan finans pa nou yo.

## Twòp “Koyensidans”

Premye sezon fredy epi 12 pwochen mwa yo nan Owayo te terib anpil pandanm tap batay ak pwoblèm emosyonèl ekstrèm, atak panik, ak depresyon, jan mwen te gentan pataje sa nan entwodiksyon liv sa.

Se paske pwochen Novanm, anvan sezon sèf la, ke machin nou an te boule. Malgre mwen te wè rekòt sèf la pandan 2 pwemye sezon anvan yo, mwen pat gen okenn revelasyon sou Wayòm nan. Avèk machin lan kite boule a epi Bondye ki tap pale ansanm avèk mwen de Wayòm lan, mwen te vin reyalize ke te gen plis bagay toujou nan 3 istwa sa yo kem te panse pwemye fwa a. Mwen te santim ke mwen vin ankouraje anpil, men, malgrem te rive nan pwen sa, mwen pat gen okenn konsèp sou lwa Wayòm nan.

## **FRANCHMAN, BONDYE PRAL UTILIZE NENPÒT BAGAY LA POUL ATIRE ATANSYONW.**

Pwochen sezon sèf la te vin rive, epi mwen te gentan gen sèf mwen an nan anviwon 40 minit yon lòt fwa ankò, menm jan ak yon revèy. Nou te vin kòmanse ap wè Wayòm lan kap travay nan finans nou tou, mwen pral pale de sa nan chapit 2 a. Men pandan premye ane sa yo, mwen te kapab wè kèk bagay enkwayab.

Se vre, Bondye sanble te toujou la ap anseyem yon bagay ki nouvo lè li te vini nan lachas sèf mwen an. Mwen panse rezon an se paske sezon sèf la pat lòt bagay ke rekòlte, epitou sa te rive anba kontwòl epi yon kantite tan ki limite. Sezon zam nan Owayo anjeneral louvri pou sèlman 2 semèn. Avèk yon mod sezon rekòt kona ki konsantre, ou pat vle pèdi tan. Olye de sa, pifò chasè sèf yo te konsantre anpil avèk entansyon pou yo antre nan sezon an. Pifò nan yo pral pase plizyè èdtan ap siveye epi prepare pou opòtinite 2-semèn sa yo. Alòs, bagay sa fèt pou yon gwo laboratwa poun etidye Wayòm nan.

Alòs, padone tout istwa lachas sèf yo, men yo te gen anpil enpòtan pou mwen. Yo revele lwa sa yo ki kache ke mwen pa tap janm wè nan ka kontrè. Byen franchman, Bondye pral itilize nenpòt bagay la poul atire atansyonw. Li te itilize lapèch poul te atire atansyon Pyè, Jak ansanm avèk Jan nan Lik chapit 5 lan, lè yo te rive kenbe anpil pwason ke bato yo a te sou wout poul plonje. Sa fenk rive nan ka pam lan, Li te itilize lachas sèf.

Depi lè Bondye te fin pale ansanm avèk mwen de Wayòm lan nan chanm mwen an sa jou, apre mwen te fin wè machin lan kite boule a epi mwen te sonje lachas sèf yo, apre sa, koman Bondye te louvri yon pòt pou nou poun te kapab posede bon machin dezyèm

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

men sa mak Station wagon ki pa gen okenn dèt sou li, toudenkou, nou te vin konprann bagay sa. Drenda ansanm avèk mwen te lage tout kò nou ladanl.

Mwen te kòmanse etidye Bib la nan yon fason kite totalman nouvo. Mwen te rele tèt mwen yon syantis espiritiyèl. Mwen te kòmanse ap poze kesyon. “Poukisa sa tèt bagay rive? Poukisa sa tèt bagay pat rive?” Mwen tap chèche avèk anpil atansyon endikasyon sa yo ki nan lwa espiritiyèl yo dèyè istwa sa yo ke mwen tap li nan Bib la.

Bondye tap kontinye montrem kèk lòt bagay; yon fwa ankò, Li te itilize lachas sèf poul montrem plis bagay nan Wayòm lan. Pwochen istwa a vrèman kapte tout atansyonm. Se te yon lòt nan “Èskew te gentan wè sa?” moman sa yo.

Se te Halloween nan aswè, epi mwen te gen anviwon 45 minit konsa pou fanmi te pran direksyon poun tale legliz la nan yon fèt nou tap fè kòm yon altènativ parapò ak enspirasyon demonyak selebrasyon tradisyonèl la.

Drenda ansanm avèk mwen te gentan simen grenn pa nou an pou yon sèf, nou te mete men nou sou chèk la, epi nou te voyel nan yon ministè nou te kwè ke Bondye te montre nou, dapre sa ki di nan Mak 11:24 kèk semèn anvan. Se ta pral premye fwa ke mwen te soti pou sezon an, epi mwen te mete pyèj pou bèt sou tè nou te lwe a.

Malgre tan an tap bouskilem, depi lè Bondye te fin dim kijan poum te fè lachas gras ak lafwa, anjeneral mwen te toujou jwenn sèf pa mwen an nan apaerè 40 minit, alòs mwen te santi li tan an tap fèmen men mwen te gen ase tan poum te jwenn sèf pa mwen an. Jou sa anpatikilye, mwen tal kanpe dèyè pye bwa mwen an nan rakbwa sa yo kite dèyè ansyen kay kanpay nou an epim te grenpel monte. Mwen pa ko menm gen plis pase 10 minit lè mwen te wè yon sèf nan yon distans 200 pye kote mwen ye a ki ta pral antre nan bwa kay vwazen mwen an. Mwen te gentan konnen ke se te sèf pa mwen, men li ta prale nan move chemen an!

Sa se te sèlman dezyèm ane mwen nan koze lachas, epi mwen vreman pat konnen anpil sou sa. Mwen pat abiye ak kamouflaj, mwen pat posede yon gwondman animal, epitou mwen pat menm kapab tandè poum sèvi avèk odè poum te kapab rive atire sèf la. Pye bwa sa mwen te kanpe sou li a se te yon tablo ke mwen te kloure nan mitan 2 branch ki te ka apeprè 12 pye distans parapò ak tè a, sa ki fè siw ta konnen nenpòt bagay la sou lachas animal pandanw sou yon pye bwa, li vreman pat wo ase. Men, nan ane anvan an, premye ane mwen nan lachas animal, mwen te rekòlte 2 sèf pandan 2 fwa mwen te soti sèvi avèk lafwa mwen, epi mwen pat atann ke tap gen yon diferans pou ane sa.

Pandan mwen tap gade sèf la ki ta prale nan move direksyon an, mwen pat konnen kisa poum te fè, alòs mwen te kòmanse lapriyé. Toudenkou, mwen te tandè Sentespri a pale avèk mwen. Li te di, “Di sèf la vin jwenn ou.” Mwen te yon ti kras choke ak pawòl sa. Poum di sèf la vin jwenn mwen? Mwen te gentan konnen ke mwen pat sipoze rele byen fò, alòs mwen te jis di sa nan yon vwa konvèsasyon, “Sèf, kanpe la! Vire, vin kanpe anba pye bwa pa mwen an.” Sa parèt fou, pa vre? Pat gen apèl yon gwondman animal, pat gen anyen menm. Men, dezyèm fwa mwen te di sa, sèf lan te kanpe, li te gade tou 2 direksyon yo, apre sa, li te vire tounen epi li te kòmanse mache sotti nan 200 pye a vini nan direksyon mwen ye a. Menmsi rakbwa sa ke mwen te ye a te anviwon 400 pye konsa nan lajè, sèf la te mache dwat vin nan pye bwa pa mwen an, li te mache dirèkteman vin anba pye sa, epi li rete kanpe la.

Se vre, mwen pat kapab rate katouch sa. Waw! Èskem te fenk wè bagay sa? Sèf la tonbe anba mwen an gras ak yon grenn katouch kite byen tire. Mwen te gade mont mwen epim te reyalize ke sim te vle ale nan fèt la, mwen tap oblije kite sèf lan la jiskaske mwen te retounen epim ta pral metel nan depo a. Map admèt ke mwen tap panse sou sa te wè pandan kèk semèn apre sa. Men Bondye pat sispann kapte atansyonm.

Fèm sa nou te lwe a te gen yon riviyè ki pase ladanl epi anpil nan bwòs ansanm avèk li. Te konn toujou gen kèk bon lachas lapen. Jou sa anpatikilye, te gen nèt pandan nwit lan, epi nèt toujou rann li vin pi fasil pouw wè lapen yo. Mwen pat kapab reziste, alòs pitit gason mwen an Tim ansanm avèk mwen tap travay sou wout poun desann anba grik la, nou tap choute kèk pil bwòs pandan nou ta prale a, toudenkou, yon kòk lachas te vole soti nan bwòs la.

Owayo te gen yon sezon lachas kòk, men mwen pat janm te konn wè youn nan fèm lan, petèt yon grenn chak ane. Ok, pandan grenn sa te vole, mwen te eksite anpil poum te fon katouch dèyèl. Pandanm tire katouch la, zwazo a te sot tonbe men li tap kouri aprel te fin tonbe atè a. Imedyatman, mwen te gentan konnen kisa poum te fè. Mwen te pike zèl li. Zwazo a tap kouri avèk tout fòs li poul te gentan moute ti mòn lan epi soti nan grik la, epi yon kòk laachas kap kouri jiska 35 kilomèt chak inèdtan. Se vre, avèk nèt la, li pat kapab ale vit konsa, men li te ale vit kanmenm.

Paske riviyè a te nan fon yon ravin byen long, mwen te kapa wè chak grenn mèt kare ti mòn lan. Ti mòn lan te konn itilize poun grandi gazon pandan ane anvan an, alòs li te plat anpil epitou se te pa okazyonèl touf zèb yo te kole la.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Pandan zwazo a tap monte ti mòn lan, mwen te gentan konnen pat gen okenn fason an mwen tap kapab rive kenpe li, epitou li te gentan soti nan liy poum ta tirel ak yon katouch. Men toudenkou, mwen te vin sonje sèf la, kijan li te vin jwenn mwen lè Mwen te pale avèk li a. Alòs, se konsa mwen te rele byen fò, “Kòk lachas, KANPE LA!” Aprem te fin di pawòl sa, kòk lachas lan te disparèt. Mwen te vin wè aklè, yon lòt pèspektiv ki louvri sou ti mòn lan nèt, sa kite kouvri ak nèj avèk sèlman yon ti touf zèb okazyonèl kite rete anlè nèj la, ki pot ko ale. Tim te rele, “Ki kote bagay sa ale, papa?” “Mwen pat konnen,” se sa mwen te reponn li.

Alòs, nou te kòmanse swiv tras li kite moute sou ti mòn lan, epitou nou te jis wèl chita la ak ti tèt li foure anba nèj la. Mwen te panse, “Ok, èske mwen te frape li epi li te kouri jiskaske li vin mouri la?” Mwen te desann epim te pwan zwazo a, epi li te pouse yon kri, li te bat zèl li, yon kòk sovaj. Li te vivan toujou! Jou lannwit sa apre mwen te fin touye a zwazo, mwen te gade li sou byen anpil. Pat gen okenn mak grafonyen sou zwazo a, men mwen te wè kote sa ke mwen te koupe zèl dwat la tout bon vre. Alòs, zwazo a te vivan tout bon vre men li te rete kanpe la menm moman mwen te dil, “Kanpe a!”

Wi, Seyè, ou gen tout atansyon mwen!



## CHAPIT 2

# YON NOUVO FASON POUW PANSE

Pandan Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse wè Wayòm nan kap opere nan lavi nou, nou te jis pat kapab sispann pale ak lòt moun de wayom lan. Nou te gentan konnen ke nou te sou yon wout ki enteresan poun dekouvri nouvo bagay epi jwenn delivrans. Mwen toujou tap vann asirans ak diferan kalte sekirite yo, men mwen te santi gon bagay ki tap chanje. Mwen pat konnen kisa te ye, men mwen te gentan konnen ke ta dwe gen repons pou mwen mwayen finansye mwen yo menm jan mwen te konn wè pou lachas sèf mwen an epitou jan mwen te wè sa nan posede bon machin mak station wagon dezyèm men sa. Mwen te gentan konnen ke mwen te bezwen plis toujou ke jis posede yon bon machin dezyèm men, malgre mwen te eksite anpil poum te genyen li.

Mwen te gen anpil dèt toujou nan istwa pa nou an malgre nivo sa. Mwen te vle libere nèt anba dèt men mwen pat gen okenn lide de kisa poum chanje. Menmsi mwen pat konnen kisa poum te chanje, mwen te sèten ke mwen ta pral chèche konnen. Mwen te gentan konnen ke mwen te dekouvri repons pa mwen an, men yon fwa ankò, mwen te bezwen aprann plis toujou sou kòman poum te kapab pran iamj sa yo kem te wè nan Bib la epi fè yo manifeste kounye a nan lavim. Biznis mwen an, fason li tap mache nan epòk sa, te kapab petèt kouvri kèk ti depans poun viv. Men li te miyò pase lè nou tap tonbe pi fon toujou nan dèt chak grenn mwa.

Drenda ansanm avèk mwen te kontinye ap li Bib la epi chèche gen plis endikasyon konsènan fonksyon Wayòm nan. Nou te simen lajan nou pou mwayen finansye sa yo ke nou te bezwen yo tou.

Aprè sa, yon jou swa, mwen te fè yon rèv. Nan rèv la, mwen te wè yon cheni ki tap rale monte tou dousman nan pye yon plant. Aprè sa, li te rale soti nan yon tij epi tise yon kouvèti. Menm moman an, te vin gen yo bèl papiyon ki soti nan kouvèti a, aprè sa, li te vole lale. Te vin gon vwa kite di, “Se konsa biznis ou an dwe ye tou.”

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an**

Mwen te reveye, mwen te konprann kisa rèv sa te vle di. Yon cheni kapab rale sèlman epitou fason li te konn viv lavi li te gen anpil limit, anjeneral lap viv sou menm plant sa pandan tout lavi li. Men, te vin gon transfòmasyon ki rive kite chanje potansyèl epi tout lavi cheni sa. Li te transfòme tèt li poul vin yon papiyon, sa kite pèmèt li vole nenpòt kote li vle ale a. Gen kèk lòt, tankou Monak la, kap vole plizyè milye kilomèt pou evite mwa ivè yo nan emisfè nò a. Malgre ke nan epòk mwen te fè rèv sa mwen pat konnen kijan transfòmasyon sa ta pral rive fèt, mwen te gentan konnen ke Bondye tap montrem ke sa ta pral rive. Mwen te pran kouraje.

### **Yon Dekouvèt Enkwayab**

Janm tap pratike depim te retounen Owayo a, mwen te kapab fè 90 apèl ki pat enteresan chak jou nan maten. Mwen swete ke mwen te kapab diw mwen te gen yon gwo sistèm poum te fè apèl sa yo, men byen franchman, mwen jis ale nan kaye adrès telefòn nan chak jou (sa a tse e anvan lis Pingaw Relem nan).

Paske mwen te yon vis prezidan rejyonal pou konpayi sa ke mwen ta ptravay la, fonksyon prensipal pa mwen an se te anboche epi fòme nouvo reprezantan lavant yo. Mwen te konn rele epi di yo ke konpayi mwen an tap agrandi nan Owayo, alòs mwen tap apèl kèk moun nan zòn lan poun wè si yo pat konnen kèk grenn moun ki ta kapab enterese. Pi souvan, se nan mesaj vokal mwen te konn tonbe epi mwen te konn kite yon mesaj. Si moun sa ta gen yon kèlkonk enterè, yo tap tounen relem. Lèw fin fè 90 apèl nan yon jou, mwen te kapab espere pwpgrame 2 oswa 3 entèvyou ak yon grenn vant.

Se atravè pwosesis sa mwen te rankontre avèk David. Nan pale ansanm avèk li nan telefòn, li te eksprime dezi li poul te jwenn yon nouvo domèn poul fè karyè epitou li te enterese vin wè kisa mwen te genyen poum ofri. Mwen te ofri poum te vin pale ak li lakay li nan aswè, epi li te dim ke se tap yon bon bagay. Pandanm te chita ansanm avèk li epi madanm li, mwen te kòmanse poze tout kesyon nòmal yo sou kote li tap travay kounye a, poukisa li te vle chanje karyè, ak nan ki nivo yo te ye finansyèman. Anjeneral mwen toujou mande kandida a ki potansyèl yo nan finans pèsònèl yo paske si, an reyelite, yo te deside ke yo pat gen yon enterè pou konpayi an, Lè sa, mwen tap apwoche yo kòm yon potansyèl achtè. Alòs, rasanble done finansye moun sa yo te pèmèt mwen jwenn lide

konbyen asirans yo ta dwe konsidere epi rive wè ki lòt kalte pwodwi asirans ke yo petèt te gentan genyen.

Nan sezisman mwen, pandan nou tap diskite sou kondisyon finansye aktyèl yo, madanm lan te kòmanse ap kriye nan dezespwa. Finans moun sa yo te tèt anba, epi yo pat gen okenn lide sou kisa pou yo te fè oswa kisa pou yo te chanje. Mwen vin reyalize ke pwoblèm pa yo se pat yon pwoblèm asirans. Yo tap pito bezwen ogmante lajan kach yo epitou pou yo soti anba dèt, konsa mwen te vin mansyone Wayòm Bondye a epi kijan Drenda ansanm avèk mwen tap aprann kijan li fonksyone. Mwen te asire yo ke mwen tap fè tout sa mwen te kapab poum ede yo epim tap gen poum rankontre avèk yo ankò nan yon semèn poun diskite parapò ak nenpòt chanjman ke yo tap bezwen pou yo aplike.

Sou wout poum te tounen nan biwo a apre rankont sa, mwen te boulvèse. Ta sipoze gen yon bagay ke mwen te kapab fè!

Aprèm te fin rive nan biwo a, mwen te chita nan biwo a epi toudenkou mwen te vin gen yon ide. Mwen tap chèche yon opsyon pou nenpòt pwodwi oswa sèvis ke yap itilize ak èspwa ke mwen tap jwenn menm sèvis sa men nan yon ti pri ki pi ba. Objektif pa mwen se te wè konbyen lajan mwen tap kapab rive libere, lajan ki ta pral kapab itilize pou yo redwi nan dèt yo. Bagay sa yo se te nan jou anvan nou te Entènèt, alòs tout rechèch mwen tap fè yo se te nan Paj Jòn yo epi kèk apèl telefònik.

Aprè yon semèn, mwen te fin verifye tout pri chak pwodwi yo oswa sèvis ke yo tap itilize yo epitou mwen te byen sezi wè rezilta mwen te jwenn lan. Lèm te fin reranje oswa ranplase founisè ak machann aktyèl yo gras ak lòt konpayi kite mwens chè, mwen te rive libere plis pase \$600 chak mwa kòm lajan kach. Apre sa, mwen te pran kalkilatris finansye mwen an epim te aplike lajan kach sa ki libere a nan estrikti dèt aktyèl yo epim peze bouton egal la.

Pandan nimewo a te parèt nan ekran an, mwen te chita la avèk gwo sezisman. San mank, sanble mwen te fè yon erè nan kalkil la. Kalkil mwen an te montrem ke koup sa tap kapab soti anba dèt konplètman nan mwens pase 7 lane, kite gen ladan tou ipotèk kay yo a, san yo pat chanje revni yo. *Enposib*, se sa mwen te panse. Alòs, mwen te tounen travay sou nimewo yo ankò epi rezilta yo te banm menm bagay la.

Aprè sa, mwen te ale nan tiwa ki gen dosye mwen yo epim te rale kèk nan dosye lòt kliyan mwen yo epim te travay sou yo pandan semèn sa. Menm jan avèk kliyan aktyèl sa, chak grenn nan yo tap kapab rive soti anba dèt konplètman nan 5 a 7 lane yo, sa gen ladanl tou ipotèk yo, san yo pat bezwen chanje revni aktyèl yo. Èske bagay sa te posibil, mwen te

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

gentan konnen tou kel te posib, poukisa pat gen yon moun ki tap di pawòl sa byen fò kanpe sou do kay yo? Mwen te ekri yon fèy ki chaje enfòmasyon pou kliyan mwen an ki tap montre yo kijan yo te kapab soti anba dèt konplètman nan mwens pase 7 lane. Mwen te eksite anpil poum te rankontre avèk yo epi montre yo sa mwen te dekouvri, epi mwen te anvi wè kijan yo tap resevwa enfòmasyon sa yo.

Pandanm te chita la ansanm ak Dave epi madanm mesye sa, mwen tale nan nimewo yo grenn pa grenn pou chak atik poum eksplike yo kijan lajan an tap kapab libere. Mwen fè espere mwen pat kite yo wè rezilta final yo jiskaske mwen te fin wè chak grenn atik yo konplètman ki tap kapab pèmèt yo libere lajan kach la. Pandan tout prezantasyon mwen an, kliyan mwen yo te chita la yo tout te prèske nan chòk. Nan pèspektiv pa yo, pat gen okenn lajan ak okenn fason pou yo te soti anba dèt—pou tout tan! Pandanm te vire sou dènye paj la, poum te montre yo ke yo tap kapab libere nan mwens pase 7 lane, enkli ipotèk kay yo a, toudenkou, dlo tap soti nan zye mari a. Li te tèlman eksite. Kounye a, dlo tap soti nan zye yo tou 2 epi yo te remèsyem plizyè fwa paskem te vini an. Apre sa, mwen te pase kèk tan ap pataje ansanm avèk yo tout sa Bondye te revelem ak bagay sa yo ke mwen te aprann jiska prezan konsènan Wayòm Bondye a. Yo tout la tap koute!

Mwen pat fè menm yon santim avèk kliyan sa, men mwen pat janm konn kontan nan nivo sa avèk yon kliyan anvan sa; kounye a, lidem tap vire yon milyon kilomèt chak inèdtan. Mwen te vle fè menm bagay sa ke mwen te fenk sot fè a pou chak grenn kliyan mwen te wè, epitou mwen te mande Senyè a bon konprann sou fason poum te kapab fè lajan ak pwosesis sa. Mwen te gentan konnen se sa ki ta pral nouvo modèl biznis mwen an sim ta rive konprann kijan poum te fè nenpòt kantite lajan fan ak model sa. Apre kèk esè epi kèk erè tou, nou te jwenn yon fason poun ofri plan nou yo gratis bay nenpòt moun kite mande sa epitou pote lajan kach nan biznis nou an atravè yon sistèm referans nou te kreye. Bagay sa te twò bon pouw kwè, Drenda ansanm avèk mwen te eksite anpil.

Mwen te gentan konnen ke sa se te transfòmasyon mwen te wè nan rèv la. Malgre ke mwen te gentan konnen tou se nan etap kouvèti rèv la ke nou te ye, mwen te tèlman pare poum vole! Te gen anpil bagay ke mwen te dwe aprann toujou poum te kapab vole tout bon vre, men tou, mwen te konnen mwen te sou bon chemen an.

Nou tal enrejistre nouvo konpayi nou an epi nou te relel Faith-Full Family Finances paske nou te gentan konnen ke se te avèk lafwa, finans ou tap rete ranpli; epi se te mesaj sa ke nou te vle pataje tout bon vre, nou te ofri plis pase senp repons finansye yo. Nou te kenbe non sa pou plis pase 20 lane men wap reyalize ke non sa se te yon non kretyen san

## YON NOUVO FASON POUW PANSE

okenn dout, epitou nou te vle rive jwenn plis moun ki pat kwayan, alòs nou te deside chanje non an epi relel Forward Financial Group, se non sa li genyen jounen jodi a. (Anpasan, nou toujou fè plan sa yo poun libere anba dèt yo ansanm ak ede moun evite risk mache a pou kont retrèt yo. Ou kapab kontakte Forward Financial Group nan sit entènèt nou an kise [Forwardfinancialgroup.com](http://Forwardfinancialgroup.com).)

Malgre ke nou te toujou anba gwo dèt nan moman nou tap lanse konpayi nou an, nou te gentan konnen nou tap dirije nou nan bon chemen an. Konpayi an te fè yon gwo siksè, epi Drenda ansanm avèk mwen te vin libere anba dèt nan apeprè 2 lane edmi. Mwen pa kapab diw kijan sa te enteresan! Toudenkou, lavi nou te sispann anvayi kòm yon sivivan, epi vizyon te kòmanse ap parèt anndan nou.

Peye avèk lajan kach yon nouvo machin se te bèl bagay. Achte ak peye avèk lajan kach 55 kawo tè nan kèk pati ki pi bèl nan Owayo te depase tout mo nou ta kapab di. Bati kay nou te toujou reve a sou 7,700 pye kare epitou rive peye tout bagay te plis ke enkwayab! Mwen pap janm bliye lèm te kanpe la ansanm avèk Drenda ap gade sousòl nouvo kay nou an ke yo tap fouye. Sousòl la te pi gwo pase ti kay kapay sa annantye ke nou tap viv la. Nou tou 2 te kanpe la epi dlo tap soti nan zye nou pandan nap gade bagay sa. Nou tap gade 9 ane lanfè sou Latè sa yo ki tap pase dèyè nou. Konnen ke bagay yo pa tap janm menm jan an ankò. Nou te dekouvri Wayòm Bondye a, kounye a nou te gentan konnen poukisa pwofèt Ezayi te rele bagay sa bòn nouvèl.

*Lespri Seyè a sou mwen, paske Seyè a te chwazim poum anonse bòn nouvèl la bay pòv yo.*

— Ezayi 61:1

Poum onèt avèw, Drenda ansanm avèk mwen te oblije ap zongle tèt nou ankò ak ankò paske te gen bagay enkwayab ki tap pase. Lèw konplètman soti anba dèt nan tan pase yo se te yon rèv enposib, men kounye a li te vin yon reyalite!

Tandem, mwen pa tout bon sa vre! Ou te gentan wè dosye mwen an. Mwen tap eseye nan fason pam pandan plizyè ane, mwen tap travay di pou anyen men se te doule kè fè mal epi estrès. Mwen tap aprann kijan poum te viv lavi dapre fason pa Bondye a, jwenn, epi jwenn sa wap chèche a. Men, pwemye bagay ou dwe reyalize ke mwen te antre nan yon nouvo sistèm, yon nouvo Wayòm, ak yon nouvo fason poum viv lavi konplètman.

Sa se repons paw tou. Sa se repons kew bezwen an. Sa se bòn nouvèl ou tap tann lan. O wi, mwen konnen, legliz ou an pap anseye mod bagay sa yo. Ok, pam lan pat konn fè sa tou, men tout bagay sa yo se nan Bib la yo ye.

### **Bondye Bon—Tout Tan**

Alòs, kitem baw yon gwo kle pouw konprann sa map di a—jete relijyon an! Sa se pa yon pwoblèm relijye. Sa gen rapò ak Bondye, bagay ke Li vlew genyen, ak kijan Li te peye pri a atravè Jezi poul ba ou Wayòm nan. Alòs, an nou fouye nan Wayòm nan ak chèche konnen kijan li fonksyone.

Pandan Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse wè Wayòm Bondye a kap fonksyone nan lavi pa nou, plizyè fwa, nou te sezi akòz bagay ke nou tap wè yo. Nou te reyalize ke majorite kwayan yo pat gen okenn ide sou kijan wayòm lan tap travay.

Kòm egzanp, mwen te fenk li yon gwo tit de yon timoun 7-lane kite mouri sou tab operasyon pandan yon amigdaltomi. Menm si yon operasyon sa se te yon operasyon tout komen epi anjeneral ki pat gen risk, kè li te jis kanpe pandan operasyon an, se te yon rezilta kite bay anpil lapenn. Mwen panse ke kè nou tout te lage yon soupi jis paske nou te tande sa kite rive a. Sepandan, jan evènman an te sa trajik la, te gen yon lòt pati trajik nan istwa a kite kapab afekte fanmi an tou pou tout rès lavi yo. Kitem site kisa papa a te di yon repòtè, map ekri la.

“Ou pap konprann poukisa bagay sa yo rive, men nou konnen se plan pa Bondye. Epi se sèl grenn bagay ki kapab fè nou pase, paske nou konnen se te Bondye.”<sup>3</sup>

Kitem site tou Green Bay Packers, ki se yon quarterback nan ekip Aaron Rodgers a ki gen istwal ki parèt 22 janvye 2020, nan *People* magazin.<sup>4</sup>

Rodgers eksplike ke li tap poze kesyone sou relijyon kòm yon jenn timoun epi depi lè sa li te gen rapò ak yon “diferan kalite espiritualite” pandan lap

---

3 <https://nypost.com/2020/02/26/7-year-old-south-carolina-girl-dies-during-tonsillectomy>

4 <https://people.com/sports/aaron-rodgers-opens-up-about-religion-to-danica-patrick-i-dont-know-how-you-can-believe-in-a-god>

vin pi gran. “Pifò moun ke mwen te gentan konnen, legliz se te jis ... ou te jis oblije ale.” Li te konn di tou, “Mwen pa konnen kijanw kapab kwè nan yon Bondye ki vle kondane pifò planèt la nan yon lanfè dife. Ki kalite lanmou, sansiblite, ki toujou prezan, ki konnen tout bagay kap vle kondane bèl kreyasyon li an nan yon lanfè dife nan fen tout bagay sa yo?”

Kòmantè sa yo parèt fou! Men, si se sa yo te kwè de Bondye, ou ta sipoze dakò, kiyès moun ki tap dakò fè konfyans oswa gen anvi sèvi yon Bondye kite vle pran pitit fi-7-lane yo a? Okenn moun! Epi kiyès moun ki tap vle sèvi yon Bondye ki “vle” kondane pifò planèt la pou ale nan lanfè? Okenn moun! Men, se nan sa majorite kretyen yo kwè. Ou te konn ap tandè pawòl sa pandan tout laviw: “Bondye te bay pèmasyon pou sa”, “Se Bondye kite fè sa”, “Se te plan pa Bondye,” “Se te tan pa yo pou yo tale,” ak anpil lòt deklarasyon konsa ankò. Anreyalite, mwen pral parye kew petèt ap panse menm bagay lan la. Alòs, mwen pral kategorik. Siw kwè tout bon vre ke se konsa Bondye ye, ke li vle touye yon timoun oswa bay yon moun kansè, apre sa, nap bezwen fè yon konvèzasyon ki pi serye. Kitem diw sa nan fason sa:

### **OU PAP JANM KWÈ YON MOUN KEW PA FÈ KONFYANS!**

Si yo te konn anseyew pouw pa fè Bondye konfyans, ke Li konn touye moun inosan, epi siw dakò ke Li se Kreyatè ki gen tout-pouvwa nan linivè a, lè sa nap bezwen fè tout sa nou kapab pou nou rete bò kote Li. Sa se moun yo te konn fè nan tan lontan pandan peryòd kilti primitif yo. Yo tap fè tout kalite ofrann pou yo kapab soulaje kolè Bondye. Yo tap mete tèt yo anba tout kalite restriksyon, menm rive koube yo anba divès kalite doule, pou montre ke yo te koube yo tout bon vre devan Li epi, avèk lespwa ke, tap evite kolè Li. Men, èske sa se karaktè Bondye nan Bib la reyèlman? Èske nou dwe viv nan krentif pou Bondye? Non, verite a se non. Konsèp ke Bondye kont nou an oswa li pa moun poun fè konfyans lan se rezilta move ansèyman kite kòmanse nan Jaden an ansanm avèk Adan epi Èv.

*Kounye a, sèpan an te pi rize pase nenpòt lòt bèt nan bwak Senyè Bondye nou an te fè yo. Li te di fanm lan, “Èske Bondye te di tout bon vre, ‘Ou pa dwe manje nan okenn pyebwa ki nan jaden an?’”*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

*Fanm lan te di sèpan an, “Nou gendwa manje fwi pyebwa ki nan jaden an, men Bondye te di, ‘Ou pa dwe manje fwi nan pyebwa ki nan mitan jaden an, epi ou pa dwe touche li, sinon wap mouri.’”*

*Sèpan an te di fanm lan, “Ou pap mouri tout bon vre”. “Se paske Bondye konnen siw manje ladanl, zyew ap louvri, wap tankou Bondye, wap konnen sa ki byen ak sa ki mal.”*

*Lè fanm lan wè ke fwi pyebwa a te bon poul manje, li te fè zyel plezi, epi li te bal anvi poul te vin gen bon konprann, li pran kèk epi li te manjel.*

— Jenèz 3:1-6

Satan te toujou ap simen dout sou sa ki se karaktè Bondye depi nan kòmansman. Etranjman, Èv te gentan gen nenpòt kalte sajès ke li te kapab santi li te manke nan relasyon li an ansanm avèk Bondye, Li menm. Poutan Satan te kapab konvenk Èv ke gen yon bagay li te manke ke Bondye te anpechel konnen. Adan ansanm avèk Èv te kwè nan yon manti ki bay sou Bondye epi yo te vle voye jete pozisyon yo a nan Wayòm an pou yo tal swiv yon lòt wayòm ki diferan. Yo te kwè ke Satan te kapab ofri yo yon pi bon avni. Se vre, desizyon yo a te sèlman pote doulè, lapenn epi lanmò.

Taktik Satan yo pa janm chanje, epi sa pa etonem ke pi gwo sib li se legliz la menm. Paske legliz la te gentan gen otorite pou mete Satan anba pyel epi bat li sou tout rebò, sèl grenn zam li yo menm jan sa te toujou ye, se twonpri ak manti.

### **Karaktè pa Bondye a**

Konsènan avni ak pwovizyon paw, sa se sijè ki pi enpòtan nap bezwen atake anpremye, karaktè pa Bondye. Si nou pa rezoud pwoblèm sa, apre sa ou kapab jis depoze liv sa yon kote menm ak nenpòt lòt liv sou kòman pouw vin rich. Espwa pam se pouw banm ase tan poum mennenw atravè liv sa. Mwen espere reyèlman kew vle libere finansyèman epiw dezire jwenn sajès ak konesans. Fwa sa, ansèyman an pa soti nan mantè a, ki se Satan, kite twonpe Adan ansanm avèk Èv, men yo soti nan Bondye, Li menm.

Premyèman, mwen ka konprann poukisa ou santi ke Bondye bay pèmision pou move bagay rive. Sam vle, si Li se Bondye, epi Li gen pouwva poul fè nenpòt sal vle a, pa vre? Alòs, si timoun 7-lane a mouri epi Bondye te gen pouwva poul kanpe sa, epitou



Li dwe te kite sa rive. Ok, deklarasyon sa se sèlman yon pati nan verite a. Malgre Bondye te gen pouvwa poul te kanpe sa, li pat gen okenn jiridiksyon legal poul te kanpel. Map antre nan pwoblèm jiridiksyon sa nan pwochen chapit la, men map bezwen adrese pwoblèm karaktè a anpremye epi apre sa asirem kew konnen, san okenn difikilte oswa dout, ke Bondye bon epi Pawòl Li se laverite.

Ou kapab ap mande poukisa bagay sa enpòtan konsa. Pandan nap antre pi fon nan liv la, mwen pral pale sou lwa yo nan Wayòm lan, fonksyon yo, ak kòman lwa sa yo te liberem anba lanfè finansye mwen tap viv la. Siw pa fè Wa a konfyans, Li menm, apre sa lwa Li yo pap vle di anyen pou ou.

Sonje sa byen, premye dekouvèt mwen nan vwayaj sa se te Wayòm Bondye a se yon gouvènman. Gouvènman sa gen yon Wa kap fikse lwa yo nan Wayòm nan. Lwa sa yo pote benefis ak responsablite pou sitwayen sa yo kap viv nan Wayòm nan. Yap pwoteje epi garanti chak grenn sitwayen nan Wayòm lan sa ki se volonte Wa a pou lavi yo. Pouw sa konprann karaktè Wa a se avantou baz pouw konprann lwa yo nan yo menm.

Jan mwen te gentan di sa anvan an, depim te fin konprann ke Wayòm Bondye a se yon gouvènman ki gen lwa ak benefis legalman pou chak grenn sitwayen Wayòm nan, mwen te vin yon syantifik esprityèl. Apre sa, mwen te gentan konnen ke dèyè chak grenn aksyon Wayòm nan, te gen yon lwa esprityèl ki pouse li. Apre sa, mwen te vin gen lespwa. Mwen te kapab aprann lwa sa yo! Nenpòt moun kapab tou! Se bagay sa ke Keith ak Kathy te vin konnen.

### **4 Ane Te Chanje Lavi Yo**

Keith ak Kathy te jis gen yon salè nan yon travay nòmal, yo tap viv yon vi nòmal. Yo te fèk achte yon nouvo kay nan peryòd Keith te fenk pèdi travay li. Sepandan, Keith te tande pale de emisyon Televizyon *Fixing the Money Thing* (*Fikse Pwoblèm lajan an*) yon lane anvan sa epi li te pase tan ap etidye epi medite sou kèk nan materyèl mwen yo, aprann sou Wayòm nan ansanm avèk dwa legal li yo antanke yon sitwayen.

Apre ke li te fin pèdi travay li a, li te lapriyè pou sa epi li te deside ke olye pou lal chèche yon lòt travay, li tap kòmanse pwòp konpayi kamyon pal. Li te admèt kel vrèman pat konnen anpil bagay sou kòman moun fè biznis, men li te santi li tap kapab aprann. Li te kòmanse biznis bwote a avèk yon sèl kamyon epi li tap bwote machin ak nenpòt lòt bagay li te kapab jwenn poul bwote a. Pandan Keith avèk Kathy te kontinye ap aprann, te

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Pwovizyon an

vin gen yon nouvo opòtinite kite parèt pou yo kòmanse ap transpòte bagay pou yon konpayi nasyonal kite bezwen èd. Sa se te yon gwo etap pou Keith, epitou opòtinite sa te egzije poul te posede pwòp traktè pal anplis poul te aprann plis bagay sou lwa konsènan biznis transpò kamyon an—li te aksepte men li te fè Bondye konfyans pou dirije li.

Depi lè sa, konpayi an te dekolè. Kounye a, li gen 8 traktè kap fonsyone tout tan chak jou. Keith te dim ke nan travay antrepriz li a, li te konn fè apeprè \$1,500 chak semèn.

### **NENPÒT BAGAY OSWA NENPÒT MOUN KI DIW KE BONDYE PA BON, SE MANTI LAP BAW!**

Premye ane pwòp konpayi kamyon li an, Keith dim ke li te fè prèske \$4,000 chak semèn.

Dezyèm ane a, Keith rive nan plis pase \$15,000 chak semèn. Ane ki tap vini an, li te rive nan \$25,000 chak semèn, epi nan lòt ane li te fè plis pase \$38,000 chak semèn. Keith te soti nan fè

\$78,000 nan yon ane pou rive nan 2 milyon dola chak ane pandan 4 lane!

Mwen te resevwa yon tèks mesaj de Keith pandanm tap ekri chapit sa. Li te dim ke li te fenk oblije anboche 4 lòt chofè, epi kantite lajan kach li kounye a se \$70,000 chak semèn. Soti nan \$78,000 yon ane pou rive \$70,000 chak semèn pandan yon peryòd 4 lane! Bagay sa atire atansyonm! Keith ak Kathy espere jwenn pi gwo bagay toujou nan jou kap vini yo pandan yap planifye kounye a pou yo kòmanse 2 lòt konpayi.

Siw ta mande Keith ak Kathy kijan yo te rive akonpli bagay sa yo, yo tap diw ke tout kredi a soti nan aprann kijan Wayòm lan fonksyone.

Premye bagay ke Keith avèk Kathy tap diw se, yo te oblije voye jete anpil nan tenten relijyon te konn anseye yo pandan tout lavi yo de Bondye ak sou fason Bondye travay. Youn nan kle ke yo te oblije fokis sou li se ke Bondye bon, LI TOUJOU BON, epi li PAP JANM bay manti. Nenpòt bagay la oswa nenpòt moun ki diw ke Bondye pa bon, se manti ke li ye!

*Pinga nou twonpe tèt mwen, frèm ansanm ak sè mwen yo. Tout kado ki bon ak bagay ki san tach soti anwo, yo desann sou tè a soti lakay Papa a kise limyè kap klere nan syèl la, ki pap chanje tankou lonbraj kap deplase.*

— Jak 1:16-17

Dezyèmman, yo tap diw tou ke yo te oblije aprann bay nan yon fason ki konplètman nouvo. Sipòte asiyasyon Bondye yo avèk lajan nan pòch yo se yon kle esansyèl nan sikse pa yo a.

Bib la klè sou sa. Lè wap blame Bondye pou bagay terib ki rive moun yo pa kòrèk. Bib la di se Satan ki vin poul touye, vòlè ak detwi.

*Vòlè a vini sèlman poul vòlè, touye epi detwi; Mwen menm, mwen vini pou yo kapab gen lavi, epi genyen li konplètman.*

— Jan 10:10

Gade byen, kisa Jezi te di apre premye deklarasyon an, “Mwen menm, mwen vini pou yo kapab gen lavi epitou pou yo genyenl konplètman,” oswa gen kèk vèsyon ki di lavi “‘anna abondans”. Bondye se pa lènmiw. Men, siw ta panse ke Li se enmiw, men dapre Jak 1:16, gen yon moun kite twonpew. Ou pral oblije mande tèt ou ki moun kite diw ke Bondye tap bay manti. Kiyès kite diw Bondye te konn touye timoun ki gen 7-lane sa? Kiyès moun sa kite diw ke Bondye pafwa konn geri epi kèk lòt pafwa Li chwazi pa fè gerizon? Petèt mwen kapab devine—gen kèk predikatè ki pat konnen anyen ki pi bon pase sa. Men, men yon deklarasyon kew bezwen kenbe avèw siw pral resevwa yon bagay nan men Bondye. Bondye pa konn bay manti! Anreyalite, Bib la di ke sa enposib pou Bondye ta bay manti (Ebre 6:18).

Yon fwa ankò, rezon ki fè gen moun ki kwè ke Bondye pa bon tan yo se paske yo pa konprann sistèm legal Wayòm lan nan domèn tè a. Kòm mwen te gentan mansyone sa byen bonè nan chapit la, nou pral fouye plis toujou nan bagay sa nan pwochen chapit la, epitou se pral repons yon pakèt nan kesyonw yo. Men, siw vle konprann kijan Wayòm lan fonksyone, ou dwe konnen Bondye bon epi li pap janm bay manti.

### **Pèmanans Wayòm Bondye a**

Ann tounen dèyè nan lekòl segondè, mwen te aprann yon leson ke mwen panse ki kapab aplike nan pati sa. Yo te anseye nou ke lè wap fè fas avèk yon sibstans fizik, gen kèk atribi ki pap janm chanje epi yo pèmanan. Ou gentan devine sa! Lwa sa yo nan fizik la rele konstan. Kòm egzanp, tanperati ki lakòz dlo friz a yon nivo 32 degre. Sa se yon konstan; li pap janm chanje. Se konsa tou, lefèt ke Bondye bon sa se yon konstan tou ki pap chanje. Alòs, konsènan dlo a, ou tap kapab itilize konstan tanperati lè dlo a fè glas nan tout ekwasyon ki gen rapò avèk dlo.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Menm bagay lan tou aplike poun kapab konprann karaktè Bondye. Siw konnen Bondye bon epi li pap janm chanje, ou pral vin gen kapasite pouw entèprete pasaj ekriti biblik yo atravè lantiy konstan sa. Kòm egzanp, ann gade nan Egzòd 4:11-12 nan vèsyon King James lan.

*Seyè a te di li, Kiyès moun kite fè bouch lèzòm? oswa kiyès ki fè moun bèbè, ki fè moun ki soud, moun ki wè yo oswa moun ki avèg yo? Èske se pa mwen menm, Seyè a?*

—Egzòd 4:11-12 (KJV)

Lèw fenk gade sa, ta sanble ke Bondye fè espere li fè moun avèg epi li fè yo pa kapab tandè. Men, nou dwe sonje konstan pa nou an—ke Bondye bon tout tan. Ann fon koudèy nan menm Vèsè a men se nan yon vèsyon ki diferan.

*Aprè sa, Seyè a te mande Moyiz, ‘Kyèsi moun kite fè bouch lèzòm? Kiyès kite kapab deside si moun ap ka pale oswa pap ka pale, si lap ka tandè oswa sil pap ka tandè, si lap kapab wè oswa sil pap kapab wè? Èske se pa mwen menm, Senyè a?’*

—Egzòd 4:11 (NLT)

Kontèks ki degaje nan pasaj sa, se ke Bondye te rele Moyiz poul tal jwenn pwòp pèp pa li a, moun Ebre yo, epi li te di yo ke Bondye te relel poul tale bò kote farawon an poul te mande poul libere Ebre yo. Men Moyiz te reponn Bondye, ‘E si pèp Ebre a pat kwè kew te parèt devan mwen? Alòs, Bondye te dil kèk fason poul te pwouve mesaj sa ba yo. Aprè sa, Moyiz te lapriyè nan pye Seyè a,

*‘O Seyè, mwen pa twò fò nan byen itilize mo yo. Mwen pat ko janm nan pozisyon sa, epi mwen poko la kounye a, menm siw te pale ansanm avèk mwen. Mwen pèdi langaj, epitou pawòl mwen yo mele.’*

*Aprè sa, Seyè a te mande Moyiz, ‘Kyèsi moun kite fè bouch lèzòm? Kiyès kite deside si mou nap kapab pale oswa sil pap ka pale, sil ap kapab tandè oswa sil pap ka tandè, sil ap kapab wè oswasil pap ka wè? Èske se pa mwen menm, Seyè a? Koulye a, ale! Map ansanm avèk ou jan wap pale a, epi map moutrew kisa pouw di.’*

—Egzòd 4:10–12 (NLT)

Kitem repete bagay sa yo ke Bondye tap di Moyiz yo. Èske mwen te konn fè bouch moun pale oswa fè yo pat pale? Èske mwen te konn fè zye moun wè oswa fè yo pat kapab wè? Repons lan parèt aklè. Bouch la te kreye poul pale, zye yo te kreye pou yo wè. Se tout bagay sa yo Bondye tap eseye fè Moyiz di. Alabaz, Bondye tap di, “Piske se mwen menm kite fè bouch la, alòs, sètènman map kapab edew itilize li!” Bondye tap eseye fè Moyiz konprann ke li kapab fèl konfyans poul ede li pale lèl tap rive kote pèp Ebre a.

Men, si nou pa gen yon pwennvi ki kòrèk de Bondye, nap mal entèprete entansyon an nan pati sa. Mwen panse ke nou tout te tandè ke Moyiz se te nonm ki bege. Majorite moun ta kapab deklare sa kòm yon reyalite absolè, men se sa li ye? Kòm repons, ou tap di, “Pa gen dout nan sa menm. Moyiz, pou tèt pal te di ke li pat konn pale byen.” Mwen dakò, li te di sa, men ak kisa tap fè referans? Si Moyiz pat ‘kapab pale byen, ebyen, nou pral oblije eksplike sa ki ekri nan Travay 7:22.

*Moyiz te anseye tout sa jès moun peyi Lejip yo, epi li te pwisan ni nan pawòl ni nan aksyon.*

— Travay 7:22 (NLT)

Anreyalite, nou wè Moyiz se te opoze yon moun kite gen anpil difikilte avèk mo yo. Moyiz te pwisan nan fè diskou. Alòs, kisa Moyiz te vle di lè li di, “O Senyè, mwen pa twò fò nan byen itilize mo yo. Mwen pat ko janm nan pozisyon sa, epi mwen poko la kounye a, menm siw te pale ansanm avèk mwen. Mwen pèdi langaj, epitou pawòl mwen yo mele?”

Lè Egzòd 4 tap pale de Moyiz ki pat konn pale byen an, li tap fè referans ak reyalite ke Moyiz pat pale lang ebre a byen. Li pat grandi ansanm avèk moun Ebre yo. Li te grandi kòm yon nonm peyi Lejip epi li te konn pale prensipalman lang peyi Lejip la. Bondye tap rasire Moyiz paske se Li menm kite konn fè bouch moun, Li tap edel pale avèk Ebre yo. Men ankò, Moyiz kanpe.

*Men Moyiz te d, “Padonne sèvitèw la, Seyè. Tanpri voye yon lòt moun non.”*

*Aprè sa, Seyè a te vin fache kont Moyiz epi li te di, “Saw panse de frèw la, Arawon moun Levi a? Mwen konnen li kapab pale byen. Li te gentan sou wout*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

*poul vin rankontrew, epitou lap byen kontan wèw. Wa pale ansanm avèk li, wad il kisa pawòl poul palei. Map ede nou tou 2 a pale epitou map anseye nou kisa pou nou fè. Arawon pral pale avèk pèp la pou ou, epi se pral tankou se te bouch ou ki tap pale epi se tankou ou se te Bondye pou li.*

—Egzòd 4:13-16

Kòm konklizyon, se paske Arawon te konnen lang ebre a byen anpil, li te grandi tankou yon ebre, epitou li tap kapab pale avèk Ebre yo pou Moyiz, men se pat paske Moyiz te bege.

Alòs, kounye a ou wè kijan sa enpòtan pouw gen yon pwendvi ki kòrèk epi ki konstan nan sa ki se karaktè pa Bondye. Paskew konnen Li bon tout tan sa ap pèmèt nou Poze kesyon sou kalite siyifikasyon ki nan tèks la epi fouye pi fon toujou poun jwenn entèpretasyon ki pi apwopriye a. Alòs yon fwa ankò, fondasyon paw nan Wayòm lan se aprann konnen karaktè wa a menm. Siw pa konnen sa, ebyen Satan pral kapab twonpew tankou li te fè sa ansanm avèk Èv la, nan fèl kwè ke Bondye pat dil tout verite a oswa, sa ki pi mal la ankò, ke Bondye te bal manti.

## **GEN PLIS PASE 7,000 PWOMÈS NAN BIB LA KI DEFINI DWA LEGAL OU YO KOM YON PITIT BONDYE.**

### **Konprann Pwomès Bondye Yo**

Gen plis pase 7,000 pwomès nan Bib la ki defini dwa legal ou antanke pitit Bondye. Chak grenn pwomès sa yo se wa a menm ki ba ou yo, li menm menm, epi ou kapab fè yo konfyans. Oswa èske li kapab? Si kapab gen dout ki leve konsènan bonte Bondye, ebyen kapab gen dout tou konsènan pwomès Li yo.

Kite mwen baw yon egzanp. Ann ta di ke mwen te baw yon chèk \$1,000. Ou tap dim mèsè, epi nan tèt paw ou ta pral genyen \$1,000. Ou tap aji tankou yon moun ki gen \$1,000, pale tankouw te gen \$1,000, remèsyem ankò pou \$1,000 a. Men anreyalite, pwoblèm nan se paske ou pat gen \$1,000 vre; ou tap gen yon yon papye ki gon nòt ekri ladanl. Tou senpleman chèk la se te yon pwomès ke mwen te fèw ki deklare kew gen yon dwa legal pouw resevwa \$1,000 nan bank mwen an. Ou toujou bezwen al chanje chèk la pouw te kapab gen lajan kach la nan menw! Men, kòm ou gentan konnen entansyonm

## YON NOUVO FASON POUW PANSE

pou ou, volontem poum baw chèk la epi mwen te siyen li, paske ou fèm konfyans ke mwen kapab gen \$1,000 a, ou te kapab di kew gen \$1,000 men tout saw te genyen reyèlman se te yon pwomès.

San okenn dout Bondye pi gran pase mwen. Pawòl li yo pap bay manti. Li ban nou gwo pwomès li yo ki gen anpil valè. Si Bondye baw pwomès li, li bon menm jan lap fèt! Sèl grenn bagay Satan kapab fè poul anpeche pwomès la rive tout bon vre, se fèw ap doute de Pawòl Bondye a. Se poutèt sa li enpòtan pouw konnen Bondye bon epi Li pap janm bay manti.

Kite mwen baw yon lòt egzanp. Mwen konnen anpil moun te konn tande yap di ke mirak yo pa alamòd ankò epitou Bondye pap fè menm bagay ke Jezi te konn fè lè li tap mache sou tè a. Mwen grandi nan yon legliz ki tradisyonèl anpil, epitou poum onèt avèw, mwen pat janm wè pouvwa Bondye a kap manifeste, omwen amezi kem ta kapab sonje. Alòs, se pa paske mwen pat konn wè moun kap geri, èske sa vle di ke Bondye bay gerizon ankò? Poum reponn koze sa, nou pap kapab ale ak pwòp eksperyans pa nou an. Nou bezwen chèche konnen kisa Bib lan di, kisa lwa Wa a di sou gerizon.

*Kijan Bondye te **wen** Jezi moun Nazarèt la avèk Lespri Sen an epi pouvwa, kijan li tap mache toupatou poul fè bon bagay epi geri tout moun kite anba pouvwa dyab la, **paske Bondye te ansanm avèk li.***

— Travay 10:38

Jan nou kapab wè sa, gerizon se te yon siyati kle nan ministè Jezi a. Tèks la di ke Jezi te konn fè gerizon tout paske Bondye te ansanm avèk li. Kounye a fraz sa, “Bondye te ansanm avèk li” se yon deklarasyon ou bezwen konprann. Se vre Bondye te ansanm avèk Jezi pandan tout lavi li sou tè a. Men, fraz sa tap fè referans ak moman sa kote Jezi tap batize nan dlo epi Lespri Sen an te desann sou li tankou yon pijon. Anvan moman sa, Jezi pat konn fè okenn mirak. Nou pa gen okenn dosye sou Jezi kite multipliyè dejene sereyal li oswa kite geri yon moun pandan li te timoun. Se sèlman apre ke Sentespri a te fin wen li te fin ke ministè pa li a te kòmanse reyèlman. Bondye te ansanm avèk li pou fè travay la.

Ok, petèt ou kapab ap di, “Wi, Jezi te konn fè gerizon, men li pa la kounye a.” Ebyen mwen dakò avèw, ou gen rezon, men li te pase asiyasyon sa bay legliz la. Ou wè

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

menm pouvwa sa kite vin sou Jezi a, menm pouvwa sa tal jwenn legliz la. Pandan Jezi ta pral kite tè a, li te di disip li yo bagay sa yo.

*Men, ou pral resevwa pouvwa lè Lespri Sen an desann sou ou; Na sèvi mwen kòm temwen nan lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan vil Samari, ak nan dènye bout latè.*

— Travay 1:8

Menm pouvwa sa, Sentespri a, te vini sou legliz la poul te kapab fè menm mirak Jezi te konn fè yo.

Ou pap ka dim anyen ki diferan de sa. Pwòp pitit fi mwen Amy te gen yon timè 13-liv anndan vant li. Nou tout te konn priye poul jwenn gerizon baze sou Pawòl Bondye a, epi li tal kouche nan kabann epitou lèl te reveye nan maten li te geri konplètman. Timè 13-liv la te ale, epi do li (kite koube epi trese) te rekonstwi konplètman. Ou kapab wè ak li istwa pa li a nan liv li ekri ki gen tit *Healed Overnight*.

Bèlfi-mwen an te gen yon timè ki gwosè yon zoranj bò kòt li, doktè yo te dil ke yo ta dwe retire nan yon operasyon. Yo te dil ke li te gen yon fòm kansè ki ra epitou li te gen youn a 2 mwa konsa poul te viv. Fanm sa te kwè nan pwomès Bondye yo tou epi li te leve nan yon maten konplètman geri. Timè a te ale.

Madanm mwen, Drenda, te gen yon mas gwosè yon moso 50 santim sou do li. Drenda te kòmanse pasel lòd poul soti kite kò li, epi nan 2 semèn konsa, mas sa te ale konplètman tou.

Èske Bondye se kite chwazi geri medam sa yo? Èske Bondye te oblije fè chwa poul te fè bagay sa yo? Èske li te renmen 3 medam sa yo pi byen pasew? Non! Medam sa yo te konprann lwa ak benefis Wayòm nan epi yo te senpleman reklame dwa yo. “Ebyen ok, poukisa,” ou ta kapab ap mande, “eske gen anpil moun ki malad? Poukisa nou pa wè moun kap geri pi souvan anndan legliz nou yo?”

Mwen byen kontan ou te poze kesyon sa. An nou fouye sa pi plis toujou nan pwochen chapit la.



## CHAPIT 3

# PWOBLÈM JURISDIKSYON AN

Jan mwen te gentan deklare anvan sa, mwen tap viv nan peyi a sou 60 kawo tè nan pati tè ki pi bèl nan vil Owayo. Okòmansman, mwen te gen 55 kawo tè, men gen youn nan vwazen yo kite vann mwen yon moso tè ki bò kote tè pam lan, sa kite fèm vin gen yon total 60 kawo tè. Reyèlman, nou te jwi moso tè sa pandan 22 dènye ane sa yo. Gen rakbwa pouw chase sèf, yon marekaj pouw chase kana, ak yon jaden pouw chase lapen ansanm ak kòk lachas, epitou kouri nan antouraj la sou avèk ti machin kat wou yo se te yon benediksyon. Men, siw ta gade byen nan andwa mwen an, ou tap kapab wè yon ansèy nan perimèt pwopriyete a ki di PA GEN PASAJ. Ansèy sa te la pou fè tout moun konnen ki kote liy pwopriyete pa mwen an te kòmanse.

Lwa yo nan Owayo di ke yon moun ki ta vle rete sou tè mwen an te dwe gen yon fòmilè konsantman ki ekri ansanm avèk yo chak fwa yap antre sou pwopriyete a. Si yo pat fè sa, sa rele vyolasyon, epitou ou tap kapab legalman degèpi yo epiw yo tap kapab fè yo peye penelite ak amann pandan pwosesis la. Pwoblèm lan se paske nenpòt moun kite chwazi mache tè pa mwen an san mwen pat konnen, moun sa pat gen okenn jiridiksyon legal poul te pran desizyon sa, paske tè pat pou yo. Sim ta mande moun sa yo, pou yo te kite epas teren mwen an, yo pa tap gen lòt okenn chwa!

Alòs, anrezime, ou pap kapab okipe yon bagay kew pa gen okenn jiridiksyon legal sou li.

Egzanp vyolasyon sa pral reponn anpil kesyon moun genyen konsènan poukisa yon bagay te rive oswa pat rive nan Wayòm Bondye a. Konprann pwoblèm jiridiksyon an nan Wayòm lan se yon nesosite avantou pouw fonksyone avèk efikasite nan Wayòm lan.

### **Poukisa Yo Pat Geri?**

San okenn dout mwen konnen kew te petèt gentan tande yon istwa tankou sa. Yon

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

moun ke anpil moun-konnen te vin malad, epitou yo te mande lapriyè pou yo. Plizyè milyon moun te patisipe nan lapriyè pou jwenn gerizon moun sa, men poutan moun sa te mouri. Poukisa? Oswa gen yon moun ki diw ke grann yo te rive mouri malgre yo tap lapriyè pou li, epi yo te vle konnen poukisa sa rive. Oswa yon lòt moun te diw ke yo te konn simen lajan pou bezwen finansye yo, men poutan yo te kontinye ap vin razè. Èske gen repons pou kalite kesyon sa yo?

Anvan mwen reponn ak sa, nap rekonèt ke nou pa konnen tout sa kap pase nan domèn Lespri a, epi mwen pap pretann tou kem konnen yo. Sepandan, baze sou Pawòl Bondye a, nou konnen ke si yon moun malad, Jezi te gentan peye pri gerizon an pou li. Nou konnen ke si nou jenere epi nou renmen bay, Bib lan di yap ban nou tou. Men, chak jou, nap wè bagay ki parèt tankou echèk Pawòl Bondye yo parapò ak fonksyone sa ki ekri nan lavi anpil moun. Èske se Bondye ki koupab?

Pandan nap gade bagay sa yo nou te aprann nan dènye chapit la, ak pandan nap diskite sou sijè ki nan chapit sa, ou pral vin wè ke repons lan se non. Ok, si se pa sa, kisa ki pwoblèm nan? Men pi gwo pwoblèm la. Majorite moun ki pa menm genyen konpreyansyon fondamantal ke Bondye bon tout tan, lè yo mande mande sa yo si se Bondye eki merite blame lè gen yon trajedi, yo sipoze se sal ye menm. Yon lòt fwa ankò, paske yo konnen li gen pouvwa poul anpeche move bagay yo rive, epitou ta sanble, li pat fè sa, yo panse se li menm ki kite sa rive. Men, siw te gen kapasite pouw konprann ke Bondye bon epitou li pap bay manti, ou tap konnen ke pwoblèm lan pa nan pozisyon sa, epi ou tap kòmanse chèche pouw kapab jwenn repons lan.

Disip yo te montre menm-atitid sa lè yo pat kapab fè demon an kite ti gason sa kite gen demon-anndanl lan. Olye pou yo tap poze kesyon, “Poukisa Bondye te chwazi kite demon sa la?” yo te mande Jezi, “Poukisa nou pat kapab chase demon sa?”

Bagay sa ta sipoze grenn kesyon imedya nou genyen lè sikonstans yo sanble ap di dezyèmman, li pap bay manti. Se poutèt rezon sa tou, mwen te pase anpil tan ap mete deyò sa ki sanble pat gen okenn sans pou mwen, men se etonan, ke nan pi fò legliz nan mond lan, li se yon mistè pou yo. Poze kesyon se fason sa ou dwe li Bib lan siw vle aprann kijan Wayòm lan fonksyone.

**WAYÒM BONDYE A  
SE YON WAYÒM,  
LAP FONKSYONE  
AVÈK LWA EPI  
PRENSIP SA YO KI  
PAP JANM CHANJE.**

Sonje byen, gen yon rezon ki fè gwo istwa biblik sa yo la. Jezi tap eseye montrew yon bagay. Alòs, an nou ale nan poukisa yon moun pat rive konprann kisa Pawòl Bondye a tap di. Ok, kapab genyen anpil lòt pwoblèm ki koupe mwayen jiridiksyon syèl la. Gen kèk pwoblèm ou pap kapab aklè menm moman an, ak gen kèk ki pèsònèl epi yo kache.

Wayòm Bondye a se yon wayòm, lap fonksyone avèk lwa epi prensip sa yo ki pap janm chanje. Prensip sa yo, jan mwen te gentan di sa, kapab aprann epi itilize tou menm jan ak yon kiltivatè ki konprann lwa lè simans ak rekòlte lan nan domèn tè a epitou li sèvi avèk lwa sa yo poul pwospere. Paske Wayòm nan fonksyone dapre lwa, sa ki bay chak grenn sitwayen konpreyansyon ak itilzasyon, ke nenpòt moun kapab aprann yo. Pafwa, lèw konnen kijan lwa sa yo travay sa kapab yon sityasyon lavi ak lanmò.

### **Yon Desizyon Lavi ak Lanmò**

Mark ansanm avèk Ana te vin nan legliz nou an epitou yo te vle fè yon bebe. Jiska moman sa, doktè yo te di Ana ke akòz divès pwoblèm li gen nan kò li, se te prèske enposib pou li ta vin ansent oswa poul ta kapab rive pote yon pitit. Men, pandanl tap tandè pale de bonte Bondye epil tap aprann lwa Wayòm lan nan Legliz Viv Lafwa (Faith Life Church), Ana te vin aprann ke li te ansent. Li pat gen mo tèlmanl te kontan. Men, pat ko lontan, li te kòmanse gen gwo doulè nan vant li. Plizyè fwa, doulè a te tèlman grav ke li te depokonze.

Aprè youn nan tout epizòd sa yo, li te vle konnen rezon an epi li tal wè doktè li an. Doktè a pat nan, men doktè a nan apèl telefonik te vle fè yon egzamen iltrason poul kapab wè kisa kap pase. Doktè a te wè ke te gen yon gwo boul san, apre sa doktè a te di li ke li te pèdi pitit la, pat gen okenn kè ki tap bat. Doktè a te ofril poul te tounen nan jou ki tap vin apre a poul te kapab retire tibebe ki mouri nan vant li a, men Ana te refize. Olye de sa, Mark, mari li an, tap ankouraje Ana avèk Pawòl Bondye ansanm ak pwomès Bondye yo epi li tap ankourajel tou poul pat pèdi konfyans li konsènan tibebe a. Wikenn sa, Ana te resevwa lapriyè nan legliz epi li te konvenki ke li tap gen yon ti bebe san pwoblèm sante malgre sa doktè an te di li a.

Jou lendi sa, li tal wè doktè pèsònèl li an, kòm doktè an pat nan biwo a jou sa. Doktè a te sijere poul te fè yon lòt iltrason. Ana te di ke doktè a te gon vizaj chok sou figil pandanl tap fikse ekran iltrason an epi menm moman an li te gade analiz sa ke nou fè kèk

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

jou anvan an. Apre sa, li di te Ana pawòl sa yo, “Map fè travay sa depi 30 lan, mwen pat janm wè yon bagay konsa rive anvan. Map gade gwo boul san nan analiz semèn pase a avèk kè sa ki pa tap bat lan. Pandan map gadel la jounen jodya, boul la disparèt nèt, epim wè yon ti bebe pafè, byen vivan, ak yon kè kap bat san pwoblèm.” Kèk mwa apre sa, Ana te vin fè yon pitit fi ki an sante, Ana te relel Evelin. Yon jou, li te kirye konsènan siyifikasyon non Evelyn lan, apre rechèch, li te sezi wè ke non an vle di lavi!

Istwa enkwayab sa se te travay Bondye san okenn dout, men antanke yon syantis espiyèl, ou kapab ap panse avèk kèk kesyon tankou kesyon sa yo nan moman sa. Poukisa bagay sa te rive? Èske Ana se youn nan moun Bondye pi renmen Bondye yo? Èske se owaza Bondye te chwazi geri bebe pa li a? Sa yo se kesyon ki dwe jwenn repons. Yon fwa ankò, pou kretyen mwayèn an, se yon mirak kite fèt. Men, mwen ankouraje moun pou yo panse 2 fwa ak mo mirak la paske yo aplikel pou bagay ki òdinè. Nan Wayòm lan, sa se te senpleman yon fonksyon nan lwa Wayòm lan.

Si mwen lage yon wòch epi li te tonbe atè, ou tap panse mwen fou sim te rele byen fò, “Waw, ou te wè sa? Wòch la jis tonbe atè a; sa son mirak!” Ou pa tap dakò ke se te yon mirak paske ou konnen aksyon sa te senpleman fèt anfonksyon lwa gravite a, menm jan an tou, prensip sa travay chak fwa pou nenpòt moun lan. Wòch lan ap toujou tonbe atè. Alòs, kòm yon syantis espiyèl, ou dwe chèche endis sou sa kite pase, endis espiyèl ki pral revele yon lwa oswa lwa sa yo nan Wayòm lan kite prezan nan istwa sa.

### **Yon Kle Kite vin Parèt Aklè**

An nou ale nan yon lòt istwa kote nap kapab aprann plis toujou sou fonksyon Wayòm lan parapò avèk kesyon sa yo. Youn nan pi gwo istwa yo nan Bib la ki pral ede nou jwenn kèk nan repons sa yo se nan Lik chapit 8.

*Pandan Jezi te sou wout li, foul moun yo te prèske kraze li. Epi te gen yon fanm ki gen san ki tap koule sou li depi 12 lane men pèsonn pat kapab geri li. Fanm lan te pwoche dèyè Jezi, li te manyen kwen rad li, epitou menm moman san an te kanpe.*

*Jezi te mande, ‘Kiyès moun ki manyen mwen la’.*

*Aprè ke tout moun te di ke se pat yo, Pyè te di, ‘Mèt, pèp la anpil epitou foule moun yo ap kwense sou ou.’*

*Men, Jezite di, Gen yon moun ki manyen mwen. Mwen konnen ke gen pouvwa ki soti nan mwen.’*

*Aprè sa, fanm lan te vin wè li pa tap kapab pase inapèsi, li tap tranble, epi li tonbe nan pye Jezi. Devan tout pèp la, li te di poukisa li te manyenl ak kòman li te geri menm moman an. Aprè sa, Jezi te di li, ‘Fanmi, lafwaw geriw. Ale avèk kè poze.’*

— Lik 8:42-48

Nan istwa sa, nou jwenn yon fanm kite malad anpil pandan plizyè ane epi ki pat kapab jwenn gerizon. Li te pwoche dèyè Jezi, li te manyen pwent rad li epitou menm moman an li te geri. Kounye a, gen kèk endis ki trè pwofon sou fonksyonman Wayòm lan nan istwa sa ke nou kapab aprann epi ki pral pote plis limyè nan kèk nan repons sa yo ke nap chèche yo.

Premyèman, fowl moun sa yo ki te antoure Jezi a tap touchel tou. Jan istwa an di a, fowl moun ki tap kwensel sou li yo te prèske krazel. Men, lè Jezi te mande, “Kiyès moun kite manyen mwen an?” Pyè te sezi pou mod kesyon sa paske, yon fwa ankò, tout moun tap touche li. Men, Jezi te di ke moun sa kite mayenm lan, te manyenl nan yon fason ki diferan parapò ak jan li te santi pouvwa Sentespri a te koule soti nan li a.

Aprè fin li istwa sa, tout kalite klòch ak siflè ta dwe soti kite lespriw pou mandew kanpe epi aksepte sa ki fenk sot pase la. Menm moman an, lidew ta dwe lanse an mòd investigatè avèk yon gwo kantite kesyon. Antanke syantis espiyèl, nou bezwen konnen poukisa fanm sa te geri epi pat gen okenn lòt moun kite geri tou. Mwen kapab sipoze ke te gen anpil lòt moun kite fizikman manyen Jezi epi kite malad tou men yo pat jwenn gerizon. Alòs, nou bezwen mande, “Poukisa onksyon an te koule sèlman pou fanm sa epi li pat koule sou tout lòt moun kite touche Jezi yo nan moman sa?”

Repons tradisyonèl relijye yo, fanm sa te jwenn gerizon paske Jezi te geri li. Men, èskel te fè sa? Èske Jezi te preche fanm lan aprel te fin te geri fanm lan? Èske li te mete menl sou li? Èske li te pase maladi lòd a poul te soti nan kò fanm lan? Repons lan, se non. Anreyalite, Jezi pat menm konnen ke fanm lan te la. Li te oblije mande kiyès moun kite

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Pwovizyon an

manyen li an. Alòs, èske se Jezi kite chwazi geri fanm lan nan moman sa? Yon fwa ankò, li pat menm konnen ke fanm lan te la. Alòs, kijan fanm lan te fè geri? Poukisa li te geri?

Antanke syantifik espiritiyèl, nou kapab elimine panse ke fanm lan te youn nan timoun espesyal Bondye yo oswa ke li te gen yon koneksyon espesyal avèk Jezi, paske Travay 10:34 (KJV) di ke Bondye gen respekte pou nenpòt moun lan. Nou kapab sipoze tou, ke piske Jezi pat menm konnen fanm lan te la, li pat patisipe nan desizyon pou fanm lan te jwenn gerizon jou sa. Nap dakò tou ke fanm lan te rezèvw onksyon an, men Jezi pat fè pati desizyon fanm lan te pran poul te geri nan moman sa.

Jezi di nou egzakteman kijan fanm lan te pwofite otorite ak pouvw Wayòm lan. Li te di, “Pitit fim, se lafwaw ki geriw. Ale avèk kè poze.” Fraz sa di nou tout sa nap bezwen konnen epi reponn kesyon nou an sou rezon sa ak kijan fanm sa te rive fè resevwa jou sa. Antanke syantifik espiritiyèl, an nou kòmanse gade pi pre toujou istwa sa epi wè si nap kapab jwenn nenpòt endis lan sou rezon sa fanm lan te rive resevwa a.

Premyèman, Jezi rele fanm lan pitit fi mwen, sa vle di li te fè pati nasyon Izrayèl la, desandan Abraram nan. Antanke pitit Abraram, li te gentan gen benediksyon yo te bay Abraram avèk byenfè alyans Bondye te fè ak Abraram nan.

*Li te di, “Si nou koute avèk anpil atansyon Seyè a, Bondye nou an, si nou fè sa ki dwat devan zye li, si nou bay atansyon avèk kòmandman li yo epi si nou kenbe tout lòd li yo, Mwen pap voye okenn nan maladi ke mwen te pote sou moun peyi Lejip yo, paske se mwen menm Seyè a, ki geri nou.”*

— Egzòd 15:26

Alòs, lè Jezi te rele fanm lan pitit fim, sa vle di li te gen dwa legal sou tout sa kite enkli nan alyans Abraram te fè ansanm avèk Bondye. Sepandan, reyalyite sa pat kapab sèlman grenn rezon ki lakoz fanm lan te resevwa paske tout moun kite la yo jou sa ki tap prese kont Jezi te gen menm legalite sa. Te sipoze gen yon lòt bagay kite lakòz pouvw Wayòm Bondye a tap koule. Apre sa, Jezi vin di nou yon lòt rezon ankò ki lakoz fanm lan te resevwa. Anreyalite, Jezi te di se rezon egzak sa ki fè fanm lan te rive resevwa pèsonèlman. Li te di se lafwal kite geri li.

Alòs, kounye a nou konnen rezon an ki fè fanm lan te kapab resevwa. Se te dwa legal pal poul te resevwa paske li te yon pitit fi Abraram, epi dezyèmman, lafwaw li te peze enèripte a, sa kite pèmèt pouvw an koule nan pwòp kò li nan moman egzak. Akoz fanm

lan se te yon pitit fi, li te kapab konpare avèk konpayi elektrik la ki gen pouvwa epi pase fil yo anndan kay paw la. Pouvwa sa disponib, men sa pa vle di ke limyèw yo pral limen. Anvan tout bagay ou dwe tou baskile entèripte a pou limyè yo kapab limen.

Alòs, antanke desandan legal Abraram, fanm sa te gen dwa legal poul jwenn gerizon. Sepandan, paske li te gen jiridiksyon sou tè a ak sou pwòp lavi li, li te oblije peze entèripte pou kont li poul libere pouvwa sa. Men, kote entèripte a te ye? Kòman poun limen li? Poun kapab konnen sa, nou bezwen defini tèm pa nou yo.

### **Kisa Lafwa Ye?**

Lafwa se yon tèm ke kretyen yo voye jete sou kote la san pwoblèm. Epi tou, mwen konvenki ke anpil kretyen, si se pa tout majorite a, pa konnen kisa lafwa reyèlman, poukisa li nesesè, kijan yap konnen si yo nan lafwa, ak kijan yo kapab gen lafwa. Si lafwa se enteriptè

## **LAFWA SE YON TÈM KE KRETYEN YO VOYE JETE NAN SOU KOTE SAN PROBLÈM.**

kite pèmèt onksyon an desann epi geri fanm lan. Apre sa, nou bezwen kenbe lafwa tou pre! Nou jwenn definisyon lafwa nou an nan Women 4:18–21.

*Kont tout espwa, Abraram te kwè nan lespwa epi li te vini papa anpil lòt nasyon, menm jan yo te di pou li a, “Se konsa tou desandans ou yo pral ye.” San li pat febli nan lafwa, li te fè fas avèk reyalyte ke kòl te bon menm jan avèk yon mò—paske li te gen anviwon 100 lane konsa—epi vant Sara te mouri tou. Epoutan, li pat eskite parapò ak enkwayans konsènan pwomès Bondye a, men li te ranfòse lafwa li epi li te bay Bondye glwa, li te gen konfyans ke Bondye gen pouvwa poul te fè sa li te pwomèt la.*

— Romen 4:18-21

Ann eseye konprann anviwònman istwa sa. Abraram avèk Sara pat kapab fè pitit. Se pa di map di ke yo te gen pwoblèm pou yo te fè timoun epi ke yo te dwe kontinye eseye toujou. Mwen vle di ke moun sa yo te prèske gen 100 lane yo te fin vye granmoun. Kò moun sa yo pa tap kapab fè pitit; sa te enposib! Poutan, Bondye te pwomèt Abraram yon timoun, menmsi nan domèn natirèl la, sa te parèt totalman enposib. Bib la di ke

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Abraram te konplètman konvenk ke Bondye te gen pouvwa poul te fè sa li te di la fè a malgre reyalite natirèl yo tap deklare yon istwa ki diferan.

Kounye a, men definisyon lafwa pa nou an: “totalman konvenk ke Bondye gen pouvwa poul fè sa li te pwomèt la”. Map deklarel nan fason sa: “**ke kè ou annakò ansanm avèk syèl la.**” Sa pat jis dakò nan lespriw avèk sa Bondye di a, men se rive konvenki totalman.

### **Definisyon pa nou an sou kisa lafwa ye, se:**

Kite mwen diw sa yon lòt fwa ankò poum asirem kew konprann sa. Lafwa se konvenki totalman nan sa Bondye di a! ke kè nou avèk lespri nou annakò ansanm avèk syèl la, konplètman konvenk.

### **Poukisa nou Bezwen Lafwa?**

Poukisa Bondye pat kapab geri tout moun nan lopital la, nenpòt lè li te vle a? Poukisa Li pa kapab kanpe gè yo? Poukisa li pa kapab voye zanj li yo vin preche nou Levanjil la? Mwen sèten ou te gentan tande tout kesyon sa yo anvan sa. Repons lan se paske li pat kapab. Se pa paske Bondye pa gen pouvwa poul fè sa, men se paske li pa gen jiridiksyon poul fè sa. Pou nou ka konprann pi byen sa map di a, nap bezwen gade nan Ebre 2:6-8.

*Men, gen yon andwa kote yon moun tal temwaye:*

*“Kisa lèzòm ye pou wap panse ak yo konsa, pitit gason lèzòm pou wap pran swenl konsa? Ou kreye yo yon ti kras pi ba pase zanj yo; Ou te kouwone yo avèk glwa epi lonè, ou mete tout bagay nèt anba pye yo.”*

*Lèl mete tout bagay nèt anba otorite yo, Bondye pat kite anyen ki pat koube devan yo. Poutan, kounye a nou pa wè anyen ki koube anba yo.*

— Ebre 2:6-8

Bondye te bay lèzòm yon jiridiksyon legal konplè sou tout latè lè yo te etabli isit lan. Pat gen anyen ki pat anba jiridiksyon lèzòm. Li tap dirije domèn sa avèk otorite epi jiridiksyon absoli. Gouvènman ke li te etabli isit la te jwenn sipòt gouvènman sa kite metel dirije bò isit. Anrezime, li tap dirije avèk otorite ki soti nan Wayòm Bondye a. Li



te mete kouwòn gouvènman sa, sa kite reprezante glwa Bondye a, onksyon an, ak pozisyon lonè oswa otorite li pote.

Kounye a, se vre, li pat mete yon kouwòn metal tout bon vre, men li pat gen yon kouwòn nan sans nou defini yon kouwòn. Pouw kapab jwenn yon bon imaj akisa bagay sa sanble, jis panse ak yon wa natirèl. Malgre li se yon nonm natirèl epi li pa gen okenn pouvwa reyèl nan domèn natirèl la, li abiye ak yon kouwòn, sa ki vle di ke li kanpe kòm reprezantan pa sèlman pou pwòp tèt li men pou yon wayòm toutantye avèk yon gouvènman. Pawòl li yo pote otorite paske yo jwenn sipò tout pouvwa a ansanm avèk resous natirèl yo nan gouvènman an ansanm avèk wayòm li reprezante a.

Panse avèk yon cherif kap fè sikilasyon, li tap kanpe yon kamyon traktè-trelè ak deklarasyon sa, “Kanpe la dapre lalwa.” Wi, kamyon sa ki pi gwo pase nonm lan—epi nonm lan li menm, pa kapab konpare ak kamyon an—men kamyon an te kanpe, men se pat akoz nonm lan men pito akoz badj nonm lan pote a, ki reprezante yon gouvènman. Nan ka sa, gouvènman an pi gran pase moun sa ki pote badj la. Chofè kamyon an, pat gen okenn krentif pou nonm lan, men li te gen perèz pou gouvènman an ke mesye a reprezante a, sa kiite lakòz chofè kamyon an kanpe.

Menm bagay la se lavre isit lan tou. Adan tap dirije tout bagaay kite kreye sou tè a. Pouvwa ak dominasyon Bondye, kite reprezante gras ak kouwòn laglwa epi lonè, te bay lèzòm asirans ke se pawòl yo ki tap dirije nan non Wayòm Bondye a.

Li enpòtan anpil pou nou note ke apre Adan te fin pèdi kapasite li poul dirije tè a apre kel te komèt trayizon sa kont gouvènman Bondye a, li te pèdi kouwòn nan, li pèdi pozisyon otorite li te genyen nan Wayòm Bondye a, men li pat pèdi reklamasyon legal li yo nan pwòp domèn tè a. Lèzòm te toujou gen responsablite yo sou tè a legalman. Bondye te bal dirije latè. Si nou ta retounen nan tèks nou an ki nan Ebre, nap kapab wè sa.

*Men, gen yon andwa kote yon moun tal temwaye:*

*“Kisa lèzòm ye pou wap panse ak yo konsa, pitit gason lèzòm pou wap pran swenl konsa? Ou kreye yo yon ti kras pi ba pase zanj yo; Ou te kouwone yo avèk glwa epi lonè, ou mete tout bagay nèt anba pye yo.”*

*Lèl mete tout bagay nèt anba otorite yo, Bondye pat kite anyen ki pat koube devan yo. Poutan, kounye a nou pa wè anyen ki koube anba yo.*

— Ebre 2:6-8

Menmsi tèks lan ap pale sou epòk Adan avèk Èv te kreye, tèks lan di, “Bondye pat kite anyen ki pat koubel devan yo.”

*Syèl ki pi wo a se pou Seyè a, men li te bay limanite tè a.*

— Sòm 115:16

## **Lèzòm te Mete Bondye Deyò**

Menmsi lèzòm te gen jiridiksyon legal sou tè a, li te pèdi otorite poul te kapab dirije espiritiyèlman. Adan te mete Bondye deyò nan zafè lèzòm nan Jaden an; epi akòz sa, domèn tè a te vin tache epil te chanje. Lanmò te antre nan domèn tè a, kounye a, Satan te vin gen reklamasyon legal poul enfluyans zafè lèzòm. Men, menm si tout bagay sa yo te rive, se yon enperatif kew konprann ke se lòm ki toujou gen tit okipan legal tè a. Menm nan eta li tonbe, li toujou an chaj. Wi, se vre li pa gen kouwòn gouvènman Bondye a ankò kap sipòtel.

**SE POUTÈT SA BONDYE  
OBLIJE SÈVI AK MOUN KI  
RANPLI AVÈK LESPRI  
POU FÈ VOLONTE LI NAN  
LAVI LÈZÒM.**

Li pa gen okenn otorite poul dirije avèk pouvw epi glwa Bondye a, li te pèdi pozisyon lonè li a. Men, li se sèl grenn èt vivan ki gen dwa legal pou dirije sou tè a.

Se pou rezon sa Bondye oblije sèvi avèk moun ki ranpli-avèk Lespri a pou fè sa kise volontel nan lavi lèzòm. Se konsa tou, Satan sèvi ak moun ke demon an enspire pou yo kapab afekte domèn tè a nan sa ki se plan Bondye pou lèzòm. Prensip sa nan jiridiksyon lèzòm sou tè a enpòtan anpil pouw konprann lwa Wayòm nan, sitou, poukisa se lafwa nesesè pou Bondye kapab jwenn jiridiksyon legal li nan yon sitiyasyon.

Ou kapab ap di, “Men, mwen panse ke se Bondye kite posede tè a ak tout sa ki ladann?” Se vre, se sa li ye. Mwen espere ke egzanp sa pral edew konprann sa map di a. Si mwen lwew yon kay ki pou mwen, se vre legalman se mwen ki posede kay la, legalman tou, mwen abandone tout dwa mwen genyen poum ta pase vizite nenpòt lè mwen vle a. Gen yon atik nan pifò kontra lwaye yo ki di aklè ki lè pwopriyete yo kapab antre legalman nan lokal yo lwe a—kòm egzanp, lèw gen yon ijans oswa pou fè kèk reparasyon—avèk pou kantite anons ki nesesè. Sim ta eseye antre nan kay lan andeyò akò sa, sa kapab konsidere kòm akò ki kraze, menm si pwopriyete a se pou mwen. Sim vyole lalwa jan

ekri aklè nan kontra lwaye a, legalman mwen tap oblije kite lokal lan menm si se mwen menm ki posede kay la.

Istwa sa montre poukisa Satan te oblije pase atravè Adan poul te kapab vin jwenn aksè nan domèn tè a. Adan te sèlman te gen kle a! Satan te oblije ale nan pòt la epi li te dwe resevwa kle a nan men moun ki gen dwa legal poul posede kle a sinon yo tap fòsel soti legalman.

Nan menm fason sa, depi Adan te fin voye gouvènman Bondye a jete deyò nan domèn tè a, Bondye te oblije jwenn yon fason legal poul te tounen ansanm avèk gouvènman li an nan domèn tè a. Yon lòt fwa ankò, li te oblije pase atravè lèzòm. Nan ka sa, se te yon nonm ke yo te rele Abram kite louvri pòt la.

*Seyè a te di Abram konsa, “Kite peyi ou an, pèp ou an ansanm avèk moun fanmi papa ou yo, ale nan peyi mwen pral montrew la. Map fèw tounen yon gwo nasyon, map beniw. Map fè nonw vin gran anpil, epi ou pral vini yon benediksyon. Ma va beni moun ki beniw yo, epi tout moun ki va ba nou madichon, map madichonnen yo tou; tout pèp sou latè pral jwenn benediksyon gras avèk ou menm.”*

— Jenèz 12:1-3

Yo rele Abraram papa lafwa nou tout paske se li menm kite louvri pòt domèn tè a bay Bondye pou tout nasyon ki sou tè a te kapab beni. Se vre, koze sa se pale de Jezi Kris ansanm ak plan sekou Bondye a pou limanite. Lafwa Abraram nan te louvri yon pòt legal ke Bondye kite louvri pou tout tan depi apre li te fè fin fè akò legal sa ant Abraram avèk li menm. Akò sa te obligatwa pou tout desandan Abraram nan, epitou se sa li vle di nan Jenèz 12la, lè Bib lan di, “tout pèp sou latè pral jwenn benediksyon gras avèk ou menm.” “Benediksyon gras avèk ou menm” tap fè referans avèk Jezi ki tap vini atravè linye Abraram nan epitou li te restore sa Adan te pèdi a.

Alòs, kite mwen fon ti fraz ak sa map di a. Yon gason oswa yon fanm ki gen jiridiksyon legal nan domèn tè a dwe mtel annakò avè syèl la pou syèl la kapab gen aksè legal nan domèn tè a. Akò sa ansanm avèk syèl la rele lafwa. Se menm prensip sa a kote Satan te jwenn aksè legal nan domèn tè a atravè nonm sa kite kenbe kle a, ki se Adan.

*Dyab la te mennel [Jezi] nan yon andwa ki wo anpil, li te fèl wè tout wayòm ki sou latè. Li te dil, ‘Map ba ou tout pouvwa ak tout bèl bagay sa yo; paske*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*yo ban mwen yo, epitou mwen kapab bay nenpòt moun ke mwen vle a. Siw adorem, tout bagay sa yo ap pou ou.”*

— Lik 4:5-7

Ou kapab wè nan vèsè sa ke Satan reklame ke otorite ak bèl (richès) nan wayòm lèzòm nan ke gon moun kite gentan ba li yo. Li te reklame otorite absolè sou tè a jan li te depann de limanite a. Kiyès kite bay Satan otorite sa? Se moun kite genyen lan, ki se te Adan! Alòs, Bondye pat kapab jis antre nan zafè lèzòm san pat gen yon dwa legal pou l te kapab antre, sinon li tap ilegal. Satan tap rele sa move jwèt. Non, Bondye te gen pou l te pase nan menm pòt Satan te pase a, atravè yon gason oswa yon fanm ki sou tè a.

## **Jezi Pat kapab Geri Yo—Yon Leson Pwisan pat Rive Dekouvri**

*Jezi te di yo, “Yon pwofèt pat gen respè, sof nan pwòp vil pa li a, nan mitan fanmil ak moun nan pwòp kay li.” **Li pat kapab fè okenn mirak kote sa,** eksepte mete menl sou kèk grenn moun ki malad epi yo te geri yo. Li te sezi wè mank lafwa moun sa yo.*

— Mak 6:4-6

Si mwen te mande yon moun nan lari a si Jezi te kapab fè yon bagay, yo tap di wi li te kapab, petèt. Apre sa, si mwen te mande èske te gen yon kote nan Bib la kote Jezi te konn eseye men li pat kapab fè okenn mirak, kisaw panse yo tap di? Map asirew ke yo tap dim, ke pat gen okenn kote konsa nan Bib la. Men, kitem diw, ou fenk sot li youn la. Jezi pat kapab geri yo. Antanke yon syantis espiyèl, mwen vle konnen poukisa. Repons lan se Li pat kapab, epitou, kounye a ou vin konnen kisa ki rezon an. Se paske yo pat gen lafwa, sa vle di moun sa yo pat gen okenn akò ansanm avèk syèl la, konsa syèl la pat gen okenn jiridiksyon legal nan sitiyasyon an. Asirew kew gen yon bon konpreyansyon ki klè sou dekouvèt sa nou te fè a.

**Syèl lan pa gen okenn jiridiksyon sou tè a sof si ta yon gason oswa yon fanm ki gen konviksyon konplètman nan bagay ke syèl lan di, sa ki rele LAFWA.**

Si nou ta retounen nan kesyon ke mwen te poze nan premye pati nan chapit sa konsènan lapriyè ki pa jwenn repons yo, nap kapab jwenn repons pa nou an kounye a. Sonje byen, mwen te mansyone yon sitiyasyon ki posib kote plizyè milyon moun ta kapab ap priye pou yon lòt moun epitou moun sa te mouri kanmenm. Poukisa? Rezon prensipal la, yon fwa ankò, se akoz pa gen lafwa. Anpil moun konfonn fè gwo bri se lafwa.

*Epi lè wap lapriyè, pingaw kontinye pale tankou moun payen yo, paske yo panse yap tande yo poutèt yap pale anpil pawòl. Pa fè tankou moun sa yo, paske Papa nou gentan konnen kisa nou bezwen anvan menm nou mande li.*

— Matye 6:7–8

Anpil moun kwè ke pi plis fwa moun priye, se plis chans yap genyen pou Bondye tande epitou vin ede yo. Mwen espere ke nou te gentan pale ase sou bagay sa yo, kounye a ou konnen ke bagay sa pa gen ti moso laverite ladanl. Epitou, lè nou di pat gen lafwa a, prensipalman, nou tap pale de moun sa yo ki bezwen resevwa nan men Bondye nenpòt sa li ye san yo gen lafwa.

Nan istwa nou jwenn nan Mak chapit 6 la, ou nou tout ta dwe dakò ke Jezi te gen anpil lafwa, men malgre sa li pat kapab geri moun sa yo. Alòs, si ou menm ansanm avèk mwen tap pale de yon zanmi ki malad epi kite gen plizyè milyon moun ki tap priye pou li, mwen te kapab mandew, “Kisa nonm malad sa tap di?” Ou wè sa, pa gen okenn kantite moun ki gen otorite espirityèl sou yon lòt moun. Nou kapab petèt gen 20 milya moun kap lapriyè pou yon moun, men si moun sa yap laproyè pou li an pa gen lafwa epi lap di ke li pral mouri, lap mouri vre.

Yon fwa ankò, an nou konsidere egzanp nou fenk sot gade nan Mak 6 la. Nou konnen ke Jezi te gen lafwa poul fè gerizon, men Li pat kapab fè anyen pou pèp sa san moun sa yo pat mete lafwa yo nan pwosesis la.

Mwen te gen anpil moun ki vin bò kote mwen kap di ke grann yo oswa granpapa yo oubyen yon lòt manm nan fanmi malad epitou, yo di ke yo te priye pou moun sa yo, poutan anyen pat janm rive. Mwen konn toujou mande yo, “Kisa grann ou tap di? Kisa granpapaw tap di? Èske gen lafwa nan mitan nou?” Ou wè sa, ou pa gen okenn otorite espirityèl sou yon lòt moun. Ou kapab sèvi moun sa yo, men yo dwe enplike yo nan sa kap fèt la. Alòs, sa mwen toujou di moun sa yo pou yo fè si tout fwa yo vle wè efikasite ministè a, se chanje imaj la anvan tout lòt bagay. Map pale de imaj sa ke moun ki malad

lan wè parapò ak pwòp sitistasyon pal lan. Pa repete ba yo twòp sitasyon relijye; ba yo yon lòt imaj. Kitem montrew de kisa map pale a.

*Disip Jan yo te rakontel tout bagay sa yo. Li rele 2 nan yo, li te voye yo bò Seyè a pou mande li, “Èske se ou menm kite gen pou vini an, oswa nou ta dwe ap tann yon lòt?”*

*Lè mesye yo pwoche bò kote Jezi, yo te di li, “Jan Batis te voye nou mandew, ‘Si se ou kite gen pou vini an, oubyen, èske nou ta dwe ap tann yon lòt moun?’”*

*Nan epòk sa, Jezi te geri anpil moun kite malad, maladi ak movez zespri, epitou li te fè anpil moun ki te avèg yo vin wè. Alòs, li te reponn mesaje yo, “Tounen al rakonte Jan saw wè ak saw tande: Avèg yo wè, moun ki bwete yo mache, moun kite gen lèp yo geri, moun ki soud yo tande, moun ki mouri yo leve, epitou bòn nouvèl la pwoklame bay pòv yo.”*

— Lik 7:18-22

**“SE POUTÈT SA,  
LAFWA SOTI NAN  
MESAJ NAP TANDE,  
EPITOU MESAJ NAP  
TANDE A SOTI NAN  
PAWÒL KRIS LA.”**

**— WOMEN 10:17**

Gade byen ke Jezi pa tap fè referans ak yon Vèsè. Li te kapab di, “Tounen al di Jan Vèsè sa oswa Vèsè sa di.” Men, non, li te rakonte yo tout bon bagay ki tap rive nan wayòm Bondye a. Ou ta kapab fè menm bagay lan tou. Di zanmiw ki malad lan yon istwa sou fason Jezi te konn geri yon lòt moun. Si sa posib, rakonte yo yon istwa sou yon moun kite jwenn gerizon pou menm maladi sa ki akapare kò yo a. Yon imaj konsa pral enspire yo epi ba yo lespwa. Espwa toujou mache avèk yon foto, epitou se mòd foto sa kew vle zanmiw lan wè, ke gen gerizon pou maladi sa.

Aprè zanmiw fin wè ke li posib poul jwenn gerizon, yo pral mandew kijan bagay sa fè posib. Se moman sa menm ou tap tann lan. Olye kew preche yo, kounye a yo louvri pou yo kapab resevwa enstriksyon konsènan Pawòl Bondye a ansanm avèk prensip yo nan Wayòm lan. Premyèman, ou pral vle mennen yo nan Wayòm nan si yo poko fèt yon dezyèm fwa; dezyèmman, wap bezwen pase tan ansanm avèk yo pouw eksplike yo Vèsè yo konsènan gerizon. Si sa posib, kite kèk materyèl nan men yo pou ranfòse tout sa ou te

di moun sa yo.

Kounye a, nou konnen kisa lafwa ye (akò avèk syèl la) ak poukisa lafwa obligatwa legalman, men nou toujou bezwen poun konnen kijan pou nou jwenn lafwa avèk kijan pou konnen si nou nan lafwa.

## **Kòman Nou Vin nan Lafwa?**

*Se poutèt sa, lafwa soti nan mesaj nap tande, epitou mesaj nap tande a soti nan pawòl kris la*

— *Women 10:17*

Kòman lafwa vini nan tande Pawòl Bondye a? Kisa ki pwosesis lan? Èske, jis tande Pawòl la se tout sa ki nesèsè poun devlope lafwa nan lespri imen an? Poun konprann kijan lafwa vini epitou de kisa Women 10:17 lan ap pale a, an nou gade nan Mak chapit 4 la. Mwen toujou di siw voye Bib ou jete anlè, Bib lan ta dwe ateri nan Mak chapit 4 la; tèlman chapit sa enpòtan! Jezi te di nan Mak 4:13, ke siw pat konprann sa li tap anseye nan chapit sa, ou pa tap kapab rive konprann okenn nan lòt parabòl ki nan Bib la. Mwen kapab di ke bagay sa enpòtan anpil!

Poukisa chapit sa enpòtan konsa? Paske li di nou kijan syèl lan koòdone ansanm ak domèn tè a, kijan li pran jiridiksyon, ak kòman bagay sa rive fèt. Pa gen anyen ki pi enpòtan nan laviw ke konnen de kisa tout chapit sa ap pale.

Nan chapit sa, Jezi di nou 3 parabòl konsènan fason lafwa yo pwodwi nan lespri limanite, kise, jan ou vin konnen sa kounye a, yon kondisyon pou syèl la kapab anvayi Latè legalman. 3 istwa sa yo ki nan chapit sa se parabòl moun kap simen an, parabòl nonm kite gaye grenn li yo, epi istwa semans grenn moutad la. Ann kòmanse avèk dezyèm istwa ke Jezi te rakonte nan Mak chapit 4 la, istwa nonm ki tap gaye semans lan.

*Li te di tou, “Men tankou kisa wayòm Bondye an ye. Yon nonm tap gaye grenn sou tè a. Lajounen kou lannwit, kit li tap dòmi, kit li te reveye, grenn nan pouse epi grandi, menmsi li pat konnen kijan. Tè a poukont pal te pwodui grenn lan—pye ble a anpwemye, apre sa tèt la, apre sa nwayo okonplè nan tèt la. Kou ble a te mi, li mete digo sou li, paske rekòt la tap rive.”*

— Mak 4:26–29

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

Premye bagay nap bezwen fè se defini tèm pa nou yo. Ki semans sa Jezi ap pale de li a epitou kisa tè an ye? Anreyalite, Jezi te defini tou 2 tèm sa yo nan parabòl anvan an sou simans lan nan menm chapit sa. Semans lan se Pawòl Bondye a, epi tè a se kè moun oswa lespri lèzòm.

Alòs, nan parabòl sa, Jezi di gen yon nonm ki tap gaye Pawòl Bondye a anndan kè li. Apre sa, tout bagay sa yo rive pou kont yo, tè a, oswa kè nonm lan, kòmanse pwodui lafwa, oswa yon akò, ansanm avèk syèl la. Sa se pwosesis natirèl la epi fonksyonman lespri imen an. Lap kapte tout sa ou mete ladanl. Anvan mwen ale pi lwen, li enpòtan pouw sonje kisa ki definisyon pa nou an de lafwa: se lè kè yon gason oswa yon fanm gen fèm konvenk nan sa syèl lan di. Kounye a, bagay ki pi difisil pouw sonje nan pati sa se yon akò avèk syèl lan se pa menm bagay avèk yon akò mantal ak Pawòl Bondye a. Bib lan di ke Abraram te konvenk konplètman.

### **Konvenki San Okenn Dout**

Poum edew jwenn yon imak ki klè akisa konvenk konplètman sanble epi parèt tankou, ann ta di mwen te mandew pouw sote soti sou tèt batiman State Empire a ki nan Vil New York. Poum kapab konvenk ou pouw eseye fè sa, mwen te diw ke siw bat ponyèt ou fò ase, wap kapab vole san okenn danje pouw desann sou tè a. Ou tap rim anpil paske ou te gentan KONNEN kisa ki ta pral rivew. Ou te konplètman konnen kisa rezilta a tap ye. Ebyen, totalman konvenk an se ak sal sanble. Ou konnen kew konvenki; pap gen okenn lòt posibilite. Ou tap mouri siw te vole.

Alòs, ann pran yon lòt senaryo epi nap gade kijanw tap rayji. Ann ta sipoze kew gen yon boul ki vizib, sou kòw, epi doktè ta di kew gen apeprè yon mwa pouw viv: ou gen yon kansè. Anreyalite, doktè a diw ke mod kansè saw genyen an ra anpil epi pat gen okenn moun kap viv kounyea kite dyagnostike ak kansè sa. Kounye a, ann ta sipoze kew te konnen kisa 1 Pyè 2:24 di.

*Li menm pou kont pal, li te pote peche nou yo nan kò li sou lakwa, pou nou te kapab mouri nan peche epi pou nou viv nan lajistis; gras ak blesi li yo ou te vin jwenn gerizon.*

— 1 Pyè 2:24



Vèsè a di nou repons lan, men ou menm ansanm avèk mwen gen yon pwoblèm grav. Nou te grandi nan wayòm fènwa a, epi pèvèsyon ak lanmò te antoure nou. Nou grandi nan wayòm perèz la, nou te konplètman konvenk nan pawòl laperèz ap di yo. Alòs, nan egzanp ki pi wo a, nou te resevwa enfòmasyon ke kansè kapab touye. Nou te konn gen prèv la nan chak emisyon medya yo ke sa se laverite. Alòs, kijan nou pral kapab chanje akò nou an; kijan nap kapab vin konvenk konplètman nan sa Bondye ap di yo? Ok, reyalite a, nou pap kapab fè sa poukont nou. Men, Pawòl Bondye a vivan epi li plen ak pouvwa, epitou lèw plantel nan lespriw, poukont pa li, lespriw ak Pawòl la pral kòmanse pwodui akò ansanm avèk sa syèl lan ap di.

### **Akò Ansanm avèk Syèl la**

*Li te di tou, “Men tankou kisa wayòm Bondye an ye. Yon nonm tap gaye grenn sou tè a. Lajounen kou lannwit, kit li tap dòmi, kit li te reveye, grenn nan pouse epi grandi, menmsi li pat konnen kijan. Tè a poukont pal te pwodui grenn lan—pye ble a anpwemye, apre sa tèt la, apre sa nwayo okonplè nan tèt la. Kou ble a te mi, li mete digo sou li, paske rekòt la tap rive.”*

— Mak 4:26–29

Tè a pou kont pa li, (kè paw) pwodwi akò a. Gade byen ou pap kakab lapriyè pou lafwa; se yon fonksyon nan kèw avèk Pawòl la. Pandan nap gade tèks sa, nap kapab wè ke akò kè nou ansanm avèk syèl la se tout yon pwosesis; li pap rive menm moman an.

Egzanp sa fè nou konnen ke dabò, apre kè nou fin resevwa Pawòl la, lafwa kòmanse grandi, menm jan ak yon lam oswa yon jèm yon grenn kite fenk sot plante. Apre sa, li tap kontinye pouse epi grandi kòm yon pye ble, epi tèt lan te vin fòme apre sa. Tèt la se kote grenn lan oswa fwi a kòmanse fòme. Nan faz sa nan lavi plant lan, ou toujou pako gen anyen pouw manje. Plant lan poko pwodwi fwi ki gen matirite epi ki mi, men lap grandi.

Alòs, li ansanm avèk Pawòl Bondye a. Pa gen okenn chanjman ki vizib ankò nan domèn natirèl la, lè lafwaw ap grandi. Poko gen okenn akò, men asirew ke plant lan ap grandi, lafwaw ap pwodwi, epi akò a ap fèt. Jezi kontinye poul eksplike ke lè semans nan tèt la vin gen matirite konplètman oswa li mi, rekòt lan pral rive, akò an la, epi kounye a, vin gen lafwa la.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Alòs, men sa ki konpreyansyon an. Lèw plante yon grenn nan tè a, atravè pwosesis la jèminasyon an, plant lan ap kòmanse grandi, men pap ko gen okenn fwi. Plant lan ap kontinye grandi toutotan ke li nan bon anviwònman an; epi pandan lap pran matirite, lap pouse fwi li yo. Ann ta di wap grandi mayi. Plant mayi a pouse yon zòrèy mayi a, men dabò, se jis yon ti zòrèy mayi ki pa gen okenn mayi ki mi ladanl kew kapab manje. Men, apre yon sezon, epin mayi sa vin matirite epi li mi. Kenbe pwen sa, kounye a! Nan moman sa grenn mayi ki nan epin lan matche ansanm ak nwayo mayi sa kite simen nan tè a, vin gen yon akò.

**Lè semans ki nan tèt plant lan vin gen matirite, li pral sanble egzakteman—EGZAKTEMAN—tankou grenn kite simen an.**

Plante yon plant mayi, ak grenn ki gen matirite nan epin lan pral matche ansanm ak grenn ou te plante a. Yo se menm bagay la. Yo gen menm resanblans epi yo gen menm tou; ou pap kapab fè diferans lan.

Alòs, kite mwen ekri ti fraz sa ke Jezi tap di a. Lè nou tande Pawòl Bondye a (Women 10:17), se gaye nap gaye Pawòl Bondye a nan lespri nou kòm moun, nan kè nou. Si nou kenbe Pawòl sa nan kè nou, lap grandi epi vin gen matirite; epi aprel fin gen matirite, kè nou pral konvenk konplètman nan sa syèl lan tap di yo. Syèl lan ansanm avèk tè a lye, epi kounye a syèl lan te vin gen jiridiksyon legal nan domèn tè a atravè moun sa yo kite rive konvenk konplètman. Panse ansanm avèk kwayans nou egzakteman lye ak sa syèl lan di avèk tout konfyans nou. Sa se pa yon bagay ki nan mantal la. Bagay sa te vin vini kounye a tout sa nou kwè menm jan nou asirew nou ke nou kwè nan yon wòch kap tonbe si nou lagel anba. Syèl lan simen Pawòl la nan domèn tè a nan andwa li pral pote akò ansanm avèk sa kise volonte Bondye. Si syèl lan diw geri, lè Pawòl sa gen matirite anndan kèw, tout sa wap kapab wè se sa syèl lan di a. Pap gen perèz ankò. Lèw fèmen zyew, ou pral kapab wè tèt ou ki geri! Se poutèt sa Ebre 11:1 (KJV) di:

*Kounye a, lafwa se bagay sa yo ke nou espere a, se prèw tout bagay sa yo ke nou pat kapab wè a.*

Ou gendwa poko wè bagay sa nan domèn natirèl la, men ou te gentan wè li nan lespriw, epi li te tèlman parèt reyèl se kòm siw te kenbel nan menw. Akò sa a rele lafwa, epi lafwa sa a pral pote imaj sa isit la nan domèn tè a, nan lavi ou!

## Vire Enteriptè a

Men, kenbe fèm; Mak chapit 4 lan pat kanpe la. Apre li te fin anseye nou kòman kè nou te vin annakò ansanm avèk syèl lan epi gen lafwa la, li ban nou enstriksyon sou fason poun rekòlte fwi sa.

*Kou ble an te fin mi, **li mete digo sou li**, paske rekòt lan tap rive.*

—Mak 4:29

Gade byen, malgre ke kè a te annakò ansanm avèk syèl lan epi te gen lafwa la tou, anyen pat ko rive. Poukisa? Menm jan nou tap plede repete bagay sa pandan tout liv lan, ou gen jiridiksyon legal isit lan nan domèn tè a. Èskew sonje diskisyon nou te genyen an nan Lik 8 konsènan fanm kite gen pwoblèm san ki tap koule sou li an? Raplew byen ke Jezi te di, “Pitit fim, se lafwaw ki geriw”? Apre sa, mwen te vin di nou ke pitit fim te fè referans avèk yon pozisyon legal devan syèl la, piske fanm sa se te yon pitit fi Abraram, li te gentan gen dwa legal pa li yo.

Mwen te konpare bagay sa avèk fil sa yo ki soti nan plant elektrik la epi kal konekte ak priz ki anndan lakay ou a. Kouran an la epi li disponib tou, men se ou menm ki pou li men tout limyè yo. Se menm bagay la. Depiw hentan gen lafwa, pouvwa an disponib, men pat gen anyen kite gentan rive paske se ou menm ki dwe vire entèriptè a. Se ou menm ki dwe lage pouvwa Wayòm Bondye an isit la nan domèn tè

**OU DWE LAGE POUVWA  
WAYÒM BONDYE A ISIT LAN  
NAN DOMÈN TÈ A PASKE SE  
SÈLMAN, YON GASON OSWA  
YON FANM SOU TÈ A, KI  
KAPAB FÈ SA LEGALMAN.**

a pas ke se sèlman, yon gason oswa yon fanm sou tè a, ki kapab fè sa legalman. Prensip sa, se egzakteman kòman nou te rive sove, jan sa mansyone nan Women 10:10 la.

*Paske, se avèk kèw kew kwè epiw te jistifye, epi se avèk bouch ou kew deklare lafwaw epi kew te sove.*

— Women 10:10

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Pwovizyon an

Se avèk kè, lèzòm kwè Pawòl la epi li jistifye. Jistifye se yon tèm legal ki vle di administrasyon dapre lalwa. Alòs, depi kè yon gason oswa yon fanm fin annakò ansanm avèk syèl la, depi yo kwè nan sa syèl lan ap di, yap jistifye devan syèl lan ansanm avèk tè a. Kounye a li vin yon bagay legal pou syèl lan debòde nan lavi moun sa yo ak nan epi fè enpak sou tè a nan non Wayòm Bondye a. Men, sa ki etranj lan, malgre kounye a sa te vin legal epi yo te gen lafwa, pat gen anyen ki tap rive. “Men, Gary, map panse kew te di si mwen te gen lafwa, sa tap bay syèl lan jiridiksyon legal bò isit lan.” Saw di a kòrèk, men sipoze yon moun ki lage otorite syèl la isit lan depi fin gen lafwa ki egziste la. Ann gade yon fwa ankò nan Vèsè nou an.

*Paske, se avèk kèw kew kwè epiw te jistifye, **epi se avèk bouch ou kew deklare lafwaw epi kew te sove.***

— Women 10:10

Depiw fin gen lafwa, oswaw jistifye, kounye a li vin legal pou syèl lan anvayi Latè, men gade byen ke apre sa li di, di ke se ak bouch ou kew konfese epiw sove. Èskew wè 2 pati sa yo? Pati kote syèl lan ap pote Pawòl la anndan kèw lap devlope akò an isit lan nan domèn tè a. Depi akò an oswa lafwa gentan la, ou dwe aji dapre akò sa epitou libere otorite syèl la nan sitiyasyon kew ye kounye a pouw kapab resevwa sa syèl lan ap di yo. Nan Vèsè nou an ki nan Mak 4:29 la, li di kou jou rekòt lan rive, nonm lan (sou tè a) mete digo landanl. Se li menm kite dwe aji sou pawòl Bondye a apre te fin gen lafwa epitou, pou li kapab resevwa rekòt sa tout bon vre.

### **Resevwa sa kap Soti nan Wayòm Bondye a**

Banm fon ti pale ankò sou digo a nou jwenn nan Mak 4 la pou yon ti tan tou kout. Mwen kwè ke pi fò legliz nan mond pat resevwa ansèyman sou kòman pou yo itilize digo a, sa vle di yo pat anseye moun sa yo kijan pou yo te rekòlte lè yo gen bezwen. Mwen pat konnen bagay sa tou jiskaske Senyè a te vin kòmanse ap anseyem kijan Wayòm nan te fonksyone. Men istwa sou kòman premye revelasyon mwen an nan pwosesis enpòtan sa nan Wayòm lan te rive.

Yo te envitem vin pale nan yon legliz ki Atlanta. Se te nan yon sèvis Mèkredi swa; epi legliz la pat gwo pase sa, men mpat gen pwoblèm avèk sa. Mwen te jis renmen anseye moun sou sa ki gen pou wè ak Wayòm lan. Pandanm te rive nan legliz la, mwen te wè sa

aprèt etranj ke pòt yo te fèmen epi pat gen pyès moun la. Mwen te rive 10 minit anvan sèvis la te kòmanse. Mwen te tandè yon kamyon byen fò dèyèm nan, epitou pandan mwen tap gade anwo, mwen te wè yon ansyen kamyon pikòp ki tap rive dèyè legliz lan. Mwen pat panse anyen sou sa; apre tout, mwen te nan anba lavil nan Atlanta.

Pandan map tann toujou, gen yon nonm ki tap mache soti dèyè batiman an epi li te prezante tèt li kòm pastè a. Li te dim ke li te regrèt paske li te anreta, men ansyen kamyon li a pat kapab estat. Li te dim li te oblije kòmanse woule li desann sou yon ti mòn poul te kapab estat li sou anbreyaj. Li tap poul kontinye di ke pafwa li pat kapab estat ditou, epitou li te konn oblije mache pandan 5 kilomèt poul vin legliz lan. Map oblije admèt ke mwen te yon ti kras etone pou mod konvèsasyon sa.

Li tap kontinye eksplikem ke legliz la prensipalman, yon ministè sansibilizasyon epitou li te konn bay plizyè milye moun pwovizyon manje chak mwa, anjeneral li konn depase plis pase 10,000 repa chak mwa, nan yon sèl andwa. Pandan pastè an tap pale a, mwen te vin fache. Men yon nonm Bondye kap bay plis pase 10,000 moun manje chak mwa, epi menm yon bon machin li pa genyen? Mwen kapab jere sa. Mwen te gen yon machin lajènès ki gen sèlman 20,000 kilomèt sou li lakay lan ke mwen tap fèl kado. Mwen te dil plan mwen genyen an epi mwen tap voye youn nan anplwaye mwen yo vini Atlanta avèk machin nan. Li, se vre, tap tranble.

Mwen te pase nwit lan ap anseye pastè a ansanm avèk ti legliz li a sou sa ki gen pou wè ak Wayòm Bondye a epi ki fason li fonksyone anrapò avèk lajan. Mwen te gentan konnen ke sa te enpòtan anpil pou yo te kòmanse montre akisa Wayòm nan te sanble pou moun kite bezwenl dezespereman.

Lè mwen te retounen lakay mwen, mwen te fè aranjman pou machin nan te desann Atlanta. Lè manm anplwaye sa te vin pran machin nan, mwen te gentan konnen mwen tap fè yon tranzaksyon espartyèl nan syèl la. Mwen te gentan konnen ke apre mwen te fin lage machin sa nan Wayòm Bondye a, mwen te kapab fè Bondye pou yon lòt machin ke mwen tap bezwen tou. Mwen pa yon moun ki renmen machin, sa vle di mwen reyèlman pa tizè machin. Wi, gen kèk moun ki konsa, men se pa mwen menm. Alòs, mwen te mete menm sou machin sa pandan manm ekip pa mwen an te vin pran machin lan, epi mwen te di, “Papa, map lage machin sa dapre akò a nan ministè sa nan Atlanta. Pandan map lagel, mwen simenl kòm yon semans epitou mwen kwè ke mwen gentan resevwa youn \_\_\_\_\_.” Mwen pat kapab panse ak yon machin ke mwen te vle. Alòs, mwen te di, “Map gen poum tounen vin jwenn ou sou sa!”

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Byen, pandan 2 pwochen mwa yo, reyèlman mwen pat twò panse ak modèl yon machin, men yon jou maten, mwen te mande Drenda ki kalite machin li ta renmen genyen. Apre li te reflechi pou yon ti tan, li te dim yon dekapotab tap bon wi. Ok, mwen te mande li ki kalite dekapotab li te vle menm, okenn nan nou pat kapab panse avèk okenn modèl kite alamòd. Aprem te fin achte machin lan pou Drenda, mwen te vle asirem ke li te resevwa machin ke li renmen an. Mwen te dil al tcheke sou entènèt la oswa gade nan antouraj la epi la fèm konnen si li jwenn yon dekapotab ke li renmen. Nou pat di okenn moun dezi nou te genyen poun gen yon machin tou nèf, men pandan tan sa, nou te kenbe zye nou louvri lè nap kondwi, nap chèche yon machin kite kapab atire atansyon nou.

Yon jou, pandan nou prale nan yon restoran ki nan zòn lan poun manje vè midi, toudenkou, Drenda te rele byen fò, “Men li!” Mwen te mandel, “Kisa ki genyen?”. “Machin, mwen renmen an.” Li te lonje dwèt sou pakin nan, alòs mwen te kondwi ale nan pakin nan epi mwen te kanpe dèyè yon BMW Seri 6 Ci dekapotab, yon bèl machin poum byen diw. Epi, mwen kapab ajoute tou se yon machin ki vann chè anpil. Mwen te fèl konpliman paske li konn gou bouch li epi Drenda te di li ke se te yon bèl machin.

Koulye a, ou bezwen konnen ke Drenda ansanm avèk mwen pa soti al peye pakèt lajan poun achte machin. Jan mwen te gentan di sa, mwen pat janm yon nonm ki tize machin. Antanke yon moun ki nan domèn finance, mwen te gentan konnen tou kijan machin sa yo pèdi valè byen rapid epi ke li te toujou pi bon pouw achte yon machin ki gen youn a 2 zan yo. Alòs, se sa kite plan pa mwen; Mwen tap chèche youn ki bon men kite gentan itilize.

Byen, yon semèn pita, gen yon nonm nan legliz la kite relem, li te di pawòl sa yo, “Mwen jwenn machin Drenda a!” Mwen te sezi paske nou pat pale pawòl konsa ak pèsonn de BMW nou te wè jou sa a lè nou tal manje vè midi an. Se konsa, mwen te mandel ki kalite machin li ye, epi li te dim se te yon BMW Seri 6 Ci dekapotab. Li te dim pandan tap kondwi, li te wè machin lan, epi Senyè a te dil ke sa se machin Drenda a. “Ok, kounye a ou gen tout atansyon mwen,” se sa mwen te dil. Machin nan tap itilize pandan yon ane epi li te nan yon trè bon kondisyon. Mwen te fin peyel avèk lajan kach, epi Drenda te gen machin lan.

Waw, kijan bagay sa te fè rive?

Ann konpare istwa a avèk sa nou te aprann sou lafwa ansanm ak mete digo a. Apre mwen te fin bay machin mwen an, mwen te nan lafwa. Men, lè Drenda te vin di byen fò, “Se li sa!” se dogo a li tap mete, kèk jou apre, machin nan te parèt. Malgre mwen te

tandel di byen fò, “Se li sa!” Mwen pat janm mare deklarasyon li an ansanm avèk digo Mak chapit 4 la. Men, pwochen istwa sa te vin fèl pi klè toujou.

### **Pouvwa Pawòl Ou yo**

Jan mwen te gentan diw sa, mwen posede 60 kawo tè ak apeprè 10 kawo nan tè sa kise marekaj. Mwen renmen fè lachas nan sezon otòn, epi menm si mwen te konn ap chase kana depi lèm nan lekòl segondè, mwen vreman pat konn fè okenn lachas kana bò isit la nan Owayo. Men, ane sa, marekaj lan te plen avèk dlo, epi yo bann gwo kana te jis kontinye ap vole ladanl. Plizyè santèn tap vini chak jou pou poze nan mitan lannwit. Alòs, mwen te pran fizim yon jou swa epi mwen te soti epim te tire gwo bon kantite kana poun manaje nan dine.

Sezon Otòn sa, tou 2 ti gason mwen yo ansanm avèk mwen te jwi kèk bon kana nou te pran nan lachas. Gen yon bagay ke mwen remake, se paske, anpil fwa, kana yo te konn nan vizè fizi mwen yo. Lè wap chase kana, legalman ou gen pèmisyon pouw sèvi ak katouch asye kòm opoze katouch plon tradisyonèl la. Katouch plon an se sa ki pi lou a epi enèji li mennenl pi lwen pase katouch asye a, alòs pwoblèm nan se rive tire nan yon distans lè wap chase kana.

Men, pandan sezon otòn sa, pandan mwen tap pale ak kèk lòt chasè kana parèy mwen yo, yo te palem de nouvo zam sa kite fèt pou chase kana menm. Zam sa yo te kapab tire katouch ki pi lou epi yo te gen kamouflaj tou. Mwen te enterese anpil poum te achte youn, men Desanm te rive, sezon kana te vin fèmen, epi mwen pat panse sou sa ankò.

Nan kòmansman mwa janvyè, mwen te pase nan Cabela (yon bon magazen lokal pou espò) poum te achte yon bagay, epi mwen te vin sonje zam kana yo. Mwen te vle wè youn. Se konsa, mwen te mache ale sou kontwa zam lan ki sou wout soti a, epi mwen te wè yon seksyon konplè nouvo zam sa ki dedye pou chass zwazo nan dlo. Mwen te raplem de zam sa, sanm pat reflechi, mwen te lonje dwèt mwen sou sa mwen te panse kite pi bon an epim te di byen fò. “Seyè, map genyen zam sa.” Mwen pat panse sou kijan mwen tap di sa; pawòl la te jis soti nan bouch mwen. Sezon an kana pa tap ko louvri toutotan sezon otòn lan pat rive, alòs mwen pat planifye poum te achte zam lan jiskaske sezon an te sou wout poul te preske rive.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

2 semèn apre, yo te envitem poum vin pale nan yon konferans ki tap fèt sou biznis. Lè m te fini, CEO a te vin remèsye mwen, epi li di yo te achte yon kado pou mwen. Avèk gwo etonman, li te pote egzaktman zam sa, modèl egzak la, sa mwen te lonje dwèt mwen sou li a 2 semèn anvan sa nan Cabela a. Mwen te totalman etone akoz yon kado jenere sa, men mwen te gentan konnen sa se pat yon aza. Apre sa, mwen sonje pawòl sa mwen te di pandanm te nan magazen Cabela a epi mwen vin reyalize sa mwen te fè a. Mwen te mete digo a ladan!

*Li te di tou, “Men tankou kisa wayòm Bondye an ye. Yon nonm tap gaye grenn sou tè a. Lajounen kou lannwit, kit li tap dòmi, kit li te reveye, grenn nan pouse epi grandi, menmsi li pat konnen kijan. Tè a poukont pal te pwodui grenn lan—pye ble a anpwemye, apre sa tè la, apre sa nwayo okonplè nan tè la. Kou ble a te mi, li mete digo sou li, paske rekòt la tap rive.”*

— Mak 4:26-29

Mete digo a montre menm prensip sa ke nou tap pale de li anvan an konsènan lafwa nan Women 10:10 la.

*Paske, se avèk kèw kew kwè epiw te jistifye, epi se avèk bouch ou kew deklare lafwaw epi kew te sove.*

— Women 10:10

Avèk tout kè mwen, mwen te kwè, epi se avèk bouch mwen ke mwen te lage Wayòm lan nan domèn tè a. Mwen te fè kado plis pase 30 zam, men se te premye fwa map sonje ke mwen te di byen fò, “Mwen pral gen zam sa.” Men, pandanm tap reflechi sou sa pandan yon minit, te gen yon sèl lòt fwa ankò mwen te fè menm bagay lan—men nan epòk sa, mwen pat gen okenn siy sou fason Wayòm lan tap fonksyone.

Lè Drenda ansanm avèk mwen te tounen nan vil Owayo, nou te soti nan Oklawoma kote yo te konn fè lachas sèf avèk fizi nòmal. Men, nan Owayo, fizi pat legal; sèlman fizi ki fèt pou lachas kite kapab sèvi epi se ak bal yo te baw pèmisyon pou sa. Tout sa mwen te genyen nan moman sa se te yon 20-kalib barik doub avèk li mwen te aranjem poum te rekòlte 2 sèf pandan premye ane nou te demenaje a. Men, mwen vreman swete kem te gen yon pi bon fizi kite fèt pou lachas sèf espesyalman. Map sonje ke apre premye sezon lachas sèf la nan Owayo, mwen te fè kèk kòmantè ansanm ak Drenda ke mwen te swete



genyen yon zam modèl Remington 11-87 12-kalib avèk yon stòk nwa sentetik pou lachas sèf. Fèt nwèl te manke kèk semèn sèlman poul te rive, epi mwen te sezi wè lè papam te banm egzateman fizi sa pou kado Nwèl la. Mwen pat menm dil ke mwen te bezwen youn. Mwen sonje mwen tap panse, “Gasonm, bagay sa te dwòl.” Mwen te mete digo a san mwen pat konnen se sam tap fè.



## CHAPIT 4

# ÈSKEW PA SONJE?

Nan premye epòk yo, lè mwen tap aprann kòman Wayòm lan te konn fonksyone, mwen te sezi wè bagay mwen tap gade yo. Se sitou paske yo pat janm anseyem ankenn nan bagay ke mwen tap gade yo. Men, jan mwen te gentan di sa nan premye pati liv la, Bondye sanble te sèvi avèk lachas sèf mwen an poul te kapab anseyem anpil nan leson Li tap anseyem yo. Alabaz, mwen se yon moun ki trè senp, epitou mwen panse se te yon bon fason poul kenbe atansyon mwen. Apre mwen te fin aprann kijan poum simen pou sèf mwen yo epim te vin kòmanse ap rekòlte yo—pi souvan nan apeprè 40 minit aprem te fin soti poum fè lachas, Bondye te kòmanse amelyore leson mwen yo poum te kapab vin konprann pi byen fonksyonman Wayòm nan.

Mwen te nan Tulsa, Oklawoma, lè Bondye te montrem kijan poum fè lachas baze sou lafwa pou 6 pwen bouk yo. Epitou, jan mwen te gentan diw sa a, nou te tounen nan Owayo nan ane apre a. Owayo te gen yon bann gwo sèf epiw te gen pèmisyè pouw te pran 2 sèf, men yon sèl ladan yo te kapab yon bouk. Alòs, lè mwen te rive Owayo, mwen te kòmanse simen pou 2 sèf, yon bouk avèk yon lapen chak ane. Menm jan avèk yon revèy, se sa mwen te toujou resevwa.

Men, te vin gen yon ane, mwen te remake yon bagay kite twoublem. Mwen te panse, “Non, sa pat kapab rive konsa.” Kòm mwen te fenk fini nan sezon sèf la, mwen remake ke sèf yo te vini nan liy jan mwen te ekri sou chèk mwen an nan moman mwen tap simen grenn pa mwen yo. Kòm egzanzp, si mwen te ekri “pou yon sèf avèk yon bouk,” sèf lan te vin anpremye epi lapen an andezyèm. Pandan mwen tap reflechi sou sezon kite sot pase

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an**

yo nan Owayo, mwen te panse sa tap pase chak ane. Mwen pat sèten kòm mwen pat janm bay twòp atansyon ak sa, men pou kèk rezon, mwen te mande si se te laverite.

Alòs, ane kap vini an, mwen te gentan konnen mwen te dwe chèche konnen. Map dakò ke se te yon panse moun fou, men mwen te panse li sanble tap travay nan fason sa, epitou mwen pat janm konnen sof sim te fè kèk eksperyans. Alòs, mwen te ranvèse lòd jan sa te konn fèt la, lè mwen te simen grenn mwen yo pou ane sa. Fwa sa, mwen te mete lapen an anpremye sou lis la. Anvan nouss lis sa, mwen te konn toujou ekri sèf lan anpremye lè map simen grenn mwen yo. Ou mèt asirew, yo te vini egzaktman jan yo olase an lòd la. Se konsa, ane ki tap vini an, mwen te fè lis lan ankò, epi yo te vini nan lòd ke mwen te ekri yo a. Mwen pat janm rive panse ke yon bagay konsa ta kapab rive. Mwen vle diw, èske Wayòm nan te dirèk konsa?

Pouw kapab konnen èske s te kapab pase tout bon vre oswa èske se jis yon konyensidans, rasirew, mwen deside chèche konnen epi fè yon eksperyans kite yon te ale ti kras pi-pwofon toujou. Ane sa, mwen te simen grenn mwen yo pou yon sèf sèt-pwen. Mwen te gentan konnen ke yon sèf nòmal, tipik tap gen plizyè pwen sou chak bò, alòs mwen te chwazi yon nimewo enpè ansanm avèk yon nimewo ki egzak. Alòs, se konsa Drenda ansanm avèk mwen te simen pou, bagay etranj sa. Nou te lapriyè epi nou te lage semans nou an pou yon sèf sèt-pwen.

### **Nan ki Nivo Lafwa Espesifik?**

Oktòb te rive finalman, epi sezon banza a te vin louvri. Anjeneral, mwen pat kapab tann poum tale nan rakbwa yo avèk fizi mwen an, men mwen te remake ke mwen te santim etranj pandan sezon an louvri a. Mwen pat gen okenn anvè poum soti. Santiman an te fò anpil epi, li te etranj, mwen te gentan konnen ke mwen jis pa tap kapab soti ankò. Nan epòk sa, mwen te panse ke mank anvè sa poum tale lachas lan tap pase pandan sezon an tap kontinye epi fèy yo te kòmanse ap tonbe. Men, se pat sa, mwen jis pat kapab eksplike sa ki tap pase a; Mwen pat gen okenn anvè poum soti, okenn. Map sonje mwen menm ki tap panse, “Èske sa sa ki rive lèw kòmanse vin granmoun, ou jis sispann fè aktivite yo?” Mwen vle di mwen pat kapab eksplike santiman etranj sa ke mwen te genyen an. Se te tankou mwen pat bay sa regle anyen pou mwens sim pat janm ale lachas sèf ankò. Byen, nou te nan mwa Novanm kounye a, epi mwen te vin yon ti jan enkyè.

Mwen te gentan rate pi bèl moman nan rakbwa yo epi peryòd ki pi cho a. Apre sa, nou te vin nan mitan mwa Novanm lan, epi mwen te toujou pat gen yon tikras dezi poum tal fè lachas sèf. Mwen tap mande èskem tap menm rive soti deyò a; se konsam te santim.

Paran Drenda yo te kondwi soti Alabama pou yo te vin rete avèk nou pou kèk jou. Pandan nou te chita ap pale nan salon an, toudenkou, mwen te bezwen yon bezwen poum tale nan rakbwa nan demen. Se tankou te gen yon entèripte kite limen. Mwen te di yo tout la ke mwen te oblije soti demen maten poum al pran sèf mwen an. Tout sa te rive sanzatann, mwen te eksite avèk lespwa pandanm tap prepare ekipman mwen yo pou demen maten.

Mwen te gentan konnen ke sèf 7-pwen mwen an tap la. Apre sa, mwen te vin konprann. 7-pwen sa pat dwe la nan mwa Oktòb la, epitou li pat la tou jou anvan an. Kapab se poutèt rezon sa ki fèm te santi dekourajaman sa konsa poum fè lachas sèf la. Map kapab imajine kòman sa tap difisil sim tap tann pandan yon mwa edmi sim te jis ap gade deyò nan fenèt mwen epi swete ke mwen te deyò deyò a chak jou pandan yon mwa edmi. Sa tap depresyon total. Nan pwen sa, tout bagay yo se te jis yon teyori, men mwen te sou wout poum te teste sa nan denmen maten.

Li te fè nwa lèm te leve jou maten sa, epim te lapriye nan mitan lannwit lan poum te kapab wè sou ki pye bwa mwen ta dwe kanpe. Mwen gen plizyè pozisyon sou pwopriyetem lan, pandanm tap priye sou sa a, mwen te santi sètenman ke mwen ta dwe ale nan stand marekaj la. Nou rele li stop marekaj paske li sitye sou fwontyè sou 10 kawo marekaj sou yon bò stop la avèk raje sou lòt bò a. Mwen te gentan konnen ke kèk fwa sèf yo konn nan lanlantouj marekaj lan lè yo prale nan kwen an. Stop sa te pote rezilta, epi mwen espere kem tap wè sèf mwen an ki kanpe nan marekaj la jou sa.

Pandanm tap pase poum al nan pozisyon an, mwen tap revize sa Bondye te montrem yo sa gen kèk tan konsènan Wayòm Li an atravè lachas sèf lan, epim te santi ke Li tap anseyem plis bagay toujou. Mwen te eksite wè rezilta eksperyans mwen an.

Leve solèil lan jou maten an tap leve tou dousman, epi son ak lodè abityèl jou maten yo sezon otòn lan tap di byenveni ak yon akeyi chanjman pou mwen. Mwen te vrèman manke bagay sa yo. Sa te prèske gen inèdtan jou maten sa, epitou pat gen okenn siy sèf. Men, mwen te gentan konn sa nan swiv woutin sèf yo sou pwopriyete mwen an ke sèf lan tap antre nan zòn sa ti kras pita jou maten sa paske se te yon zòn yo vin kouche. Malgre mwen te kanpe la pou apeprè inèdtan konsa, ekleraj poum te tire yon katouch legalman te sèlman disponib pou apeprè 40 minit.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Pandanm chita la, mwen te tande yon pòt machin ki tap frape nan kay la. Apre sa, mwen te vin sonje ke paran Drenda yo tap tounen lakay yo jou maten sa, kondwi tounen Alabama, epitou mwen te vle al di yo-orevwa. Alòs, se pat avèk tout kèm, mwen te desann kotem te kanpe a, panse kem tap bezwen tounen ankò yon lòt jou pou 7-pwen mwen an.

Pandan map rive nan kay la, tout moun te gentan leve epi yo te gentan pare pou manje dejene. Se mwen ki toujou kwit manje pou dejene pou fanmi an, mwen te konn kwit dejene prèske chak jou pou Drenda ansanm avèk pou nenpòt lòt moun ki la yo. Alòs, mwen tal prepare dejene a jou maten sa pandan paran Drenda yo tap fini mete afè yo nan machin la. Se vre, yo te mandem kote sèf la, mwen te oblije di yo ke mwen te deside abandone plan mwen an pou mwen te kapab vin pase matine a ansanm avèk yo. Wi, mwen te yon ti kras desi. Mwen te gentan antisipe ke yo ta pral prale yon tikras pita pandan jounen an, sa ki tap banm ase tan poum mete sèf mwen an nan valiz.

Men, pandanm te kanpe bò recho a ap brase kèk ze, mwen tap gade deyò atravè fenèt kwizin lan kite fas a fas avèk rakbwa epi jaden nou yo. Mwen te wè yon bouk ki tap kouri dèyè jaden an, nan direksyon marekaj kotem te ye an. Mwen te gentan konnen ke sa ta dwe sèf pa mwen an. Toudenkou, mwen rele byen fò pou yon lòt moun te vin pran kontwòl manje a epim te di mwen fenk sot wè sèf mwen an, epi mwen ta prale poum kapab pran li. Mwen te konnen mwen pat gen anpil tan poum te fè sa.

Mwen ta pral oblije kouri sou pwopriyete a soti nan direksyon ki opoze a poum kapab evite ke Bouk lan te atakem. Mwen te jis panse li ta prale nan direksyon santye pozisyon mwen te ye a. Mwen kouri osi vit ke mwen te kapab ale nan jaden an epi mwen te rive mwen kanpe la men mwen pat wè okenn sèf, sa kite yon bon bagay. Apre sa, mwen te gentan konnen ke mwen tap kapab bat yo la, anreyalite, yo tap chwazi desann santye mwen an pito. Byen rapid mwen te monte nan pye bwa a avèk kèm ap batè epi swe kap koule desann nan vizaj mwen.

Sanzatann, pandanm te chita la, yo te vin parèt. Lapen an te vin trote dirèkteman anba kotem te kanpe a, epi mwen te preparem paskem te gentan konnen ke sèf lan pat lwen. Asirew, li te vin parèt. Mwen pat gentan poum verifye si se te yon 7-pwen ou pa. Mwen te apèn ap leve fizi mwen epim tire katouch la. Nan koatouch la, mwen te konnen ke mwen touche sèt lan men li te touche jis yon ti jan ba, sa kite enkyetem. Bouk la te vole ale nan move zèb yo ak katouch la. Mwen te rete kanpe la pou apeprè 20 minit epi ofinal te mwen desann pye bwa a, anvi poum te tcheke flèch la poum jwenn siy kem te touchel la. Malerezman, te gen yon ti kras san sou flèch la epi atè a.

Mwen te yon ti kras fache akoz katouch mwen an, men mwen te gentan konnen tou ke sèf lan tap kouche nan raje yo, epitou mwen pat ko vle ralel mete deyò. Mwen te konn tire sèf anvan sa avèk yon ti kras san epim te gentan konnen pi bon bagay la se te kite yo kouche la pou yon ti tan. Alòs, mwen te tounen anndan kay la epi fin fè dejene a jou maten sa, mwen te rakonte tout moun yo istwa a, answit mwen te di pitit gasonm yo ke mwen tap bezwen pou yo edem mache nan jaden an poum te kapab wè si nou tap jwenn sèf lan. Espwa mwen, mwen tap jwenn sèf lan tou mouri paskel touche pi mal ke sam te wè sou flèch la epi li tap gentan mouri. Men, mwen te konnen tou kem te petèt touchel twò ba epitou, sèf lan te jis blese.

Aprè nou te fin tann pandan kèk èdtan, nou te soti deyò a, epi nou 3 a te gaye sou tout teren an. Mwen te gen fizi mwen avèm epi li te pare pou si mwen te bezwen li. Menm moman an, yon ti kras pi lwen nan jaden an, Tim tal sote sèf lan. Sèf lan pat wèm epi li tap kouri vin nan direksyon pa mwen an. Pandan lap kouri a, li te vin wè Tom toudenkou, epi li te kanpe poul sa wè nan ki direksyon poul ale.

Bouk lan te apeprè 65 a 70 pye konsa, li te twò lwen poum te fon bon katouch avèk

### **WI, WAYÒM NAN TE ESPESIFIK NAN NIVO SA! PÈSONN PAT JANM DIM WAYÒM NAN TE TRAVAY KONSA, KE SE NAN NIVO SA WAYÒM NAN TE ESPESIFIK, E NOU TE GEN KALITE OTORITE SA A.**

yon ti kras fòs jou sa, men mwen te gentan konnen ke se te sèl grenn chans mwen te genyen. Byen rapid mwen te leve fizi mwen an epim metel nan pozisyon sèf lan epim kite flèch lan pati. Nan gwo sezisman, flèch lan tale dwèt nan mitan kou sèf lan. Li te woule sou mòn lan, mwen pat wèl. Mwen te sezi. Waw. Nou tap avanse tou dousman nan direksyon kote sèf lan te kouri a, epi mwen te wèl kouche la nan apeprè 100 pye

yo devan nou an. Li te gen tèt li anlè men li pat wè nou, alòs nou te deside fè bak poun retouen pita.

Ok, lèm di pita a se te vrèman pita paske mwen te gen yon jounen ki chaje nan legliz la epi mwen pat kapab retounen lakay jiskaske tel vin fè nwa. Tim ansanm avèk mwen te pran yon flach epi nou te tounen kote nou te wè sèf lan kouche a. Nou jwenn li kèk pye anlès de kote li te tonbe a. Byen rapid mwen te gade bòt bwa yo, epi devan mwen an se te sèf 7-pwen an. Mwen tap gade bouk lan pandan map tranble. Tim ansanm avèk mwen

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

te remèsye Bondye pou sèf la, epi pandan nap trennenl lan ale nan kay la, nou tap pale sou Wayòm nan ak bagay sa nou fenk sot wè te rive a.

Wi, Wayòm nan te trè espesifik! Pèsonn pat janm konn dim ke Wayòm nan te konn travay konsa, ke Wayòm nan te espesifik konsa, epi nou te te gen kalite otorite sa aktyèlman.

### Yon lòt Dekouvèt

Map sonje te gen yon lòt lachas sèf kote mwen te plante grenn mwen yo poum te pran yon bouton. Yon sèf bouton se yon animal anyèl, ki gen anpil ti kòn. Paske yo tèlman piti, lè yo lwen, bouton an kapab sanble avèk yon lapen. Akoz de sa, yo konn konte sèf bouton an kòm yon lapen nan eta Owayo a. Tanpri sonje byen, se pa pitit sèf yo ye. Yo pat byen gwo tankou yon sèf ki fin-grandi, men se te prèske sa.

Alòs, nan jou sa anpatikilye, mwen te moute sou pye bwa mwen konn kanpe a, epi yon gwoup antye sèf te vin parèt, apeprè 9 oswa d10 konsa. Yo te yon ti kras tan apre yo te soti nan perimèt fizi mwen an, tou dousman yo tap kite direksyon mwen an. Menm moman an, vwazen an tap fè bri ak ti machin 4-wou yo a. Akoz son an, tout bèt yo te pete kouri ale lwen byen mwen. Mwen te di byen fò, “Sèf bouton, mwen baw lòd pouw retounen vin kanpe anba pye bwa mwen an.” Ou, wè imaj lan. Se rekòlt yon chan mayi, epi tout 9 sèf yo tap kouri tou dwat ki nan direksyon mwen an. Avèk pawòl mwen, gen yon sèf ki kite gwoup lan, li tap kontinye kouri nan yon sèk ozalantou, li vini dirèkteman anba pye bwa mwen ye a, epi li kanpe! Mwen te pote sèf lan lakay, epi wi, se te yon bouton sèf.

Se kalite bagay sa yo mwen te kontinye ap wè plizyè fwa ankò. Mwen pral diskite plis andetay sou fason enkwayab epi espesifik de Wayòm lan pita nan liv sa, men pou kounye a, an nou jis reyalize ke gen yon bagay enkwayab kap pase isit lan.

Wayòm nan te chanje lavi nou, epi nou pat kapab sispann di lòt moun bagay sa. Nou gen anpil istwa konsa, epitou nou te wè anpil bagay tou. Nou te wè mò yo kite leve soti vivan lanmò, timè kite disparèt imedyatman, istwa finansye ki enkwayab, bèl istwa enkwayab sou delivrans avèk direksyon. Avèk yon grangou poun pale ak lòt moun de bonte Wayòm Bondye a, Drenda ansanm avèk mwen te santi ke yo tap dirije nou poun te kòmanse Legliz Viv Lafwa nan lane 1995 poun ede lòt moun konprann Wayòm nan. Apre



sa, Bondye te dirije nou poun lanse Viv Lafwa Kounye a, ministè medya nou an, nan ane 2006, kise emisyon ministè televizyon nou an ki pase nan chak zòn lè sou planèt la yon chak jou. Nou te vin dekouvri ke gen moun toupatou ki anvi konnen kijan pou yo viv mod lavi wayòm nan ki gen libète avèk viktwa.

### **Wayòm Bondye an ap Travay Pou Tout Moun**

Pandan mwen te chita map ekri chapit sa maten an, mwen te tcheke imèl mwen. Nou resevwa imèl chak jou nan men moun kap di nou kijan Wayòm Bondye a ap chanje lavi yo tou. Mwen te panse poum ta kitew fè pati jounen mwen, paske imèl sa te fenk rive sa ka gen kèk minit konsa.

Kiyès moun mwen ye pou Lap panse ak mwen? Kèk ane anvan sa, mwen te kòmanse koute ansèymanw yo, depi lè sa map wè mirak. Mwen te wè gerizon ak mirak finansye. Kounye a, lesprim te vrèman eblouyi pandan map gade nan antouraj epi mwen wè bonte Li. Mwen wè moun ki nan bezwen epi pòt kite louvri pou Levanjil la avèk laverite. Mwen wè pòt ki louvri pou verite a! Epitou, sa ki etonem pi plis lan se lèm te wè kès mwen plen. Li fèm vin rich poum kapab bay, pou lòt moun kapab wè Li! Mwen se yon enspektè ki anplaye pwòp-tèt mwen. Regilyèman map konseye enspektè ki pi piti yo, epi mwen te kòmanse yon gwoup biznis kretyen kote nou pale sou apèl sa pou nou vin jenere epi leve pwochen jenerasyon an...ke Wayòm nan se pa yon konpetisyon men se abondans. Anverite, ansèymanw yo chanje lavim, epi kounye a, kap pase bay lòt moun; epi jan Li te etablim lan, lòt moun kounye a ap koute epi wè glwa Li. Son bagay ki tèlman enb pouw wè sa Liap fè yo ak kijan Lap kontinye bay. Mèsi pou ministè ou an!

Avèk imilite,

B.F.

Knoxville, TN

Se kalite imèl sa yo nap resevwa tout tan. Men, nou konn jwenn anpil kesyon tou sou fonksyonman Wayòm nan. Moun yo mande nou kijan pou yo opere anndan Wayòm nan ak kijan pou yo rive wè bagay sa yo ke Drenda ansanm avèk mwen te konn wè yo.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

Se sa menm ki objektif liv sa, katriyèm nan seri liv mwen an “Revolisyon Finansye Paw”. Siw gen lòt liv mwen yo, ou gentan konnen mwen te pran tan jiskaskem rive nan pwen sa poum revize kèk nan konsèp kle yo ke nenpòt moun lan ki vle opere nan Wayòm nan ap bezwen konnen.

Men koulye a, mwen vle antre pi fon toujou nan sa kise fonksyon Wayòm nan epi, mwen espere, edew konprann plis toujou sou fason pouw viv nan Wayòm nan avèk rezilta yo. Mwen vle kòmanse pa tabli sa mwen rele 5 etap debaz yo pouw resevwa pwovizyon ou bezwen nan Wayòm Bondye a, menm jan Bondye te anseyem sa.

### 5 Etap Bebaz yo Pouw Resevwa Pwovizyon Ou Bezwen an

An nou kòmanse ak yon istwa ki nan Mak 8:14–21.

*Disip yo te bliye pote pen, sof yon pen yo te gen avèk yo nan kannòt la. Jezi te avèti yo, “Fè atansyon,” “Fè atansyon avèk ledven farizyen yo epi ledven Ewòd yo.”*

*Yo tap pale de sa youn ak lòt, epi yo te di, “Se paske nou pat gen pen.”*

*Konsyan de diskisyon sa, Jezi te mande yo: **“Poukisa nap pale de pa gen pen? Ou toujou pa wè sa osyaw pa konprann? Èske kèw ki fè tèt ou di? Èskew gen zye menw pa kapab wè, ou gen zòrèy menw pa kapab tande? Epi tou, èskew pa sonje? Lè mwen te kase 5 pen yo pou 5 mil moun yo, konbyen panyen kite plen moso pen nou te ranmase?”***

*Yo te reponn li, Douz.*

*“Epi lè mwen te kase 7 pen yo pou 4 mil moun yo, konbyen panyen kite plen moso pen nou te ranmase?”*

*Yo te reponn li, “7.”*

*Li te di yo, “Nou poko konprann toujou?”*

— Mak 8:14-21

Alabaz, Jezi tap di, “Ey, mesye, èske nou pa sonje? Nou te gentan pale de sa, epitou ou te gentan wè tou kòman nou te jere pwoblèm mank pen sa nan tan pase yo.” Men, disip yo jis pat kapab vlope tèt yo nan bagay sa. Alòs, Jezi te di yo pou yo te reflechi sou sa kite konn ap pase nan tan lontan yo. Li tap ba yo yon endis serye. “Reflechi ak dènye fwa nou tap fè fas ak sitiyasyon parèy tankou sa, se la wap jwenn repons lan.” Mwen ta renmen sijere ke repons sa se repons nou an tou. Wi, nou wè ke pen an avèk pwason an te miltipliye, nenpòt moun te kapab wè sa, men antanke syantis espiritiyèl, nou vle fouye pi fon toujou. Kijan sa te fè rive? Alòs, an nou tounen nan istwa sa ke Jezi tap fè referans lan epi chèche endis yo.

*Aprè sa, li te vin byen ta nan jounen an, alòs disip yo te vin bò kote li. “Isit lan se yon andwa ki lwen,” se sa yo te di, “epi li te gentan fin ta anpil. Voye moun yo ale pou yo kapab ale nan pwovens ak nan bouk ki nan antouraj yo pou yo kapab al achte yon bagay pou yo manje.”*

*Men, li te reponn, “Ba yo yon bagay pou yo manje.” Yo te di li, “Yon bagay konsa tap pran plis pase mwatye salè yon ane! Èske nou pral depanse tout kòb sa nan achte pen pou nou ba yo manje?”*

*“Konbyen pen nou genyen?” Se sa li te mande. “Ale gade poun wè.” Aprè yo fin konnen, yo te d, “5 pen—ak 2 pwason.”*

*Aprè sa, Jezi te mande yo pou yo te fè tout pèp lan chita an gwoup sou zèb vèt la. Alòs, yo te chita an gwoup santèn ak senkantèn. Li te pran 5 pen yo ak 2 pwason yo, li leve zyèl nan syèl la, li di Bondye mèsi, li kase pen yo. Aprè sa, li bay disip li yo, pou yo separe bay pèp lan. Li te separe 2 pwason yo bay tout moun yo. Tout moun te manje, yo te satisfè, epi disip yo te ranmase 12 panyen plen moso pen ak pwason. Kantite moun kite manje yo se te 5 mil.*

— Mak 6:35-44

Mwen sèten ke disip yo te sezi lè yo tal mande Jezi poul te voye moun yo al chèche bagay pou yo manje, Li te vire gade yo epi Li te di, “Ba yo manje.” “Yo” nan ka sa se te plis pase 5,000 moun reyèlman. Bib la di te gen 5,000 gason la, alòs mwen kapab sipoze ke te gen fanm ansanm ak timoun tou, sa kite ogmante chif aktyèl la nan 15,000 a 20,000

moun yo. Mwen panse nenpòt moun tap dakò ke sa se te anpil moun kite manje, espesyalman san okenn avètisman kòrèk oswa preparasyon kite fèt davans.

**JEZI TE VLE ASIREL KE  
YO TAP KONNEN KIJAN  
POU YO TE JERE VI A SOU  
YON LÒT PÈSPEKTIV KI  
DIFERAN, PÈSPEKTIV  
WAYÒM LAN.**

San oken dout, mwen kwè ke Jezi te enterese bay pèp lan manje, men mwen panse ke Li te gen plis entansyon poul te fòme disip li yo nan sitiyasyon ki tap pase a pi plis pase nenpòt lòt bagay lan. Mwen kwè ke se pou rezon sa Li te di yo, “Ba yo manje.” Yo te konn gade Jezi kap fè anpil mirak, men kounye a se te tou pa yo. Apre tou, Li ta pral kite yo byento, epi Jezi te vle asirel ke yo tap konnen kijan pou yo

jere vi a nan yon pèspektiv ki diferan, pèspektiv Wayòm lan.

**Etap #1: Kisaw Genyen?**

*“Konbyen pen ou genyen ?” se sa, li te mande. “Al gade pouw wè.”*

*Lè yo te fin konnen, yo te di: “5—ak 2 pwason.”*

Sa se yon gwo kle. Jezi pat di: “Ann fè wòch yo tounen pen.” Sa tap espiyèlman ilegal. Olye de sa, li te mande yo kisa yo te genyen deja. Espesyalman, li tap mande konbyen nan sa yo te bezwen yo ke yo te gentan genyen. Li te konnen pat gen ase pen ak pwason poul te nourri fowl moun sa, epitou se pat entansyon ankèt li an sa. Koulye a, nan lespri natirèl la, pèspektiv pouw bay tout moun sa yo manje se te yon bagay tèt pa dwa nèt. Disip yo te gentan konnen, san yo pat gade, pa tap gen ase manje pou yo nourri 20 000 moun nenpòt kote yo te gade a. Èskew kapab imajine kisa yo tap panse lè Jezi te di yo, ale wè konbyen pen ak pwason ki genyen an tout bon vre? Apre sa, yo te tounen ak rapò ke tout sa yo tap kapab jwenn se te 5 pen ak 2 pwason? Bagay moun fou, pa vre?

Kitem mete konvèsasyon sa nan pèspektiv li. Antanke pastè, mwen te konn ede fanmi ki nan sitiyasyon finansye difisil nan tan pase yo, petèt nan ede yo peye yon mwa ipotèk oswa peman lwaye yo, peye kèk bòdwo sèvis piblik, oswa achte kèk pwovizyon. Men, ann sipoze ke mwen te konnen repons reyèl lan se pat lonje men ba yo, men olye de sa, mwen te gentan konnen ke repons lan se Wayòm nan.

Konvèsasyon an ta prale tankou yon bagay konsa. “Ey, Pastè Gary, nou vreman pa gen gwo mwayen pou mwa sa, epi nou sou wout pou yo degèpi nou lakay nou an. Èske legliz la kapab ede nou?” “Wi, map kapab edew. Men konsèy pa mwen. Jis peye kay la, epi ou pap enkyetew pou okenn peman.” Yo tap gadem epi yo tap di, “Pastè, mwen pa kwè kew konprann. Nou pa gen lajan pou nou peye pwochen peman kay lan, alewè poun ta peyel nèt.” “Mwen konnen sa,” se sa mwen reponn, “se poutèt sa mwen te diw peye kay lan nèt pouw pat gen okenn lòt peman pouw bay pou kay la.”

Aprè sa, si mwen te mande yo al gade pou yo wè konbyen lajan yo te gen reyèlman ki tap kapab itilize peye kay lan, reyèlman yo tap panse mwen ensanse. Men, si yo te obeyim, yo tale, yo te gade epi yo te tounen vin dim, “Nou te verifye 2 fwa, Pastè. Tout sa nap kapab jwenn se \$20, men balans ipotèk la se \$360,000.” Mwen panse ou gentan konprann. Yo ta pral panse ke mwen pèdi tèt mwen, se pa vre?

Alòs, se konsa disip yo dwe te santi jou sa, totalman twouble. 5 pen ak 2 pwason poun bay 20,000 moun manje?

## OU REKÒLTE SAW SIMEN

Ok, anvan nou antre pi fon nan istwa sa, mwen bezwen fon koub la jis pou yon ti moman poum sa revele yon lòt lwa Wayòm nan ki pral parèt. Pen an miltipliye an pen, epi pwason an miltipliye an pwason. Alòs, ekri bagay sa yon kote.

## OU DWE LAGE KÈK NAN SAW BEZWEN AN NAN WAYOM LAN POUL KAPAB MILTIPLIYE!

Kitem ale nan yon lòt egzanp ki nan Bib lan, answit mwen pral tounen nan istwa nou an ki nan Mak 6 la. Ann ale nan 2 Wa 4:1-7.

*Madanm yon nonm kite soti nan gwoup pwofèt yo te rele bay Elize, li te di, “Marim nan, sèvitèw la, mouri, epi ou konnen li te respekte Seyè a. Men koulye a, moun te konn pretel lajan ap vin pran 2 pitit gason mwen yo kòm esklav li.”*

*Elize te reponn li, **“Kijanm ka edew? Dim, kisa ou genyen lakay ou?”***

*Li te di, “Sèvitèw la pa gen anyen la non, eksepte yon ti krich lwil doliv.”*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*Elize te di yo, “Ale, mande tout vwazen ou yo pou yo pretew yo krich ki vid. Pa jis mande pou kèk grenn. Apre sa, antre anndan kay la epi fèmèn pòt ou apre ou menm ak pitit gason ou yo fin antre. Vide lwil nan tout bokal yo, epi pandan wap plen yo, metel sou yonsèl bò.”*

*Li te ale, li fèmèn pòt la apre pitit gason yo te fin antre. Yo te pote krich yo ba li epi li tap kontinye vide. Lè tout krich yo te fin ranpli, li te di pitit gason li yo, “Pote yon lòt pou mwen.”*

*Men, li te reponn, “Pa gen yon lòt bokal kite rete non.” Apre sa, lwil oliv lan te sispann koule.*

*Li tal di pwofèt Bondye a sa, epi li te di fanm lan, “Al vann lwil la epi peye dèt ou yo. Ou menm ak pitit gasonw yo ap kapab viv ak sa ki rete a.”*

— 2 Wa 4:1-7

Gade byen ke pwofèt lan pat di, “Ok, ann ale nan kès tanp lan pou nou wè sa nou genyen.” Non, li te konnen yon pi bon fason poun te rezoud sa. Li te di, “Kijan mwen kapab edew?” Fi a te gen dwa yon ti kras twouble lè li te reponn, “Kijanw kapab edem? Mwen bezwen lajan!” Men, pwofèt lan pa tap eseye rabel. Li tap poze yon kesyon ki enpòtan anpil ke li te konnen ki tap mennen fanm lan nan repons pa li a. Se menm kesyon an ki pral mennen nan repons paw lan tou.

### **“Kijan mwen kapab edew? Di mwen, kisaw genyen lakay ou an?”**

#### **Kisaw Genyen?**

Kisaw genyen lakay ou an? Mwen sèten li te yon ti jan choke pou kesyon an paske li te gentan eksplike poukisa li te vin la.

Li di, “Sèvitèw la pa gen twòp bagay ladan, eksepte yon bokal ki gen yon ti kras lwil doliv.”

Gade byen aksan fraz li an, “pa gen anyen ditou.” Men, èske reyèlman li pat gen anyen vre?

Non, deklarasyon li an pat kòrèk teknikman. Li te di sèl sa li te genyen se te yon ti bokal lwil doliv. Bingo! Se te tout sa pwofèt lan tap tann poul te konnen?

Epi se tout saw bezwen mande tèt ou tou. Bondye jis bezwen yon bagay ki anba jiridiksyon legal ou poul travay avèk li.

Alòs, ann revize premye etap la. Ou pral bezwen bay Bondye kèk nan sa ou bezwen. Lèw bay Wayòm Bondye a yo, li chanje jiridiksyon, li metel anba dominasyon legal pa Bondye poul kapab miltipliye. Mete sa nan tèt ou, miltipliye pa vle di bagay sa yo nou te

## **LÈW BAY WAYÒM BONDYE A YO, LI CHANJE JIRIDIKSYON, LI METEL ANBA DOMINASYON LEGAL PA BONDYE POUL KAPAB MILTIPLIYE.**

wè nan istwa sa, pen lakay ou pral jis miltipliye pou kont li, jan li chita nan plaka a, malgre mwen te wè kalite bagay sa yo kite rive. Men, anjeneral, Bondye ap fè yon fason pou pen an miltipliye atravè yon entèraksyon avèk lòt moun. Yon moun ta ka petèt jenere anvèw, oswa ou jwenn ogmantasyon nan travay ou a, oswa se yon

ranbousman inatandi ki parèt. Nou pap ka konte kantite fason ke Bondye kapab miltipliye penw lan tounen ba ou.

### **Ou Kapab Bay Kòb Paw lan Yon Non**

Mwen vle rale yon pwèn ki enpòtan anpil sou lajan.

#### **Lajan kapab sèvi kòm yon grenn semans pou nnepòt bagay la.**

Ou nonmen lajan chak jou nan laviw chak fwa wap achte yon bagay. Kòm egzanzp, lèw nan makèt la epi wap achte pen, wap chanje lajanw pou pen sa, oswa anreyalite, wap rele lajanw “pen”. An nou egzamine sa mwen vle di a. Siw bezwen pen, kounye a wap konprann yon lwa ki nan Wayòm lan ki rele simen ak rekòlte. Lèw aplike lwa sa, ou konnen siw simen pen, wap jwenn pen. Men, ann ta sipoze kew bezwen pen, men ou pa gen pen pouw simen. Kisaw tap fe? Ou te kapab simen lajan ak non li tankou se te pen lè wap simen li an. Sonje byen, lajan se tou senpleman yon sistèm echaj. Nou site non li chak jou pou tout sa nou bezwen, poun achte lèt, peye lwaye, achte soulye epi manje. Alòs, ou ka non lajan lè ou bay li tou.

#### **Ou kapab bay lajan yon non lè wap bay li.**

Faith Life Church (Legliz Viv Lafwa), nan New Albany, Ohio, se legliz mwen menm ansanm avèk Drenda te kòmanse sa gen plis pase 25 lane. Nou te konstwi Nouvo

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Senntè, kanpis kote Legliz Viv Lafwa an ye a nan 2008. Se te yon pwojè formidable ki koute 6.5 milyon dola nan epòk la, yon gwo pwojè pou anviwon 550 moun tap jere.

Ok, pandan 10 dènye ane ki sot pase la yo, nou te depase batiman sa. Nan apeprè 3,000 pandan plizyè wikenn se jis tout sa nou te kapab fè. Jere 4 sèvis hak wikenn se reyèlman tout sa mwen te kapab fè. Alòs, nou te deside ajoute sou batiman aktyèl nou an. Se te yon pwojè 10-milyon dola epi sa tap pèmèt nou grandi ak ogmante gwo oditoryòm nou an, ajoute espas pou timoun yo. An menm tan tou, nou te reyalize ke tan kite nesèsè poun bati batiman an se te yon pwoblèm. Sa ki vle di nou tap oblije tann pandan yon peryòd 2 lane edmi poun te kapab sèvi avèk espas nou te ajoute a reyèlman.

Avèk lide sa nan lespri nou, nou te santi ke nou ta dwe ale pou pi devan epi avanse avèk pwojè poun ajoute sou batiman an, men an menm tan an tou kòmanse gade yon sit kanpis, ke nou te santi nou tap kapab genyen epi fonksyone ladanl pou apeprè 6 mwa. Nou te kwè ke sa tap retire kèk presyon sou kanpis prensipal la pandan sa ap pèmèt legliz lan grandi. Alòs, nou te mete yon ekip ansanm poun kòmanse chèch yon sit kanpis. Nou te etidye demografik nou yo epi nou te rete nan yon zòn nan vil la ke nou te santi kite yon bon kote nan vil pa nou an. Nou te gade epi nou regade ankò, nou te prèske peze gachèt la plizyè fwa pou kèk kote ki diferan, men lè nou te rive chita ansanm poun te dakò tout bon vre ke sa se te sit lan, nou tout ta dakò ke te yon bagay pat byen mache. Nou tout te santi yon verifikasyon nan lespri nou.

Koulye a, ann ale byen rapid nan 6 mwa pita, nou te vin jwenn ke nou pat pi pre ke jan nou te kòmanse nouvo sit kanpis nou an. Map oblije admèt ke, Drenda ansanm avèk mwen te tante jwenn yon ti kras dekouraje pandan rechèch la. Nou te gade tout opsyon kite disponib yo nan zòn nou tap chèche a epi toujou pat jwenn yon batiman kite reyèlman ideyal. Wi, nou te simen semans nou an nan kòmansman vwayaj la, epi nou te konnen Bondye te gen batiman pafè a pou nou, men nou pat atann li tap pran tout tan sa poul reyalize. Sa se yon endikatè: pafwa sa ki pafè pran plis tan!

Nan epòk sa, nou te pwograme poun te fè yon teleton poun ranmase lajan pou yon nouvo rezo televizyon. Kite dwe yon evènman 3-jou ki tap andirèk nan maten yo ak nan apre midi pandan 3 jou yo. Mwen panse se te twazyèm jou a, epi mwen te jis chita sou plato a lè mwen te tande Senyè a kap pale avèk mwen. Li te di, “Pran yon chèk \$100,000 dola nan ministè a epi simenl kòm asistans pou televizyon an avèk entansyon poun kraze enpas sa pou kanpis la. Ale avèk chèk la nan tout 4 sèvis ou yo, epi fè legliz lan priye pou kado sa pandan wap libere, epi di ke rechèch kanpis sa fini!” Li te kontinye di ke lèm te



priye poum te reprimande Satan an epi pase konfizyon ak reta lòd pou yo te kanpe. Ebyen, nou te fè sa nan wikenn ki tap vini an pandan sèvis samdi ak dimanch yo.

Nan demen, kite Lendi, ekip kanpis mwen an te di ke yon ajan imobilye a te rele, li te jis jwenn enfòmasyon sou yon kanpis lekòl segondè prive yo te fenk mete sou mache a. Yo te deside al gade li. Lè yo te rive, yo te jwenn yon kanpis konplè K-12, ki gen ladan yon lekòl matènèl. Yo te mande pou li pi plis pase sa nou te vle depanse nan yon kanpis, reyalite a, nou tap chèche lwe nouvo sit nou an poun kapab fè ekonomi lajan kach poun ajoute lòt espas nan kanpis prensipal la. Malgre ke pri a pat reyèlman yon bagay nou te kapab konsidere, Drenda ansanm avèk mwen te deside rive al gade li nan Madi maten.

Sa nou te wè a se te yon sit kanpis enkwayab ki gen 88,000 mète kare, 4 batiman, yon teren kous, yon chanm pouw leve pwa, 4 teren tenis, yon batiman ki dedye pou dizay, laboratwa syans, ak tout sa yon kanpis lekòl K-12 ta bezwen fondamantalman. Pati enkwayab nan istwa a, kanpis la te meble konplètman epitou ranpli avèk pwovizyon. Drenda ansanm avèk mwen te tranble men nou pat kapab wè okenn fason poun te achte pwopriyete sa aktyèlman.

Konsa, sa te vin rive ke nou te gen yon randevou jou swa sa avèk youn nan patnè nou yo jis pou nou mete tèt nou ansanm epi poun te kapab jwenn lòt espas. Nou te repwograme randevou dine sa pwobableman 3 oswa 4 fwa nan de dènye mwa yo akòz nou tou 2 te okipe anpil. Men, jou lannwit sa, nou te rive fè li. Pandan nou te chita la nap manje, nou te kòmanse pale sou espas nap ajoute nan legliz prensipal la. Koup sa te mande nou aki vitès travay yo tap avanse, epi nou te esplike yo kèk gwo reta nou te genyen nan pèmi ak plan ak kèk lòt pwoblèm ankò. Nou te di yo te sanble ke nou pa tap kapab antre nan nouvo espas la jouk nan fen 2022 oswa nan sezon prentan ane 2023 parapò ak vitès bagay yo ap avanse a.

Menm moman an yo te mandem si nou pat janm gen lide poun lanse yon kanpis, epi nou te di wi. Nou te eksplike yo kijan nou tap chèche pandan 6 dènye mwa yo san nou pat janm jwenn yon sit ki apwopriye. Apre sa, nou te pale yo de lekòl enkwayab sa ke nou te jis sot gade jou maten sa, nou tap di ke kanpis sa te pafè, men li te sou mache a pou plizyè milyon dola.

Koup lan te chita la epi yo pat bat zye yo, men yo te senpleman di, “Ok, e si nou jwenn li te gratis?” Nou vrèman pat konprann sa yo di a menm moman an, epi yo te mande nou ankò: “E si nou jwenn li gratis?”, nou te panse yo tap jwe, men fwa sa mesye an te di, “Drenda, e si kanpis lan te gratis?” Nou te mandel, “Kisaw vle di?”. Yo te di,

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an**

“Nou pral ekri chèk la!” Nou te sezi pandan yon ti moman nou te ret chita la. Men, poun fè yon istwa long vin kout, yo te ekri chèk la.

Alòs, 2 jou apre nou te fin simen grenn sa pou kanpis pa nou an, Bondye te dirije nou nan sit pafè sa. Kounye a nou posede yon kanpis 12-milyon dola san nou pat peye yon santim epi san dèt! Kiyès moun ki tap janm panse oswa, menm rive imajine sa? Apre nou te fin wè sa, Drenda ansanm avèk mwen tou 2 te dakò ke menm apre tout sa nou te wè, nou bezwen panse pi gwo toujou. Bondye kapab fè kèk bèl bagay ki enkwayab!

Map panse ke Bondye dwe te santi menm bagay lan tou pou disip yo jou sa, apre yo te fin bay 20,000 moun manje avèk 5 pen epi 2 pwason. Map parye ke disip yo tale nan kabann yo pandan yap di, “Waw, ou te wè sa?”

## CHAPIT 5

# OGMANTE PWOVIZISYON PAW LAN

Nan dènye chapit la, nou te pale sou premye etap pouw kapab angajew nan lwa Wayòm lan pou pwovizyon paw lan.

### **OU DWE LAGE KÈK NAN SAW BEZWEN NAN WAYOM NAN POUL KAPAB MILTIPLIYE!**

Aprè sa, mwen te diw ke mwen tap reponn kèk kesyon tou konsènan deklarasyon sa, premye imen an, “Kisa pawòl sa vle di lage yon bagay anndan Wayòm lan pou li kapab miltipliye?”

Yon fwa ankò, ann tounen nan istwa sa ki nan Mak 6 la poun kapab jwen kèk endis.

*Aprè sa, li te kòmanse ap vin ta nan jounen an, alòs disip yo te ale bò kote li. “Isit lan se yon andwa ki lwen,” se sa yo te di, “epitou li gentan fin ta anpil. Voye moun yo ale pou yo kapab al gade nan pwovens ak nan bouk yo ki nan antouraj la pou yo kapab achte yon bagay pou yo manje.”*

*Men, li te reponn, “Ba yo yon bagay pou yo manje.” Yo te di li, “Yon bagay konsa tap pran plis pase mwatye salè nan yon ane! Èske nou pral depanse tout kòb sa poun achte pen pou nou kapab ba yo manje?”*

*“Konbyen pen nou genyen?” Se sa, li te mande yo. “Al gade poun wè.” Aprè yo fin konnen, yo te di, “5 pen—ak 2 pwason.”*

*Aprè sa, Jezi te mande yo pou yo te fè tout pèp lan chita an gwoup sou zèb vèt la. Alòs, yo te chita an gwoup santèn ak senkantèn. Li te pran 5 pen ak 2 pwason yo, li leve zyel nan syèl la, li di Bondye mèsi, li kase pen yo. Aprè sa, li remèt disip li yo li, pou yo separe bay pèp lan. Li te separe 2 pwason yo bay*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Pwovizyon an

*tout moun yo. Tout moun te manje, yo te satisfè, epi disip yo te ranmase 12 panyen plen moso pen ak pwason. Kantite moun kite manje yo se te 5 mil.*

— Mak 6:35-44

Mwen vlew bay plis antansyon sou kèk bagay nan istwa sa kew petèt te neglije. Lè Jezi te di, “Ba yo yon bagay pou yo manje,” repons pa yo a ansanm ak repons Jezi a montre nou youn nan kle ki pi enpòtan pou nou konprann Wayòm lan ki gen rapò ak pwovizyon an. Apre yo te fin reponn Li, yo te di sa tap pran plis pase mwatye salè nan yon ane poun bay tout moun sa yo manje. Gade kijan lespri yo te mare nan pwovizyon ke yo te bezwen travay pou sa pandan yo tap fè fas ak pwoblèm lan. Ok, reyalyte a nou tout tap fè menm bagay lan. Men, koze mantalite dola sa pou plizyè èdtan pat toujou fè pati konsyans lèzòm. Bagay sa te vin rive nan sezon otòn lan avèk Adan. Mwen ta bezwen pouw tounen nan sezon otòn Adan an kote wap kapab wè bagay aklè bagay sa kap rive.

### **Mantalite Dola pou Plizyè Èdtan**

*Li te di Adan, “Paskew te koute madanm ou epiw te manje fwi nan pyebwa mwen te pasew lòd, ‘Pouw pat manje ladanl lan, madichon pou latè akoz ou menm epitou, se gras ak travay ki fè lapenn, wap kapab manje pandan tout laviw. Li pral fè pikan kap pikew, epi wap manje plant nan jaden. Se avèk swe nan fwonw, ou pral kapab manje jiskaskew tounen nan tè a, paske se ladanl ou soti; Paskew se pousyè, wap tounen nan pousyè.’”*

— Jenèz 3:17-19

Siw sonje, yo te mete Adan ansanm ak Èv sou tè a pou yo dirijel nan non Wayòm Bondye a. Yo tap dirije gras ak otorite ke yo te gentan ba yo. Satan, kite gentan sou tè a, te twonpe yo epi li tap chechè pran otorite yo te genyen an. Malgre Adan ansanm ak Èv te gen tout otorite sou satan, satan te rive twonpe yo epi rive fè yo kwè ke Bondye pat pou yo epi yo pat dwe fè Bondye konfyans. Li te ofri yo sa kite parèt kòm yon pi bon avni, alòs yo te deside swiv li olye yo te swiv Bondye. Akoz rebelyon moun sa yo, yo te pèdi pozisyon legal pa yo a nan Wayòm Bondye a, esansyèlman yo te mete Bondye deyò nan lavi yo, sa kite bay Satan jiridiksyon legal sou tout domèn tè a jan sa te konsène limanite. Pòl te rele Satan bondye nan epòk sa nan 2 Korentyen.

*bondye epòk sa a te bouche zye lespri moun ki pat kwayan yo, pou yo pat kapab wè limyè levanjil la kap montre glwa Kris la, ki se imaj pa Bondye a.*

— 2 Korentyen 4:4

Ouvèti maten, mwen panse mwen te wè yon dolar kouri ki te sou 300 pye, epi se te li. Lachas aswè a te yon jarèt tou. Pandanm te antre nan kay lan avèk menm vid nan jou ouvèti sa, Drenda te gen yon zanmi lakay la pandanm tap dil ke bagay yo pa tap mache byen ak lachas sèf lan. Mwen te dil ke mwen pat suiv enstriksyon Bondye te ban m yo konsènan jwenn sèf mwen an. Drenda te di, “Mwen tap mande kesyon sa lèw te soti.” Ok, mwen rekonèt erè mwen an epi mwen mande yo si yo ta priye avèm sou sa. Mwen te ekri yon chèk kòm pitit pitit mwen an pou sèf la, pa remake okenn sèks patikilye. Nou tout te mete men nou sou li, nou te priye epi nou te resevwa sèf sa gras ak lafwa.

Nan denmen, mwen pat kapab soti nan maten, alòs mwen te soti nan aswè sa. Mwen te gade yon gwo pye erab sou liy pwopriyete a ke mwen te panse ta fè yon bon pozisyon, epi se la mwen te ale. Se te yon aswè trè cho pou Desanm, epi si mwen sonje byen, li te prèske 70 degre, epi li te van. Sèlman kèk minit nan lachas aswè a, yon gwo bèf te soti nan rakbwa a epi li te mache soti nan jaden an ke gwo erab la neglije. Dome te kanpe bò kotem, li te banm yon piki pafè. Paske mwen te gwosè bagay sa yo moute, mwen reyalize lapen an te apeprè 75 pye ak mwen, epi mwen te yon ti kras sèten nan seri a depi mwen te itilize yon twou lis 12-kalib. Men, mwen te pran anpil prekosyon vize, epi bèf la tonbe nan piki a. Ti gason, mwen te eksite sou sa. Mwen te leve nan kay la anvan fè nwa, ak zanmi Drenda a te tounen sou; epi nou tout te kontan nan lwa Wayòm nan pandanm te santim tap aprann yon leson an menm an tan.

Nan chapit sa, nou te revize dezyèm prensip lan pouw resevwa sa kap soti nan Wayòm lan:

**Etap #2: Lage Semans Paw lan nan Wayom Bondye ki Wa a**

Nou te aprann ke lè nou simen semans nou nan yon asiyasyon Wayòm nan, sa ap chanje wayòm. Nou te revize tou kijan poun lage semans nou an, avèk mo epi yon direktiv. Men kèk lòt pwèn ankò nou vle sonje pandan anp vanse pou pi devan.

1. Nou ka nonmen lajan.
2. Nou kapab simen pou yon bezwen espesifik.
3. Nou pap kapab nonmen dim lan.
4. Bay se pa yon fòmil; li dwe fèt nan lafwa.
5. Lèw bay yon fason espesifik ap gen yon rekòt espesifik.

**Nou libere semans nou yo avèk mo**

## CHAPIT 6

# LAFWA SE KLE A

Kèk ane apre nou te fin kòmanse legliz nou an, mwen tap kondwi poum ale lakay mwen epi mwen te prèske rive nan antre ansyen kay kanpay sa lè mwen te wè limyè lapolis ki tap flache devan. Pat gen anyen kite nouvo, mwen te jis sipoze ke te gen yon moun ki tap fè eksè vitès. Avèk asirans, pandanm tap ralanti, mwen te wè yon machin devan machin polis la ki tap ralanti toudousman bò kote wout la. Pandanm tap rive poum depase kote machin polis lan kanpe epim te ralanti pandan map pase ale, gen yon bagay te atire atansyonm. Sou bò wout la te gen yon bèl sèf 8-pwen. Touswit, mwen te gentan konnen sa kite pase a. Machin sa ke mwen te wè a se li kite frape sèf la.

Mwen te kanpe machin pan lan bò sèf lan epitou, mwen mache ale bò machin polis lan apre sa mwen te mande ofisyè a kisa li ta pral fè avèk sèf la. Kòm antre lakay mwen an te sèlman apeprè 400 pye konsa sou wout la, epi mwen te gen timoun poum bay manje, mwen te panse mwen tap kapab mande li si mwen te kapab gen sèf la. Ofisyè polis la sanble te soulaje paske te vin gen yon moun kite vle sèf la. Li te pran nonm avèk adrès mwen epi li ban mwen yon tag pou sèf la.

Jis anvan nou te di-orevwa, li te dim se tout tan yo gen sèf kap frape, èske mwen te enterese, li tap mete non mwen sou yon lis pou yo relem si yo te gen yon lòt aksidan sèf ke pyès moun pa reklame. Mwen te panse ke pawòl sa te sonnen byen anpil. Se te byen bonè nan sezon otòn lan, epi mwen pat ko soti al fè lachas. Se epòk anvan mwen te kòmanse ap fè lachas, epitou sezon zam lan se tap jouk semèn premye Desanm lan, alòs mwen te panse ke sim ta chasee kèk chevrèy se tap yon bon bagay. Ok, li pat pranm anpil tan anvan mwen te resevwa yon apèl nan men departman polis la pou yon lòt sèf. Se konsa, anvan sezon zam lan te gentan kòmanse, mwen te gentan manje 4 oswa 5 sèf. Mwen pa

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

kapab sonje nimewo egzak la, men mwen konnen lap omwen 4. Liy anba a te frizè mwen yo te gentan plen nan epòk sezon zam lan te vin louvri a.

Etranj, Drenda te gen poul deplase kite vil la pandan sezon zam lan ki tap dire yon semèn. Mwen pa sonje poukisa li te ale, men mwen konnen sa te parèt etranj pou nou separe youn ak lòt pandan yon semèn antye. Alòs, mwen pat lapriyè ansanm avèk li sou lachas sèf lan, epitou mwen pat menm rive simen yon grenn. Map sipoze ke mwen tap panse kem pat bay sa regle anyen si mwen tap rive pran yon sèf ou sim patap pran anyen paske frizè mwen an te plen. Men, mwen te soti; ou kapab sèten de sa. Poum fè yon istwa long vin kout, mwen te soti tout semèn pandan sezon zam lan epi mwen pat menm rive fon katouch. Lè Drenda te rive lakay la, li te fèm sonje sa Bondye te gentan anseyem konsènan simen semans nou yo epi lapriyè ansanm poun kapab resevwa sèf pa nou yo.

Ok, pwochèn ane a te vin rive, epi fwa sa, mwen pa tap fè menm erè a. Malgre ke nou te jwenn depatman polis la kite rele nou plizyè fwa konsènan sèf kite fè aksidan, map panse mwen te sèlman pran youn ladan yo paske mwen te planifye poun te pran pi fò nan vyann nou yo gras ak pwòp lachas pa mwen. Fwa sa, Drenda ansanm avèk mwen te simen semans nou yo epi lapriyè pandan nou tap lage semans nou an pou yon sèf. Nou pat presize ki gwosè sèf nou te vle, jis yon sèf. Mwen pat kapab ale nan ouvèti a nan maten men mwen te eksite poum tale apremidi. Men, malerezman, mwen dwe diw ke, yon fwa ankò, pat gen okenn sèf. Mwen te yon jan twonble poum bien diw pandan mwen te sou wout poum tounen lakay jou swa sa aprem te fin fè tan sa chita nan rakbwa yo.

Pandanm te chita ap dine, toudenkou, telefòn nan te sone. Se te depatman polis la kite rele epi deklare ke yo te gen yon sèf ki fè aksidan èske mwen pat vle li. Mwen te mande yo kote li ye, epi yo te banm adrès la. Mwen pat kapab kwè zòrèy mwen pou sam te tande a. “Èskew te kapab repete adrès la ankò?” Se sa mwen te mande. Li te repete adrès lan pou mwen, epi mwen te vin reyalize ke se te pwòp adrès pam lan! Mwen te choke. Alòs, mwen tal gade nan fenèt la, ou mèt kwèm, te gen limyè wouj ki tap flache nan denye bout antre kay mwen an, alòs mwen te di yo map vini kounye a. Ti wout antre kay nou an te plis pase 900 pye rive wout la, map sonje mwen te mache distans sa prèske san okenn kwayans. Lèm te rive bò kote sèf la, se te yon sèf bouton kite gwo anpil epi li te nan yon kondisyon pafè. Mwen te ranpli kèk fòmilè, remèsye ofisye a, epi answit trennen sèf la moute antre lakay la nan etab la. Ou te twouble? Anpil! Mwen pat panse ankò sou lachas sèf mwen an jiska septanm oswa oktòb ane ki tap antre a.

## **Kisa Sous Paw lan Ye?**

Mwen pa kapab sonje kounye a ki mwa li te ye, men mwen tal fè djògin sou teren dèyè a, paske mwen te konn fè fè egzèsis sa gen lontan. Pandanm tap fè djògin lan, mwen tap lapriyè pou sa kite pase pandan 2 dènye ane sa yo. Mwen jis pat jwenn okenn siy. Toudenkou, pandan map kouri a, mo “lis polis la” te vin parèt devan mwen aklè. Mwen te reflechi pandan yon ti moman. Èske Bondye tap eseye dim yon bagay la? Apre sa, mwen te vin wè kisa. Mwen te vin reyalize ke konfyans mwen pat nan Pawòl Bondye yo oswa nan Wayòm li an. Konfyans mwen te nan lis lapolis la! Mwen te gentan konnen si mwen pat jwenn pwòp sèf pam lan, lis ki nan depatman polis lan tap banm youn.

Apre sa, mwen te vin konprann tou poukisa ane anvan an mwen te konn sèlman resevwa sèf mwen an nan denye bout antre lakay la olye nan pwent zam mwen an. Lis polis sa se kote lafwa mwen te ye reyèlman. Lè Drenda ansanm avèk mwen te simen pou sèf ane sa, sèf lan te parèt alè depi premye fwa mwen te soti pou ane a men se te nan move andwa a, oswa èske se te sa? Mwen te kanpe la ap tranble apre Sentespri a te fin fè sa vin pi klè pou mwen. Apre sa, mwen te vin konprann ke sèf lan te montre egzakteman kote lafwa mwen te ye, kise lis lapolis la. Depim te fin reyalize bagay sa, mwen te kouri tou dwat tounen lakay la, menm moman an rele depatman polis la, epi fè retire non mwen nan lis sa. Mwen te vin aprann ke plan bakòp ou genyen an se plan reyèl paw la! Depi ane sa, mwen pa janm echwe poum wè sèf lan ki parèt chak grenn fwa.

Men, kòman kè nou desi. Konfyans nou tèlman fasil poul deplase nan bagay natirèl yo. Sa se yon bagay ke nou dwe konnen epitou kontinye ap veye li san kanpe. Lafwa pa bezwen yon plan sekou. Mwen te toujou konn sezi malgre ke lafwa mwen te nan lis polis la, sèf sa te parèt nan denye bout antre lakay la nan jou ouvèti a. Sa ki vini avèk twazyèm prensip ke Bondye te montrem lan.

## **Etap #3: Lage Semans Paw lan Lèw nan Lafwa!**

Bagay sa se yon gwo pwoblèm, jan nou te gentan wè sa pi bonè nan epòk disip yo pat kapab chase demon an sou ti gason sa kite gen demon an. Jezi te di se paske yo pat kwè oswa paske yo te manke lafwa. Konprann kisa lafwa ye ak fason pouw vin gen lafwa nou te pale sous a andetay byen bonè, men sa enpòtan anpil pouw aprann jije pwòp tèt

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

paw, siw gen lafwa oswa ou pa nan lafwa. Alòs, kitem baw yon tès byen fasil kew kapab bay tèt ou pouw wè siw vrèman nan lafwa oswa ou pa. Fèmen zyew, kisaw wè?

*Kounye a, lafwa setout bagay sa yo nou te espere, se prèv bagay reyèl sa yo ke nou pa wè.*

—Ebre 11:1 (KJV)

Lafwa se sibstans bagay sa yo ke nou te espere. Lafwa toujou vini avèk yon foto. Si mwen te pwomèt ou yon kònè krèm glase, wap imedyatman gen foto yon kònè krèm glase nan tèt ou. Siw te kwè ke mwen te onèt nan òf mwen an epi mwen te gen mwayen poum peye krèm sa, ou tap gentan wè tèt ou avèk kònè krèm glase sa, avèk prèv ke sa te fèt rapid epi eksite.

Se menm bagay lan tou pou Pawòl Bondye a. Lèw kwè nan pwomès Bondye epiw konplètman konvenki ke Bondye gen entansyon avèk mwayen poul byen fè pwomès Li a, ou pral wè foto pwòp tèt ou avèk pwomès la. Menmsiw pa ta kapab genyen atik pwomès la nan sa moman sa menm, ou pral aji tankouw te gentan gen sa, paske nan yon sans ou gentan fè sa. Pwomès lan valab, entansyon an valab, epi se pou ou li ye. Alòs, lafwa, te totalman konvenk nan entansyon epi pouvwa Bondye, se sibstans pwomès la avèw. Se tou prèv bagay sa yo kew rpoko kapab wè.

Ou toujou bezwen pouw al chanje chèk la, kise yon pwosesis legal ki aplike nan domèn espirityèl la menm jan sa fèt nan domèn natirèl mond lan. Alòs, lèm te diw, “Fèmen zyew la. Kisaw wè?” sa map di an se sa. Si ou pa kapab wè li, ou pap kapab mezire li. Kite mwen mennen

lide sa nan yon deklarasyon ki byen senp. Siw fèmen zyew epi ou pa wè tèt ou avèk pwomès la, ou pa nan lafwa. Siw malad epi lèw fèmen zyew, ou pa kapab wè tèt ou ki geri—mwen vle diw wè tèt ou geri tankou san perèz, men olye de sa yon asirans absoli kew geri—sa a se lafwa. Men, siw fèmen zyew epi ou toujou wè tèt ou malad, ap tann yon gerizon, ebyen ou pa nan lafwa. Siw bezwen lajan epiw kwè nan pwomès Bondye a,

**LÈW KWÈ NAN  
PWOMÈS BONDYE A  
EPIW KONPLÈTMAN  
KONVENKI KE  
BONDYE GEN  
ENTANSYON AK  
MWAYEN POUL BYEN  
FÈ PWOMÈS LI A, OU  
PRAL WÈ IMAJ TÈT OU  
NAN PWOMÈS SA.**

apre sa, ou pap enkyetew ankò pou lajan men wap gentan wè tèt ou avèk pwovizyon kew bezwen an.

### Perèz Se Opoze Lafwa

Laperèz pa egziste avèk kalite konfyans sa. Siw toujou nève pou kisa rezilta an ap pote, ou pa nan lafwa. Konsènan lafwa, ou bezwen konnen kijan pouw di siw gen lafwa oswa siw pa gen lafwa. Ou pap vle pran gwo desizyon siw pa nan lafwa, paske siw pa nan lafwa, ou nan laperèz. Laperèz toujou ap jwe zèl kat sekirite li epitou li se enkwayans. Se poutèt rezon sa mwen te di poun toujou simen semans paw lan lèw gen lafwa. Ou pa vle simen li jis kòm yon fòmil, senpleman ale nan mouvman bay lan, paske bagay sa yo pap rive pwodwi anyen. Ou vle gen konfyans nan pawòl Bondye yo pou lèw fèmen zyew, tout saw wè se ou menm avèk pwomès sa. Ou gentan genyen li, ou posedel deja, li se paw, epi lapè te vin ranplase nenpòt enkyetid ou te kapab genyen an.

*Pa enkyetew pou anyen, men nan tout sitiyasyon, nan lapriyè ak siplikasyon, avèk di Bondye mèsi, prezante demann ou yo devan Bondye. Epi Bondye lapè a, li menm ki depase tout konpreyansyon, pral pwoteje kè avèk lespri nou nan Jezikri.*

— Filipyen 4:6-7

Lèw nan lafwa, gen yon lapè ki pa baze sou sikonstans yo men pito sou pwomès la.

Aprè sa, yon prèv lafwa se kapasite pouw defann tèt ou nan yon tribinal espirityèl. Piske lafwa baze sou Pawòl Bondye a, ou dwe konnen poukisa ou kwè nan saw kwè a. Pran pòz kew ta nan yon sal tribinal epiw se avoka defans lan. Lajistis deklare ke kliyan paw lan ap viv nan kay kliyan moun yo ilegalman epitou li deklare ke kay lan aktyèlman pa fè pati byen ke kliyan paw lan posede men se aktif kliyan lòt moun yo. Kisaw tap fè? Di kew regrèt epi kliyan paw lan pral kite pwopriyete a menm moman an? Siw gen papyè kay lan ki siyen nan menw, perèz tap ranplase konfyans, epiw ta di jij lan poul voye jete enpostè sa yo deyò nan tribinal la. Ebyen, se konsa lafwa aji. Li konnen sa kise verite a, li gen konfyans, epi li vini yon fason ou pata di se awogans. Alòs, èskew kapab defann pozisyon paw lan kounyea?

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Sara te vini nan legliz nou an yon jou sanl pat konnen ki kote li te ye paske li te nan yon nouvo vil epil tap kondwi nan lantouraj la. Li menm ansanm avèk mari li te transfere nan zòn Columbus, epi yo tap priye pou yo te jwenn yon legliz. Pandan yo tap kondwi, yo te vire nan antre kay pa nou an epi yo te panse yo te kapab eseye legliz pa nou an. Yo pa janm kite depi lè sa. Sara tap souffri opresyon pandan tout lavi li. Fè aleritou nan lopital pabdab lap grandi, maladi sa te pran lavil an otaj. Li te aprann kòman poul te evite sèten anvivonnman ki ka lakòz opresyon li an deklanche, epitou li te konn toujou mache ansanm avèk inalatè li tout kote li ale.

Nan Legliz Viv Lafwa (Faith Life Church), li te vin aprann ke gerizon an se te dwa legal li epi kijan poul defann tèt li espiritiyèlman. Nan yon sèvis pandanl tap koute youn nan manm nou yo ki tap dekri kijan yo te geri anba yon maladi kite menase lavi li, sara te tap panse nan lespril. Bondye pa gen respè pou moun. Li te retire inalatè li an nan valiz la epi li te ranplasel avèk kat ki gen Vèsè ki ekri ladanl, yo tout te dekri dwa legal li genyen poul geri. Li te konn li yo chak jou. Chak fwa li te santi yon atak opresyon ki tap vini, li tap chèche youn nan kat sa yo ki gen Vèsè ki ekri ladan yo a olye poul te pran inalatè a, epitou li pat janm gen yon atak opresyon ankò!

Matant mwen te vin bò kotem nan yon reyinyon familyal. Li te mandem si mwen te kapab priye pou li paske li te gen yon kansè nan poumon li epi li ta pral fè yon operasyon nan yon semèn edmi konsa poul retire yon gwo timè. Li tap kontinye poul dim ke doktè li a te wè yon timè ki gwosè yon chadèk kel te genyen nan poumon li pandan yon ane edmi konsa. Toudenkou, timè sa te kòmanse ap grandi pi vit, epi doktè a te di li ke timè sa dwe soti. Pandanm te kanpe la ap koute istwa li an, mwen tap reflechi sou lavi li. Mtant mwen an se te yon fimè pandan tout lavi li, epi mwen te konnen ke li pat konn ale legliz pandan plizyè ane. Mwen te pwomèt li ke mwen tap priye pou li, men mwen te santi li pat pare pou lapriye nan moman sa. Mwen te mande li èske li tap dakò li kèk materyèl mwen te vle ba li ki pale de gerizon anvanm te priye pou li. Mwen te di mwen tap kontan priye pou li dimanch maten kap vini la apre sèvis adorasyon an. Li te dakò.

Mwen te konnen ke li te gentan bay Senyè a kè li sa gen plizyè ane, men li pa tap viv pou Senyè a. Mwen te espere ke pran tan poun reflechi sou pwomès Bondye parapò ak gerizon tap ankouraje lafwa li. Mwen te konnen tou nou te gen yon pi bon chans pou nou te wè yon rezilta pozitif si nou te kapab priye annamoni avèk Pawòl Bondye a kòm lank epi espwa ladanl nou te mete konfyans nou.



Se konsa, nan dimanch kite vin apre a, matant mwen an te vin legliz lan jan li te di li tap fè sa. Apre sèvis adorasyon an, mwen te mandel poul pase devan; pandan li te kanpe la, mwen te mandel èske li te li materyèl mwen te ba li yo. Li dim li te fè sa, alòs mwen te mandel, “Kijanw fè konnen kew pral geri lèm mete men mwen sou ou?” Apre sa, li te site plizyè vèsè epi li te di ke li te gen konfyans nan Pawòl Bondye a. Mwen te vin konnen nan moman sa ke li te pare poun lapriyè, epi mwen te mete men mwen sou li, mwen te priye, mwen te deklare li te geri epi li pat gen kansè sa ankò. Onksyon Bondye a te vin sou li pandanm tap priye a, epi li te tonbe atè anba pouvwa Bondye a. Lè li te vin leve, li tap tranble pandanl tap di: “Mwen geri!”

Li te antre nan sal operasyon an nan Madi poul te kapab retire timè a, men apre yo te fin antre an sal, pat gen anyen. Pat gen okenn timè, pat menm gen yon mak oswa yon endis ke te janm gen yon bagay konsa.

Son bagay ki etranj anpil pou wap gade moun kap viv lavi yo. Ou kapab ap panse ke matant mwen tap tèlman rekonesan ke Bondye te geri li ke li pa tap janm rate yon jou poul ale legliz pou tout rès lavi li. Men, sa pat pase konsa. Mwen panse mwen te wèl yon sèl grenn fwa apre jou dimanch sa. Li te vin mouri anviwon 6 oswa 7 lane pita avèk yon lòt kalite kansè. Men, fwa sa, li pat janm vin mandem priye pou li.

### **Rete Kenbe Djanm avèk Moman sa ke Ou te Libere lafwaw lan**

Yon bagay ke mwen toujou ap fè moun sonje se, toujou gen yon delè ant “Amèn” ak “Men kotel ye.” Poutèt rezon sa, li enpòtan pouw rete kenbe djanm avèk ou oswa yon ti nòt kap edew raple pwòp tèt ou moman sa kew te libere lafwaw lan. Mwen sijere kew ekri bagay sa yon kote nan jounal bagay sa yo. Mwen te gentan pale de sa byen bonè, men mwen kwè sa enpòtan anpil. Yon egzanp sou sa mwen ta kapab ekri vini ti kras pi ba. “Nan dat 12 Novanm blòk 1:30 p.m., mwen kwè ke mwen te resevwa yon (mete demann espesifik la) dapre Mak 11:24, epi mwen kwè ke mwen te gentan resevwa aprem te fin priye.” Ou ka ajoute lòt nòt tankou ki moun kite dakò ansanm avèk ou,

**TOUJOU GEN YON  
KANTITE TAN ANT  
“AMÈN” AK “MEN  
KOTEL YE.” POUTÈT  
SA, LI ENPÒTAN POUW  
KENBE DJANM MOMAN  
LIBERE LAFWA LAN**

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

kantite lajan ou te simen an, epitou nan ki asiyasyon Bondye kew te simen lajan sa. Sa se jis yon egzanp, men li enpòtan pouw ekri li paske wap kpaba goumen avèk sa.

Lè sikonstans yo ap tantew pouw fè bak avèk perèz, wap kapab raple tèt ou dat sa epi ki epòk ou te resevwa repons paw lan. Lè perèz ta va eseye poul leve, mwen tap pran nòt sa epi li nòt lan byen fò kòm yon deklarasyon. “Non, laperèz, ou se yon mantè. Mwen te gentan resevwa bagay sa nan dat ak lè sa dapre (epi answit mete vèsè sa ke wap kanpe sou li an.)” Pafwa mwen tap oblije li nòt sa plizyè fwa poum sa kenbe kè mwen trankil epi nan lapè. Pa kite sa ki kapab parèt kòm yon echèk atirew epi pouw kite lafwaw ale. An reyelite, prensip sa te tèlman enpòtan pandan timoun mwen yo tap grandi ke pandan yon reyinyon lapriyè fanmi nou an fè chak semèn nou te gen yon jounal fanmilyal kote nou te konn ekri bagay sa yoo nou te lapriyè sou yo a epitou bagay sa yo ke nou te kwè ke nou te gentan resevwa. Nou rele sa kaye Jak 4 nou an. Reyelite a, nou vann kaye nòt sa yo atravè ministè a si toutfwaw ta renmen gen youn.

Pafwa, gen kèk bagay kap pase nan Lespri a kew pa okouran de yo. Bondye ap travay poul fè tout bagay byen mache, men sa kapab pran tan. Kapab gen anpil moso nan pozol la ki dwe pran plas yo. Pa egzanp, si Bondye pral satisfè yon bezwen finansye, li kapab oblije pale avèk yon moun poul jere sa oswa baw yon opòtinite pouw ranmase lajan sa kew bezwen an. Yon fwa ankò, tout bagay sa yo pran tan.

*Ou pa bezwen pè, Danyèl. Depi premye jou ou te fikse lespriw pouw gen konpreyansyon epi pouw imilyew devan Bondye, mwen tande pawòl ou yo, epi mwen vini poum reponn yo. Men, chèf peyi Pès la te reziste kont mwen pandan 20 jou. Apre sa, Michèl, youn nan chèf prens yo, te vin edem, paske mwen te kenbe la ansanm avèk wa peyi Pès la. Kounye a, mwen vin esplikew kisa ki pral rive pèp ou an nan tan ki gen pou vini yo, paske vizyon an konsène youn tan ki gen pou rive.*

—Danyèl 10:12-14

Ann fon gade yon fwa ankò istwa kanpis sa ke mwen te gentan pale sou sa pi devan nan chapit sa. Nou tal vizite plizyè batiman epi nou te konsidere poun te lwe espas nan plizyè ladan yo, men nou pat santi nou te anvi demenaje nan okenn nan yo. Lè nou te lanse premye rechèch nou an poun te kapab jwenn yon kanpis, nou te simen yon grenn pou Bondye te kapab montre nou espas pafè sa. Chak fwa nou te jwenn yon kote epi nou

te konsidere li, nou te vin santi yon tchèk nan lespri nou, epitou nou te prèske dekouraje. Nou tcheke chak grenn batiman nan zòn kote nou te vle mete kanpis nou an, men pat gen okenn opsyon kite disponib poun te santi nou byen.

Valè debaz nou yo antanke legliz gen ladanl yon gwo dezi poun ede edike timoun yo epi pran swen fanmi yo. Anpil fwa nou te konn pale petèt sou lide poun ta gen yon lekòl, gen yon sant gadri, yon pwogram ebèjeman, ak anpil lòt pwogram pou minis (pastè) yo nan kominote nou an. Espas nou genyen kounyea te gen anpil limit, sa kite anpeche poun ta kapab pouswiv ak nenpòt nan opsyon sa yo.

Ou ta kapab di, ta sanble ke Wayòm nan pa tap vini, men ou dwe sonje tou ke nou te gentan simen pou kanpis pafè sa. Reyelite a, se paske Bondye te gentan konnen lekòl ke yo ta pral sezi batiman sa ke nou te achte a. Li te gentan wè tout imaj lan nèt. Pwopriyete sa pat disponib ankò nan moman nou te kòmanse ap chèche a.

Anplis kel te konnen ke lekòl sa ta dwe kanpis pafè nap chèche a, li te gentan konnen tou kijan nou ta pral peye li. Koup sa kite achte kanpis lan pou nou an te sou kalandriye mwen omwen 4 fwa poun tal dine. Akòz plizyè sikonstans, nou tou 2 te oblije chanje dat angajman dine sa jouk jou lannwit sa kote nou te vin rankontre a. Nou te fenk fin wè avèk pwopriyete a maten a nan jou egzak nou te dine ansanm avèk yo a.

Te gen lòt moun kite vle achte lekòl lan tou, men nou se premye moun kite rive fè yon òf. Tout bagay te kwonometre pafètman. Lè nou tap simen \$100,000 sa 2 jou anvan nou te gen dine sa, gras ak enstriksyon Sentespri a, mwen kwè ke Satan tap pral eseye kenbe lekòl sa rete kache poun pat wèl oswa sèvi avèk kèk lòt taktik poul kenbe li nan men nou. Apre Bondye te fin dim poum simen lajan sa epi poum te rale zòrèy Satan poul pat anpeche nou jwenn kanpis nou an, mwen kwè ke gen kèk nan plan li yo kite oblije kanpe akòz entèferans sa.

Koup sa kite bay lajan kach poun achte pwopriyete a, an menm tan an tou te pran desizyon pou yo te ede yon zanmi poul achte yon pwopriyete, ki tap kapab itilize lajan kach ki disponib ke nou te itilize pou acha pa nou an. Apre yo te fin tande istwa nou an jou lannwit sa, yo te di ke yo te vin konprann poukisa yo pat gen lapè pou yo te finanse acha zanmi an. Alòs, jis sonje, lè ou priye avèk lafwa, konnen kew gentan resevwa bagay sa depi lèw fin priye a, toujou gen yon tan ant “Amèn” ak “Men kotel ye.” Alòs, rete kanpe djanm epi pran pasyans.

## Kanpe Djanm nan Lafwaw

*Men, kite pasyans fè travay pafè a, poul kapab pafè epi konplètman, san manke anyen.*

—Jak 1:4 (KJV)

Se pou rezon sa mwen sijere moun pou yo note dat avèk lè yo te libere lafwa yo, paske ou bezwen kanpe.

Lè pitit fi mwen an tap fè fas avèk yon timè 13-liv anndan vant li, li te fatigue avèk pwoblèm sante ke bagay sa te lakòz: enfeksyon san kanpe nan ren li, doulè nan do san kanpe, ak pwoblèm dijestif. Li te vin deside ke bagay sa se te twòp atò, epi li te deside pran 30 jou poul jis medite sou Pawòl Bondye avèk pwomès Bondye yo ki gen rapò avèk gerizon. Nan fen sezon sa, li te mande manmanl ansanm avèk mwen poun te mete men nou sou li paske li te kwè li tap jwenn gerizon. Alòs, ansyen yo nan legliz pa nou an, manmanl epi mwen menm, nou te mete men nou sou li epi nou tout te kwè ke li tap geri dapre Jak 5:14-16.

*Èske gen moun nan mitan nou ki malad? Se pou yo rele chèf fanmi yo nan legliz la pou yo lapriyè pou moun sa yo epi pou yo vide lwil sou yo nan non Senyè a. Epi lapriyè sa yo ki fèt avèk lafwa ap fè moun malad yo vin geri; Seyè a pral leve yo. Si yo te peche, yo pral jwenn padon. Se poutèt rezon sa, konfese peche nou yo youn ak lòt epi lapriyè youn pou lòt pou nou kapab geri. Lapriyè yon nonn jis pwisan epi efikas.*

— Jak 5:14-16

Pitit fim lan te tounen lakay li menm jan li te vini jou lannwit sa; timè a te toujou la. Men, li te di, “Mwen geri.” Li te kenbe djanm nan konfesyon sa pandan 2 semèn san okenn chanjman, malgre li te gen pi gwo doulè kel te janm genyen. Li te dim ke pandan 2 semèn sa yo, li tèlman tap souffri, li te di Satan, ou kapab eseye epi rive fèm mal, men mwen te geri.”

2 semèn apre, li tale kouche nan kabann li avèk timè sa kite la toujou, men li te leve geri nan demen konplètman. Li te pèdi 13 liv avèk 9 pous nan ren li pandanl tap dòmi an, epitou do li, kite mare epi trese, te vin refèt nan fòm yon kolòn vètebral ki pafè.

Depiw fin gen konfyans nan pwomès la, pa kite Satan twonpew pouw soti nan gerizon paw lan oswa nan nenpòt pwomès ke Bondye te baw lan.

Christine te vini nan legliz nou an san li pat gen yon bon baz sou legliz. Tout bagay sa yo te nouvo pou li. Christine te konn mete aparèy oditif pandan plizyè ane epi li te pèdi yon gwo majorite nan sa li te konn tande pandan epòk sa. Manmanl te gen menm maladi sa epi li te prèske vin soud totalman.

Lè Christine te vin asiste nan legliz nou an, li te bay Senyè a kè li, epi Bondye te chanje lavi li konplètman. Li te eksite epi li te vle aprann tout bagay ke li te kapab sou Wayòm Bondye a. Nou gen yon klas oryantasyon kwayan pou moun ki gen vini nan legliz la, epi Christine te anvi ale nan klas sa. Klas sa yo pale sou plizyè sijè, alòs, sa te vin rive ke klas Christine tap asiste a te pale sou gerizon. Nan fen sesyon an, dirijan yo te fè priyè pou moun tout kite bezwen gerizon. Christine te tèlman eksite pandanl tale nan lapriyè sa. Pandan yo tap priye pou li, toudenkou zòrèy li te louvri. Pou premye fwa, li te kapab tande san okenn difikilte.

Pandan li tap kite sèvis lan, mwen te santi nesosite poum te avèti li parapò ak sam rele kont atak Satan an. Asireman, li te dim ke nan denmen maten, toudenkou, zòrèy li te tounen bouche ankò, epi li te tante vin enkyetel. Men, mwen te gentan dil sa tap rive, epitou lè sa te vin rive, li ta dwe deklare ke li te gentan geri epi li te dwe rale zòrèy Satan. Ok, li te fè egzaktman sa mwen te di li fè a. Li te kòmanse fè lwanj Bondye epi li te deklare ke li te gentan geri pandan li te mare lènmi an. Nan kèk minit, zòrèy li te vin louvri ankò epi depi lè sa zòrèy li yo rete louvri pou jouk kounyea, epitou sa te ka gen apeprè 4 lane konsa.

Yon lòt fwa ankò, rete kanpe djanm sou Pawòl Bondye a se yon kle kap mennennw nan libètew.

### **Mwen Pral Di sa yon lòt fwa Ankò—Ou dwe Dirèk**

Parapò ak libere lafwaw, kite mwen fèw sonje yon lòt fwa ankò kew dwe byen presi! Istwa sa se lè Bondye te montrem tout bon vre enpòtans pawòl mwen yo. Mwen te konn

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

di bagay sa pandan plizyè ane, men li te gen anpil pouvwa jounen jodya menm jan sa te ye lè li te rive an.

Se te yon sezon sèf nòmal, epi mwen te tèlman pare poum soti ale nan rakbwa yo paske bagay yo te okipe anpil. Ane sa anpatikilye, mwen te simen grenn pam lan pou 2 sèf, yon sèf avèk 4-pwen oswa pi gwo branch ak yon dezyèm sèf bouton. Drenda ansanm avèk mwen te simen semans pa nou an nan akò avèk lafwa. Mwen te soti al nan premye chas lan nan maten pandan ke li apèn ap fè jou. Pandan syèl lan tap vin tou woz, mwen te jwenn sèf pa mwen an, yon sèf 8-pwen. Majorite tan mwen te fè nan pye bwa a se te 15 minit! Enteresan anpil! Alòs, lèm te soti 2 semèn pita poum te jwenn sèf bouton mwen an, mwen te konfyans anpil. Yon fwa ankò, mwen te soti jou maten an, epi nan apeprè 20 minit konsa, mwen te takte yon sèf 8-pwen sou 300 pye konsa nan distans pye bwa mwen an dirèkteman.

Nan Owayo, ou kapab sèlman rekòlte yon sèl sèf avèk bwa sèf. Dezyèm sèf lan ta dwe yon lapen oswa yon sèf bouton. Sèf bouton sa kapab konte kòm yon lapen paske bwa sèf yo tèlman piti ou pap kapab wè yo reyèlman nan yon distans. Alòs, lè mwen te wè bouk lan kap vini atravè jaden an, mwen te sipoze li tap kanpe anvan li te rive nan pye bwa mwen an, men se pat sal te fè. Li te vin tou dwat nan pye bwa kotem ye an epitou li te rete kanpe la anba pye bwa a pou apeprè 20 segonn konsa. Tout sa mwen te kapab fè se te jis rete ap gade paske sa pat legal. Apre li te fin rete kanpe la pou 20 segonn konsa yo, toudenkou li te jis kòmanse mache tounen ale nan menm santye sa kote li te soti an. Enkwayab, li te mache menm 300 pye konsa poul te tounen atravè jaden sa epi li te disparèt. Mwen te choke epim te twouble.

Kounye a, pat janm gen yon sèf kite vin anba pozisyon mwen ye ki pat egzak sèf sa ke mwen te simen semans pou li an. Mwen te twouble epi mwen te kòmanse ap priye nan Lespri a pandanm tap tounen lakay mwen. “Seyè, poukisa sèf sa te vin la?” Menm moman an, mwen te tande Sentespri a ki di, “Tcheke grenn semans ou an.” Tcheke grenn semens mwen an? Sa anraje; Mwen konnen poukisa mwen te simen. Men, bank mwen te itilize a te voye kopi chèk ke yo te anile yo avèk deklarasyon chak mwa yo. Byen rapid mwen te pran deklarasyon an epim te wè chèk mwen lan. Anba chèk la, mwen te ekri, 2 sèf 4-pwen oswa youn ki pi gwo, epi yon sèf bouton. Konbyen sèf sa te fè? Sa mwen te vel di se te kem te kwè poum te jwenn 2 sèf ototal. Nan fason mwen te ekri bagay sa, toutfwa, te bay endikasyon kem te simen pou 2 sèf ki gen 4-pwen oswa plis toujou epitou yon sèf bouton. Mwen te rete chita la avèk sezisman. Dezyèm bouk lan te vin rive paske

mwen te grenn simen mwen an pou li. Se poutèt rezon sa, li te antre nan jaden an, epi kanpe anba pye bwa kotem te ye an. Se la li te sipoze ye.

Aprè mwen te fin wè sa, mwen te kòmanse rele byen fò epi kouri nan kay la. Mwen te tèlman eksite, men an menm tan an tou, bagay sa te fèm pè. Konbyen fwa mwen te di ke mwen pat vle bagay sa rive tout bon vre men mwen te mete yo an mouvman avèk pawòl mwen yo? Bagay sa sètènman fè Jak 3:3-4 la vin vivan.

*Lè nou mete mizo nan bouch cheval la poun fè yo obeyi, nou kapab vire bèt la jan nou vle. Oswa ann pran yon bato kòm egzanp. Malgre yo gwo anpil epi se gwo van kap mennen yo, men son ti tiyo kap dirije gouvènay la nenpòt kote pilòt lan vle ale a.*

— Jak 3:3-4

Jak ap pale de jan pawòl nap di yo pwisan. Sa parèt aklè si pawòl nap di yo vle di yon bagay pandan nou vle wè yon lòt bagay reyèlman, nou pral vin jwenn lavi nou kap fè nofraj san nou pa konnen kòman nou te fè rive la.

Alòs, sonje byen, Wayòm nan dirèk anpil, epi pawòl nap di yo defini egzakteman ki kotew ale ak kijanw fè rive la!

## **Enpòtans Akò A**

Nou toujou ap pale sou libere semans paw lan lèw nan lafwa, men yon bagay wap bezwen pouw sonje. Siw marye, se pouw dakò ansanm avèk mari oswa madanm ou. Siw pa gen mari oswa madanm, mwen pral pale de sa nan yon minit, men ann sipoze kew son moun marye. Yon fwa ankò, rete nan akò ansanm avèk mari oswa madanm ou.

Byen bonè nan maryaj mwen, mwen te rayi mande Drenda poul te dakò ansanm avèk konsènan lachas mwen. Rezon ki fè sa, se paske si mwen te konn pale sou ale lachas, mwen te gentan konnen li ta pral di gen bagay sou fatra sa ki bezwen mete deyò, gen anpoul ki ta dwe chanje, oswa yon lis kèk lòt bagay kite bezwen fèt. Bagay sa, se epòk mwen te frelikè epi egoyis. Li te konn rete avèk timoun yo pandan tout jounen, men minit mwen te rive lakay la, mwen te vle ale nan rakkwa a. Mwen pa panse Bondye tap beni mòd atitid sa. Wi, mwen te egoyis. Anvan mwen te vin aprann kijan poum fè lachas baze

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

sou lafwa, mwen te konn pase lizyè jou lachas san okenn siksè. Sa pa etonan se te yon sezon lachas perèz.

Men, mwen te vin aprann kòman poum te mete Drenda anpremye. Mwen te oblije aprann ke nou 2 te nan bagay sa ansanm epi nou te bezwen youn lòt. Pandan mwen te kòmanse mete bezwen pa li yo anpremye, Drenda te plis pase dakò ansanm avèk mwen pou koze sèf lan. Men, li te vin kontan wèm kap gen siksè nan lachas sèf mwen yo espesyalman. Mwen te oblije aprann sa antanke mari ak madanm, nou te youn esprityèlman epi pat gen anyen ki pi pwisan pase lè nou tou 2 reyini ansanm annakò. Sa pat sèlman gen pou wè ak koze fè lachas sèf lan. Mwen te vin konprann ke si nap mache ansanm nan linite, sa tap mache nan chak domèn nan lavi nou.

**MWEN TE OBLIJE  
APRANN KE KÒM  
MARI AK MADANM,  
NOU SE YON SÈL  
ESPIRITYÈLMAN  
EPI PA GEN ANYEN  
KI PI PWISAN PASE  
NOU LÈ NOU TOU 2  
REYINI ANSANM.**

*Mari, menm jan an tou se pouw konside fason wap viv avèk madanm nou, epi trete yo avèk respè antanke patnè ki pi fèb la pi kòm eritye ansanm avèk nou nan kado gras lavi a, yon fason pou anyen pa anpeche lapriyè nou yo.*

—1 Pyè 3:7

Gade byen, mesye, si nou pa pran desizyon yo ansanm avèk madanm nou, priyè nou yo ap anreta! Konsidere vle di kew pral wè madanm ou kòm egal ou, paske ou menm ansanm avèk li fè youn nan chak grenn desizyon nou yo. Wi, esprityèlman, gason an se tèt maryaj la men se pa nan fason yon diktatè men pito kòm yon sèvitè, kap bay lavil pou madanm li epi kap onore li.

### **E si Mari oswa Madanm Paw la pa ta yon Kwayan?**

Mwen resevwa imèl kap mande kisa moun ta dwe fè si yo ta marye avèk yon mari oswa madanm ki pa vle sèvi Seyè a. Kijan yo kapab jwenn yon akò? Konpreyansyon paw sou akò a andomaje. Ann ta di kew marye avèk yon gason ki pap sèvi Seyè a. Nou tou 2,



sepandan, dakò ke nou bezwen yon machin nèf. Devine kisa? Nou gen yon akò! Si nou tou 2 dakò kew bezwen pwovizyon, apre sa, nou vin jwenn yon akò. Bib lan klè sou sa ke si jis youn nan sendika a kwè Pawòl Bondye a, lè sa, Wayòm nan ap gen jiridiksyon legal poul travay nan fanmi an!

*Paske, mari ki pa kwayan an te sanktifye gras avèk madanm li, epi madanm ki pat kwayan an te sanktifye gras avèk mari li ki se kwayan. Sinon, pitit ou yo pa tap pwòp, men jan sa ye, yo se sen.*

— 1 Korentyen 7:14

Mwen pa kwè ke pawòl sa ap di ke mari oswa madanm ki pa kwayan an ap sove gras ak lafwa mari oswa madanm yo. Mwen kwè ke chak moun dwe rele Jezi pou pwòp tèt pa yo. Sepandan, mwen kwè ke si yon mari oswa yon madanm kwè Pawòl Bondye a, lafwa yo sanktifye oswa pote tout fanmi an anba benediksyon Wayòm lan. Koulye a, san okenn dout, lèw te marye avèk yon mari oswa madanm kise kwayan pi bon toujou, se laverite. Epitou, Bib lan klè lè li ankouraje konjwen ki kwayan an avèk laverite ke lafwa yo kapab mennen konjwen ki pa kwayan yo nan Wayòm lan.

Siw pa marye, ou pap bezwen jwenn yon lòt moun ki dakò ansanm avèk ou nan lapriyè. Ou jis kwè Pawòl la pou tèt paw epi rete gade Wayòm lan kap travay!

Pandan nou sou sijè lafwa a, nan pwochen chapit la mwen ta renmen diskite pwobableman de youn nan kesyon ki pi komen moun toujou ap mandem sou sa ki gen pou wè simen epi erè anpil moun fè.



## CHAPIT 7

# AVÈTISMAN AN: RETE NAN DEVLOPE LAFWA OU!

“Mwen pral kenbe yon pwason 900 liv!” Sa se te pawòl youn nan asosye mwen yo ki ta prale nan yon vwayaj nan vil maui, ki twouve li nan eta Hawaii, avèk biwo mwen an. Se yon vwayaj ki te peye an antye ke nou te genyen akòz pèfòmans avèk youn nan vandè nou yo. Avan ke nou te deplase pou nou tale Maui a, twa nan nou te deside ale lapèch pou nou peche pwason ble malen an, kòm sa pa yon sekre ke yo rekonèt Maui kòm kapital ble malen nan mond lan. Nou te konn pale de lafwa pandan plizyè mwa avan evenman sa, epi mwen tap montre mesye yo koman lafwa fonksyone. Dan se te yon novis nan mond lafwa a, epi mwen sonje ke mwen tap panse ke se te yon gwo opòtinite pou li pou li te fe yon pa pou li te we wayòm Bondye a kap opere. Alòs mwen te di li, “Ey, Dan eskew te konnen ke li posib pouw konnen san ankenn dout ke pral kenbe yon pwason ble malen lè nou ale Hawaii a?” Kòmantè sa te kapte atansyon li, epi nou te pase plizyè èd tan nou tap diskite sou lafwa avan nou te deplase pou nou te ale Maui a. Dan te plante semans li jan mwen te montre li an epi li te kontan pou li te swiv rèv li. Peche yon malen ble.

Lòt asosye mwen an te yon manm nan legliz mwen an, li te gentan gen bon konprann sou kòman lafwa te fonksyone, epi li te gentan konn wè Bondye kap fè gwo bagay nan lavi li. Li te seme semans li tou pou li te peche yon malen ble, pat senpleman yon malen men pito yon malen ki peze 900 liv. Mwen sonje ke mwen tap panse, “Waw, sa se yon gwo pwason!” Mwen te genyen kèk enkyetid sou gwoès espesifik pwason ke zanmi mwen an tap seme lafwa pou li a, men mwen pat di anyen sou sa lè sa.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Dan li menm, nan yon lòt bò, pat seme lafwa li pou yon gwosè pwason patikilye. Ebyen, pou mwen rann yon long istwa kout, Dan te kenbe yon malen ble ki te peze 167 liv, men lòt asosye mwen an pat kenbe menm yon malen. Alòs poukisa Dan te kenbe malen li an men lòt zanmi mwen an pat kenbe li menm? Sa se yon bon kesyon, e majorite moun, menm majorite kretyen, tap choke pou yo menm poze li. Yo tap ri epi yo tap di, “Peche pwason se kèk fwa ou peche epi kèk fwa ou pa peche.” Men mwen te aprann ke wayòm nan vrèman espesifik ak serye.

*Yon jou, Jezi te bò letan jenezarèt. Yon foul moun tap kwense li toupatou pou tandè pawòl Bondye. Li wè de kannòt bò rivay la. Pechè yo te desann atè, yo tap lave senn yo. Jezi moute nan yonn nan kannòt yo ki te pou simon. Li mande li pou li vanse yon ti kras nan fon. Antan Jezi chita nan kannòt la, li tap moutre moun yo anpil bagay.*

*Lè li te fin pale, li di simon konsa, “Vanse kannòt la plis nan fon. Jete senn ou pou peche.*

*Simon reponn li, “Mèt, nou pase tout nwit la nap travay san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage nas lan.*

*Yo lage nas lan. Yo pran yon kantite pwason. Tèlman pwason yo te anpil, nas lan tap chire. Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy vin ede yo. Yo vini. De kannòt yo te sitèlman plen pwason, yo te prèt pou koule.*

*Lè simon Pyè wè sa, li lage kò li nan pye Jezi, li di li konsa: Mèt, pa rete kote mwen, paske mwen pa bon. Yon sèl sezisman te pran Simon ak tout mesye ki te avèk li yo lè yo wè kantite pwason yo te pran. Se te menm bagay la tou pou Jak ak Jan, 2 pitit Zebede yo, kite asosye Simon.*

—Lik 5:1-10

Pyè te dekouvri yon nouvo fason pou li te peche, jis menm jan ak mwen nan chase sèf. Li te eseye peche men li pat kenbe ankenn pwason jiskaske Jezi te di li ki kote pou li peche, nan fon lanmè a. Kote sa li te kenbe anpil pwason ke 2 bato li yo te prèske koule. Mwen toujou di moun “Nenpòt moun ka peche pwason si Jezi di ou kibò pou ou peche.”

## AVETISMAN: RETE NAN DEVLOPE LAFWA OU

Alò nan konsiderasyon a zanmim nan ki pat kenbe gwo malen li an, wi, se vre ke tout bagay posib avèk Bondye. Men si ou te seme yon semans lafwa pou ou kenbe yon malen ble nan basen lakay ou an, ou tap konnen ke sa pa tap mache. Kounyea, si ou te vle kenbe yon malen ble, ou te kapab seme yon semans, epi Sentespri tap mennenw kote ou te kapab kenbe youn—nan lanmè a, se vre, men kibò nan lanmè a?

Sonje sa: Chak rekòt gen yon kote inik ak yon tan pou li fèt! Si ou te vle seme pouw ka fe yon rekò nan peche yon ble malen, ou paka jis di ke, “Mwen prale nan lanmè.” Ou tap gen pouw ale nan yon zòn espesifik nan lanmè a. Poukisa? Paske ble malen yo migre e yo gen sèten wout ke yo fè chak ane. Rive kenbe yon ble malen 900 liv, son bagay ki ra tou. Pa egzanp, chanpyona peche ble malen ki nan kot Emerald la nan Miramar ki nan Florida, ap fèt depi 17an. Pi gwo malen ble ke yo kenbe pandan tan sa a te peze 899 liv. Eske li te posib pou nou te kenbe yon malen ki peze 900 liv nan vwayaj sa nan Maui a? Sa te posib, paske rekò ble malen ki te genyen nan Hawaii a se te 1376 liv, men ekri sa.

**Pi plis sijè lafwaw la espesifik oubyen inik, se pi plis li enpòtan pouw bay plis atansyon ak kote sa, fason an, epitou moman an.**

Kapitèn bato a jou sa nan Maui te di nou ke ble malen yo potko vini. Li te posede 2 bato kite tojou soti 8èdtan chak jou pandan 4 mwa avan yo, men yo te sèlman kenbe yon malen trase. Ble malen yo tap gen pou yo vini nan fen mwa a. Se vre, se nou kite kenbe premye nan sezon an. Men lè zanmi mwen an te rann semans li an pi presi, e espesyalman te mete yon rekò pou nan zafè peche malen ble a, se plis lye a ak tan an tap empotan pou rekòt la. Mwen pèsoneleman kwè ke lè sa pat genyen yon rekò nan gwosè malen ble a nan zòn sa. Nou bezwen tou reyalize ke li posib ke zanmi mwen an pat reyèlman genyen lafwa pou li te peche gwo pwason an. Men si li reyèlman serye ke lap kenbe yon pwason 900 liv, alò mwen konnen ke si li seme semans li epi tande sentespri a pandan ke li pran lye a an kont, epi li tande Senyè a pou li konnen nan ki nan lè pou li peche a, lap jwenn malen ble 900 liv la.

### **Andwa epi Moman an gen gwo Enpòtans**

Presi nan lye ak moman rekot la enpòtan menm jan ak semans espesifik ke ou seme a. Ou te wè jan sa te mache lè mwen te fè experyans sèf kòn 7 pwent lan. Mwen te oblije tann jiskaske mwen te genyen onksyon pou mwen te sòti a; e nan ka sa mwen te tann

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

pandan plis ke yon mwa pandan peryòd chas la. Poukisa? Gen plis chans ke se paske sèf ak kòn 7 pwent lan potko sou teritwa mwen oubyen petèt te genyen lòt faktè ki te prezan ki te ralanti siksè mwen an, tankou tanperati ak direksyon van an.

Sentespri a te konnen moman pou rekòt espesifik sa, epi li te mete mwen nan bon pozisyon an, nan jou ideyal la, nan moman ideyal la pou mwen te rekòlte sèf ideyal la.

Mwen tande ak wè erè sa souvan. ‘‘Ey, Gary, si wayòm nan pote sèf la jan ou di a, poukisa ou pa ale epi depase rekò nan koze chase bouk sèf la? Dakò, sa se yon bon kesyon, e fòk nou pale de li. Deklarasyon sa se tankou imèl mwen resevwa de moun ki vle peye yon 500,000 dola ipotèk e yo di mwen ke yo te plante yon grenn semans pou li ki pou peye kòb sa a nan 7 jou. Lè kòb la pa vini nan 7 jou, yo dekouraje e mande mwen poukisa lajan an pat vini. Yon lòt kesyon mwen tande anpil se, ‘‘Poukisa mwen paka jis plante yon grenn semans epi pou mwen genyen nan lotri?’’

Dakò, an nou pale de rekò lachas bouk sèf la anpremye. Wi, mwen kwè ke mwen te kapab depase rekò nan koze chase bouk sèf la si sa se te yon pasyon pou mwen, sa ke li pa ye pou mwen. Mwen jeneralman ale lachas pou mwen ka gen vyann, epi mwen pa motive pou mwen al chache mete yon rekò nan chase bouk sèf. Youn nan rezon yo kifè mwen pa motive nan al chache mete yon rekò nan chase bouk sèf la se akoz sa mwen fenk sot eksplike nou an; ou pap janm peche yon labalèn nan benwa lakay ou a. Pa gen posibilite pou fè rekò mondyal nan zafè bouk sèf la sou tè mwen an. Si mwen te vrèman serye pou mwen fè rekò sa, mwen konnen ke mwen tap oblije ale yon lòt kote pou mwen al chase a. Mwen tap petèt gen bezwen aprann kèk nouvo teknik paske bouk sèf pou mete rekò se nan nwit yo mache epi yo genyen pwòp abitud yo ki inik ak yo menm. Mwen tap gen bezwen pou mwen fè anpil rechèch ak priye anpil pou mwen lokalize zòn kote mwen tap ka jwenn zannimo sa yo. Mwen pa vle al pase tout peripesi sa yo. Mwen renmen chase nan bwa ki sou pwòp tè mwen yo. Men pou mwen reponn kesyon nou an, mwen kwè ke yon moun te ka met lafwa nan Bondye pou chase yon bouk sèf konsa, men sonje sa mwen di a. Plis espesifik ke rekòt la ye, se plis enpòtan ke lye a, moman an ak metòd la ye.

Jeneralman, lè mwen resevwa yon imèl de yon moun kap mande mwen poukisa yon milyon dola pat vini nan 5 jou, mwen reyalize ke mwen pwobableman (se pa tout tan) ap

**KITE MWEN DIW SA  
ANKÒ—MWEN  
PANSE KEW DWE  
TANDE SA YON FWA  
ANKÒ—SE NAN MEN  
BONDYE PWOJÈ  
PAW LAN YE!**

pale ak yon moun ki pa aprann diferans ant lè yon moun gen lafwa ak lè yon moun awogan.

Se tankou imèl mwen te resevwa yon jou kote moun yo te di ke yo ta pral plante yon semans pou yo ka jwenn 10 milyon dola nan 30 jou pandan yo pat menm ka fè mache pou kay la, pat ka peye fèm yo pandan 3 mwa, epi yo pat men map travay menm. Moun sa yo te andeyò kapasite lafwa yo.

Alòs Gary, eske se di wap di ke Bondye pat ka bay yon moun 10 milyon dola? Se sèten li te kapab, tout bagay posib pou Bondye. Kesyon an se pa “Èske Li kapab?” men “Eskew reyèlman gen lafwa pou sa?” Si lafwaw paka pote manje kew bezwen, mwen doute ke ou genyen lafwa pouw genyen 10 milyon dola nan moman sa nan lavi ou. Men ou kapab rive la! Ou gen pouw komanse kotew ye a epi kòmanse aprann kòman lafwa fonksyone epitou anplis agrandi kapasitew pouw jere plis ke sa wap jere kounyea.

### **Èskew Kapab Kwè wap Genyen nan Bòlèt?**

Genyen nan bòlèt?

Waw, ann avanse epi an nou pale sou koze sa. Prim nan koze bòlèt la telman vin anpil pandan dènye ane sa yo. Mwen sone ane pase a li te prèske rive nan 1 bilyon dola! Mwen poko janm achte yon tikè bòlèt nan tout lavi mwen, men fwa sa, lè li te rive nan 1 bilyon an, kèk nan nou nan biwo a te di, “Ey, an nou omwen achte kèk tikè non.” Mwen pat panse twòp ak sa, alòs mwen te ka mete kèk grenn dola tou. Mwen te konnen chans yo—Mwen pat gen ankenn konfyans ke nou tap genyen—Men mwen te panse lage yon ti kòb nan po a. Jan tout moun tap di a, “Fòk yon moun genyen wi.” Mwen pat vle panse ke mwen te rate genyen omwen yon dola nan kous la. Wi, mwen wont pou mwen di ke mwen reyèlman te fè sa.

Jou swa sa, Senyè a te pale ak mwen nan yon rèv de sa. Li te senpleman di nan rèv mwen an, “Tout pwomès mwen yo se pou ou!” Mwen te di. “Wi, mesye, mwen tande ou byen fò epi klè,” “Mwen konprann.” Wi, li te korije mwen, men li te ankouraje mwen tou. Li te fè mwen konnen ke mwen pa bezwen bòlèt la, epitou si mwen bezwen 1 bilyon dola, li ap ban mwen li lè mwen bezwen li an. Mwen gen plis pase 7000 pwomès ke mwen gen dwa lega ak yo, epi yo plis ke sifi!

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an**

Kounyea, ann tounen sou repons de kesyon de sme pou genyen nan bòlèt la oubyen nan nenpòt konkou; ou pa gen ankenn otorite sou li. Mwen kapab plante semans mwen pou yon sèf paske sèf yo anba otorite lèzòm. Mwen genyen otorite legal sou yo. Men mwen pa genyen ankenn otorite sou bòlèt la; se yon jwèt chans li ye.

### **Kòman Pouw Konnen Lèw Pa nan Lafwa**

Aprann jije lè ou gen lafwa ap ede ou lè wap pran desizyon ak ede ou rekonèt pou ou pa pran desizyon lè ou gen laperèz. Sonje. Lafwa se kwayans, esperans, epi li plen ak lapè. Konfyans se yon bagay ke mwen pat genyen lè mwen tap lanse rekòt pou bouk sèf ak kòn anpil pwent mwen an. Mwen pat gen lafwa. Eskew kapab di mwen lè ou pa genyen lafwa? Mwen espere sa.

Jan nou konnen, Drenda ansanm avèk mwen posede 60 kawo tè ki gen yon melanj pil pye bwa, marekay, ak preri. Se absoliman yon andwa pafè pou chase sèf. Genyen pyebwa ki plante nan viwonn tout teren nou an, epi pye bwa yo ak marekay yo se leman natirèl pou sèf yo. Mwen konstwi biwo mwen an sou garaj nou an ak etajè liv yo ki fèt anbwa, epi li gen ladan yon kote kifèt an vit pou limen dife. Se yon tip de biwo ki tankou kavèn gason ki trankil, ki konfòtab, ke mwen renmen travay ladan li. Sèl bagay kite manke se te yon bouk sèf enstale sou tè biwo mwen an. Poum bay verite de sa, mwen pat janm entèrese pou mwen touye gwo bouk sèf paske se chasè pou vyann mwen te ye, epi mwen pat ko janm touye yon bouk sèf ki reyèlman te gwo ase ki tap garanti pou mwen te enstale li sou tè biwo mwen an. Men de plis an plis mwen tap panse ak li se pi plis mwen te dakò ak Drenda, paske se li menm kite ensiste pou mwen touye yon gwo bouk sèf pou biwo mwen an.

Nou te gentan genyen 5 lane depi nou te abite sou tè a, lè nou te genyen diskisyon sa, epi mwen potko janm wè yon gwo bouk sèf sou tè a. Mwen te konn sòti ale lachas kèk fwa nan peryòd gen sèf yo epi mwen te touye kèk bèl grenn bouk ke kòn yo gen 8 pwent men yo pat ase gwo poum te konsidere yo pou mwen te enstale yo nan biwo mwen an. Men nan ane sa, mwen te di Drenda ke mwen te panse al chase gwo bouk sèf sa pou mwen te mete nan mi an. Ankò, mwen potko janm janm wè yon gwo bouk sèf nan bwa yo. Fenèt kizin nou an te bay anfas bwa yo ak teren an, epi malgre sa mwen potko janm wè youn.



Men Drenda ak mwen te plante semans pou gwo bouk sèf sa a. Mwen te ekri nan chèk semans mwen ke mwen tap plante pou yon bouk sèk ki gen 10-pwent nan kòn li oubyen ki pi gwo. Nou te priye sou semans sa, e mwen te depoze li sou biwo mwen an pou mwen te voye ale pa lapòs. Anvlòp sa te rete sou biwo a pandan 3 jou, mwen te jis

**OU GENTAN POSEDE  
LI, ZANMI MWEN,  
TOUT WAYÒM NAN SE  
POU OU. BONDYE  
PAP KA AJOUTE  
ANYEN SOUSA LI TE  
GENTAN BAW. OU  
GEN TOUT BAGAY  
DEJA!**

pat ka voye li ale. Mwen te konnen ke mwen pat genyen lafwa pou bouk sèf ki gen kòn 10 pwent lan. Mwen te genyen lafwa pou yon bouk sèf ki gen kòn 8, 6, oubyen yon 4 pwent pandan tout jounen an. Men mwen te gen pwoblèm pou mwen te wè gwo bouk sèf sa avèk asirans lafwa sa ki di, “Mwen konnen ke mwen konnen ke mwen pral touye yon bouk sèf ak kòn 10-pwent oubyen ki pi gwo lè mwen sòti al lachas la.” Mwen te gen ase eksperyans avèk wayòm nan pou mwen konnen ke mwen pat gen lafwa lè sa.

Alòs mwen te chire chèk sa, mwen te ranplase li ak yon chèk ki te di “pou youn ki gen kòn 4 pwent oubyen youn ki pi gwo,” Epi mwen te voye li ale.

Nwit avan an mwen te ale lachas la, Mwen te rakonte Drenda kisa mwen te fè a. “Mwen jis pa genyen lafwa pou si gwo bouk sèf sa a,” Mwen te di li. Li te gade mwen epi li te di mwen, “Ou gen lafwa pou sèf la, e mwen ap genyen lafwa pou bouk sèf ki gen kòn ak anpil pwent. Bondye kapab fè san mezi plis ke tout sa ou mande oubyen panse!”

Maten aprè a te kòmanse a lòdinè avèk ekirèy ak zwazo yo ki tap fè bri nan bwa yo pandan sant fèy otòn yo te raplem nan lesprim lè te gen anpil chas sèf. Mwen pat gen anpil tan depim te fon chita, te ka gen yon 20 minit yo, lè mwen te tande son yon bouk sèk ki tap vini nan mitan bwa yo. Bouk sèf lan tap vini dwat bò pye bwa mwen an sou de plato, epi mwen te byen aranje mwen pou mwen te ka tire a. Pandan ke sèf la tap vin pi pre, mwen te wè ke bouk sèf la se te youn ki te genyen kòn 4 pwent, egzaktman sa mwen anjeneral al chache yo paske yo vrèman fè bon manje. Bouk sèf la te antre nan yon ouvèti ki te anviwon 23 mètr yo, epi mwen te kite flèch lan tale, avèk degou, mwen te wè flèch la frape wo epil te tounen, e mwen te konnen ke mwen tap gen pou mwen al chache sèf sa. Bouk sèf la te derape ale nan mitan bwa yo epi answit li te vole nan jaden mayi a kite bòkote bwa yo epi mwen te tou pa wèl. Mwen te toujou kapab tande li ki tap kouri nan

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

mitan mayi yo e mwen te konnen kijan li tap kouri fò ke mwen tap petèt gen anpil chache pou mwen fè pou mwen swiv tras li.

Mwen te rete kanpe tann nan pye bwa a pandan anviwon 20 minit epi mwen te deside desann pye bwa a pou mwen te enspekte flèch la. Mwen te sèten ase ke mwen te kapab di mwen definitivman te frape bouk sèf la, e mwen te remake yon tras san. Pandan mwen tap swiv tras san an, mwen te jwenn kouraj paske te gen yon bon kou tras san. Men aprè anviwon 91 mèt, tras san an te vin sèch. Mwen te plede gade mwen patka ka jwenn menm yon lòt gout san. Aprè 2zèd tan ap chache, mwen te reyalize ke bouk sèf la te ale. Mwen te desi. Premyèman, mwen pa janm vle blese yon sèf epi pou mwen pèdi li; epi dezyèmman, mwen te desi pou fason mwen te tire a.

Pandan mwen te kanpe nan jaden mayi a, mwen te kòmanse mache tounen nan kay la pandan mwen tap reflechi. *Mwen toujou gen yon chans. Mwen ka tonbe sou yon sèf pandan mwen ap tounen lakay la atravè jaden mayi epi answit nan zòn marekay la.* Mwen te chaje abalèt mwen an. Pandan mwen tap mache dousman nan mitan raje ki nan jaden mayi a, toudenkou, yon sèf sote e pase devan mwen. Kòm li pa konnen kisa mwen ye, sèf la te kanpe epi li te gade dèyè. Kòm mwen te genyen kagoul, sèf mwen te kapab wè a se te yon bouk, li te ezite paske li pat kapab fè mwen sòti. Tout sa te pase nan yon fraksyon segonn. Mwen te kapab wè kòn yo malgre mwen potko ka wè gwosè li oubyen konbyen pwent li te genyen ladan li. Mwen te konnen ke mwen te genyen yon fraksyon segonn pou mwen te konn kisa mwen tap fè ak bouk sèf la. Li te andeyò espas nòmal ke mwen te ka tire a ki te nan anviwon 50 mèt e li te kanpe akote mwen. Mwen te rapidman ralanti epi mwen te vize anwo do li e mwen te tire flèch la. Bouk sèf la te tonbe touswit lè flèch la te touche li an epi li te rete atè a. Mwen te yon jan sezi. Eske sa ki fenk pase a pase vre?

Pandan mwen tap mache rive sou bouk sèf la, premye bagay mwen te di se te, “Lafwa Drenda a!” Bouk sèf la te gwo anpil! Mwen te konte 26 pwent kòn epi li genyen kite gentan tonbe déjà. Mwen potko janm wè yon bouk sèf kite gwo menm jan ak bouk sèf sa. Ebyen, di ke mwen te kontan anpil se patap jis ak moman sa a. Jan ou ka devine, bouk sèf la kounyea retwouve li sou tèt biwo mwen an. Men mwen vle pale de sèf sa pandan yon ti tan. Kòman sèf sa te fè aparisyon li?

Sèf ak kòn 4 pwent lan te parèt nan bon moman malgre mwen te rate kou a. Men Drenda te di ke li tap ajì lafwa li pou bouk sèf ki gen kòn ki chaje pwent lan. Kounyea, li te genyen yon avantaj sou mwen. Li pat konn chase sèf, pou li menm chase yon sèf ki

genyen geo kòn te fasil menm jan ak chase youn ki genyen kòn 4 pwent. Pou li yo te jis menm sèf yo. Paské li pat menm konn chase, kidonk li pat gen akenn imaj nan tèt li de si li tap posib ou pa. Mwen pat janm konn wè yon sèf ki genyen 8 pwent nan kòn li sou tè nou an, men lafwa Drenda pat baze sou sa ki te gen oubyen ki pat gen sou tè a. Li te kwè ke Bondye te kapab vini ak li.

Chas sa te fèt pandan peryòd repwodiksyon sèf yo, yo rele li peryòd chalè, e lè sa bouk sèf yo kapab vwayale anpil distans pou yo ka jwenn femèl. Alòs gen bon chans pou ou wè bouk sèf ke nòmalman ou pa konn wè sou tè ou nan peryòd sa, e se sa ki te pase lè sa.

### **Fè Asosye nan Lafwa**

Lafwa Drenda te pote bouk sèf sa malgre mwen pat gen lafwa pou mwen te chase bouk sèf ki gen gwo kòn sa. Mwen vle ou li sa ankò. Mwen pat gen ankenn lafwa ke mwen tap chase bouk sèf sa a! Mwen konnen a kisa wap panse la. “Fon ti poze, Gary. Mwen twouble. Si ou pat genyen lafwa ke ou tap chase bouk sèf sa, alòs poukisa li te vini ?” Kite mwen montre ou.

*Yon jou, Jezi te bò letan jenezarèt. Yon foul moun tap kwense li toupatou pou tande pawòl Bondye. Li wè de kannòt bò rivay la. Pechè yo te desann atè, yo tap lave senn yo. Jezi moute nan yonn nan kannòt yo ki te pou simon. Li mande li pou li vanse yon ti kras nan fon. Antan Jezi chita nan kannòt la, li tap moutre moun yo anpil bagay.*

*Lè li fin pale, li di simon konsa, “Vanse kannòt la plis nan fon. Jete senn ou pou peche.”*

*Simon reponn li, “Mèt, nou pase tout nwit la nan travay san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage nas la.”*

*Yo lage nas lan. Yo pran yon kantite pwason. Telman pwason yo te anpil, nas lan tap chire. Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy vin ede yo. Yo vini. De kannòt yo te sitèlman plen pwason, yo te prèt pou koule.*

—Lik 5:1–7

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Mwen konnen ke nou pale de istwa sa déjà, men mwen te vle fè nou wè yon bagay ladan li ki ap reponn kesyon nou an.

*Yo lage nas lan. Yo pran yon kantite pwason. Telman pwason yo te anpil, nas lan tap chire. **Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy vin ede yo. Yo vini. De kannòt yo te sitèlman plen pwason, yo te prèt pou koule.***

Mwen vle poze nou yon kesyon. Konbyen kantite lafwa ke Jak ak Jan te itilize pou yo te ranpli kannòt la ak pwason? Repons la se ankenn! Si ou sonje, kannòt Pyè a menm jan ak kannòt Jak la ak Jan an te sou rivaj la, e yo tap lave nas yo a lè Jezi te parèt kote yo a. Jezi te mande Pyè pou li te itilize bato li a pou li te ka preche sou li epi aprè sa li te

**MWEN TOUJOU DI KE  
SEKRÈ BONDYE YO  
SERE, YO KA KACHE  
POU OU! SE NAN  
TENÈB SATAN RETE  
EPI LI PA KONNEN  
PLAN BONDYE YO.**

di li kibò pou li te voye nas li an nan fon lanmè a pou li te ka pran pwason. Rezilta a se te ke Pyè te telman pran anpil pwason ke nas li a te kòmanse chire epi kannòt li a te kòmanse koule. Pyè te rele asosye li yo ki te sou rivaj la pou yo te vini pou ede li pran pwason yo. Kannòt pa yo te ranpli egzakteman menm jan ak pa Pyè a, yo te ranpli tap tonbe atè. Kesyon mwen pou ou se, “Ki kantite lafwa ke Jak ak Jan te itilize pou yo te plen kannòt

yo a?” Repons lan se ankenn. Ebyen poukisa kannòt yo a te egzakteman gen menm kantite pwason ak pa Pyè a? Pasaj la reponn kesyon sa; Li di ke se asosye yo te ye.

Definisyon asosye a nan diksyonè anglè Collins lan se: “Yon moun ki pataje oubyen ki asosye ak yon lòt nan kèk aksyon oubyen efò yo; jeneralman yo pataje danje yo ansanm avèk benefis yo.”

Yon patenarya se yon antite legal epi ki pataje danje yo, pri yo, ak benefis biznis lan. Alòs lè lafwa Pyè te swiv Jezi a, li te reyèlman ap prete Jezi biznis lan nan yon sans legal, se pat sèlman kannòt la. Teknikman Jak ak Jan te posede yon pati nan kannòt la tou ke Pyè te kite Jezi itilize a, epi pou rezon sa, toulède kannòt yo te ranpli menm jan. Alòs lafwa kiyès kite pote rekòt sa? Evidamman, se te lafwa Pyè a. Se li menm kite di, “*Mèt, nou pase tout nwit la nap travay san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage nas la*”

## AVETISMAN: RETE NAN DEVLOPE LAFWA OU

Alòs Jak ak Jan te rekòlte menm rekòt ke Pyè te rekòlte a malgre yo pat egzèse lafwa yo nan sitiyasyon sa. Alòs se te menm bagay la ak Drenda. Nou se asosye, nou fè yon sèl. Lafwa li, poukont li, te pote bouk sèf la jou sa. Ou kapab wè ke konsèp asosye sa se yon prensip espirityèl ki pwisan, jan nou fenk sot wè li nan istwa a. Pòl te pale de prensip patenarya a nan liv Filipyen yo.

*Mwen di Bondye mwen an mèsè pou nou chak fwa lide mwen frape sou nou, Chak fwa map lapriyè tou pou nou, mwen fèl ak kè kontan, poutèt jan nou te ede m gaye bòn nouvèl la, depi premye jou a jouk kounyea. Mwen sèten Bondye ki te kòmanse bon travay sa a nan nou, li gen poul kontinye li jouk li va fini li nèt, lè jou Jezikris a va rive.*

*Se tou nòmal pou mwen fè lide konsa sou nou, paske nou toujou nan lespri mwen, nou tout ki kanpe la avè mwen nan tout favè Bondye fè mwen, kit lè mwen nan prizon tankou kounyea, kit lè mwen te lib pou mwen defann bòn nouvèl, pou mwen montre se laverite li ye.*

—Filipyen 1:3–7

Pòl di ke li sonje legliz nan vil filip avèk lajwa paske yo te kontinye mache ak li nan ministè li. Li te kontinye pou li di ke akòz yo te konn sipòte li ke yo kounye pataje ak li favè Bondye fè ministè li a. Favè se pouvwa Bondye oubyen se kapasite Bondye ke Pòl te genyen sou li pou li te akonpli misyon ke Bondye te ba li a. Legliz la nan vil filip nan te patisipe nan efò pou misyon an te akonpli, e menm jan ak Jak avèk Jan, yo te jwenn tou nan onksyon ak favè ki te genyen nan misyon sa. An nou al gade nan chapit 4, epi wap wè bon rezilta ke patenarya sa ap bay.

*Malgre sa, nou byen fèt ede mwen nan traka mwen yo. Nou menm, moun lavil Filip, nou byen konnen sa mwen pral di nou la a. Lè mwen kite peyi masedwan, lè yo te fenk kòmanse ap pibliye bòn nouvèl la, se nou men sèl legliz ki te ede mwen. Se nou menm sèl ki te separe sa nou genyen avek mwen pou sa mwen te fè pou nou. Lè mwen te lavil Tesalonik, pandan 2 fwa nou voye sa mwen te bezwen ban mwen. Se pa dèyè kado mwen ye. Men mwen ta renmen Bondye mete sou sa nou gen déjà. Wi, mwen resevwa tout sa nou te voye ban mwen, pou di vre, sa depase sa mwen te bezwen. Kounyea, avèk Epafwodit ki pote*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*kado nou yo, mwen gen tout sa mwen bezwen. Kado nou yo se tankou yon ofrann ki santi bon, yon ofrann bèt Bondye ap asepte paske sa fèl plezi. Bondye ki rich anpil la va ban nou tout sa nou bezwen nan Jezikri.*

—Filipyen 4:14–19

Pote atansyon ak sa Pòl di nan vil legliz ki nan vil Filip la, “Bondye mwen an ap ban nou tout sa nou bezwen.” Gade byen, Pòl pat di, “Bondye nou an ap ban nou tout sa nou bezwen paske nou te jenere ak mwen.” NON! Li te di, “Bondye mwen an va ban nou tout sa nou bezwen!” Nou wè, pèp Filipyen yo se te asosye Pòl, epi antanke asosye, yo te pataje favè nan misyon Pòl la. Kounyea, menm jan ak Jak ak Jan kite jwenn tout pwason sa yo akoz de lafwa Pyè a, Pòl ap deklare ke Bondye va ba yo tout sa va bezwen akoz lafwa li! Mwen espere ou kapab wè avantaj prensip sa.

An nou di ke ou ta bezwen yon machin epi ou asosye ak nou antanke yon ministè. Ann di tou ke machin nan ta koute 30,000 dola. Kounyea, lèw simen nan Garykeese.com, ou konprann kisa patenarya vle di. Ou pataje nan onksyon ak lagras nan ministè nou an. Antanke yon ministè, nou kapab fasilman dakò sou 30,000 dola sa paske nou te pase etap 30,000 dola sa fè yon bon kou tan déjà. Nou kapab fasilman gen lafwa pou 30,000 dola sa paske nou depanse plizyè milyon dola chak ane kounyea. Men avan sa, mwen kapab sonje ke nou te konn bezwen fè Bondye konfyans pou 30,000 dola, ke alepòk sa te parèt yon gwo montan. Alòs si ou mande mwen si mwen te kapab kwè Bondye pou 30,000 dola, repons lan tap “Evidamman.” Alòs menm jan ak Pòl, lè nou gen yon akò e ke nou se asosye, mwen kapab deklare ke ou jwenn sa ou bezwen yo pa akoz de lafwa ou men akoz de lafwa pa mwen.

Kounyea evidamman, ou bezwen gen lafwa lè ou seme semans ou pou ou ka jwenn 30,000 dola sa, epi ou dwe genyen konfyans pa sèlman nan pawòl Bondye a men tou nan mwen. Ou dwe gen lafwa nan mwen, kwè ke mwen genyen onksyon epi ke Bondye te fè apèl ak mwen, kwè ke mwen travay nan entegrite, epi ou sipoze kapab wè prèv rezilta yo nan lavi mwen ak nan ministè mwen. Si ou te fè yon koudèy nan sa nou ap fè e kote nou sòti ebyen ou konnen ke mwen genyen lafwa pou 30,000 dola ! ou petet pa genyen 30,000 dola lafwa, men nou kapab travay ansanm nan patenarya e wè bagay ki enkwayab. Se te menm bagay la pou bouk sèf rekò a. Drenda te di nan nwit avan mwen ta prale lachas la, “Ou ap mete lafwa ou pou sèf la, mwen menm map aji lafwa mwen pou bouk sèf gwo kòn nan.” Se konsa patenarya fonksyone.

**Chwazi Patenarya ki Estratejik**

Alòs kite mwen depoze kèk prensip de baz pandan map poze ou yon kesyon. Si ou tap kòmanse yon konpayi òdinatè, ou tap vle rele jenòm ki nan premye sesyon li nan klas syans enfòmatrik li a san li pa gen ankenn lajan pou li asosye ak ou oubyen yon moun ki te bati yon konpayi plizyè milyon dola e ki gen lajan pou li ede ou lanse konpayi ou a? Se sèten, genyen anpil varyab la, e mwen sèlman ap fè yon ilustrasyon. Men mwen panse sou sifas la chwa evidan an tap yon moun ki genyen eksperyans, ki genyen yon pase ki pwouwe siksè epi ki genyen lajan!

Ebyen, se menm bagay la tou lè wap simen nan yon patenarya ak yon ministè. Silvouplè pa konfonn sa mwen ap di a ak lè ou jwenn lòd Bondye pou ou fè patenarya ak yon moun. Jan de lòd sa depase sa mwen ap di a. Anpil fwa, Bondye ap mennen ou fè patenarya ak yon moun ak pwòp misyon pa li, men kèk fwa se ou menm kap genyen pou ou chwazi. Mwen ap pale espesyalman sou seme tankou yon chwa wap fè, seme lèw dezire avanse nan lòt nivo a. Mwen konnen mwen seme nan misyon ke mwen kwè pou nan objektif pou sa akselere lajan ke mwen gen bezwen nan lavi mwen nan lavi mwen. Yon prensip ke mwen pa janm anfrenn seke mwen toujou seme nan misyon ki konprann lafwa epi akò amwens ke mwen ap plante bay pòv yo ak moun ki nan nesosite. Se sèten, nou pa atann pòv oubyen moun ki nan bezwen pou yo konprann lafwa. Se seme nou ap seme lanmou pou yo, e Bondye a peye nou an retou. Yon lòt fwa ankò, seme nan bay pòv la diferan de seme ke nou ap pale a la. Lòt bagay mwen verifye lè mwen ap seme se lokalize misyon Bondye ki genyen menm fwi ke mwen genyen lè mwen aji lafwa mwen nan Bondye pou tèt mwen.

Pa egzanp, konpayi mwen an genyen 2 avyon. Avan ke mwen te achte yo, mwen te seme nan yon misyon Bondye, yon ministè ke mwen te konnen ki te peye pou anpil avyon ki koute plizyè milyon dola deja. Lè mwen di anpil, mwen vle di anpil, e yo tout te peye lajan kontan. Yo te demontre rezilta nan kesyon achte avyon. Mwen te konnen ke yo tap kapab dakò ak mwen fasilman pou kesyon achte avyon an e ke yo tap gen lafwa tou pou sa rive. Mwen pa ta prale asosye avèk yon ministè ki ta pral di ke avyon yo twò chè oubyen yo pa twò enpòtan pou moun posede. Sa a se pa nenpòt akò. Non, mwen te vle gen yon akò ak yon ministè ki te konprann kibò mwen te ye, epi ki tap ka konprann mwen ki ap aji lafwa mwen nan Bondye pou yon avyon, epi ki te genyen prèv pou pwouve sa.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Mwen pilòt depi lè mwen genyen 19 lane e mwen te aprann vole avyon sou yon pis 3000 pye ki fèt an gravye. Mwen te konn lwe avyon pandan tout lavi mwen jiskaske yon jou mwen te panse, Ey, ou konn kisa? *Mwen jis bezwen seme yon semans epi kwè Bondye pou mwen genyen pwòp avyon mwen.* Ebyen, se sa mwen te fè. Mwen te konnen avyon egzat ke mwen ta prale seme pou li a. Alòs mwen te ekri avyon egzat mwen te bezwen an sou chèk mwen an, epitou Drenda ansanm avèk mwen te dakò sou li. Nou te answit voye chèk lan ale bay ministè mwen fenk sot mansyone a.

Ebyen, yon mwa te pase, mwen te gen pou mwen ale kay doktè jan mwen te toujou konn ale a. Pandan mwen tap pale ak doktè a jou sa, konsa konsa li te di, “Sa pa rive ke ou rekonèt ankenn moun ki ta renmen achte yon avyon?” Kesyon li an te fè mwen yon ti jan sezi paske sa potko janm rive nan tout lavi mwen pou yon moun te mande mwen si mwen te vle achte yon avyon. Alòs mwen te mande kijan de avyon li ye, epi se te avyon egzat ke mwen te seme semans mwen pou li an. Dakò sa a te kapte atansyon mwen. Mwen te ale epi mwen te gade avyon an, mwen te kontakte mèt avyon an, li te mennen mwen fon vire sou avyon an. Sa te pafè. Te genyen yon sèl pwoblèm. Apre sa, mwen pat genyen lajan pou mwen te peye li. Men Bondye te genyen yon plan.

Ou wè, otòn avan sa, kounyea nou te an Mas, Papa mwen te ban mwen yon kay ke mwen ta pral renove pou mwen te fè tounen yon biwo pou sezon prentan an. Ebyen, papa mwen te di mwen ke li te fèmen antre dlo nan kay la avan sezon ivè a, alò mwen pat janm pase verifye sa. Jis kèk jou aprè mwen te fin gade avyon an, frè mwen an te rele mwen epi li te di mwen ke kay mwen an te kraze. Li te kontinye di mwen ke mi kite fèt an playwoud yo te kraze epi pifò ladan yo te tonbe. Ta sanble, antre dlo a pat fèmen epitou li te fè glas pandan ivè a. Kòm kounyea nou te nan mwa Mas epi li te komanse ap fè cho, dlo a te kòmanse koule nan kay la pat gen moun kite konn depi kilè, petèt se te kèk semèn.

Sa frè mwen an pat konnen se ke mwen te gentan siyen yon kontra ak yon konpayi konstriksyon pou yo te vini kraze tout mi ki te fèt an playwoud yo ak tout pati ki kouvri deyò kay la. Sa a te fè pati de pwosesis rekonstriksyon an pou konvèti kay la pou li te ka tounen nouvo espas biwo pou konpayi mwen an. Kounyea, men kibò sa ki te entèresan ki te rive. Konpayi aisrans lan te peye yon lajan pou dega dlo a te koze a, sa se lajan ke mwen te itilize pou mwen te peye pou avyon mwen an. Avyon an te achte lajan nan men!

Alò sone, patenarya se yon prensip espirityèl ki pwisan ke ou ap vle okouran de li epi pwofite de li.



## AVETISMAN: RETE NAN DEVLOPE LAFWA OU

Nou ap tèmine ti pale nou an sou kesyon pouw lage semans paw lan lèw gen lafwa. Alòs kounyea lèw fin seme semans paw lan, kisa kap vini aprè? Kwè mwen, majorite moun pa konnen, jan apil kretyen gentan bay prèv ke yo te seme epi yo pat wè ankenn rezilta oubyen efè bagay ke yo te bay lan. Èske sa se yon moman pouw chita ap bwè limonad jiskaske rekòlt paw la rive?

Li tap pi bon pouw pa fè bagay konsa! Nou pral pale sou kisaw sipoze fè nan pwochen chapit la.



## CHAPIT 8

# OU BEZWEN YON PLAN!

Lè Brad avèk Charity te fenk vini nan legliz nou an, mwen te reyèlman pat konnen yo. Mwen sonje je se salye mwen te konn salye yo epi fè ti pale tout piti ak yo detanzantan. Premye fwa ke yo te kapte atansyon mwen se te nan konferans pou fanm ke Drenda konn fè. Konferans la te kòmanse nan yon jedi swa epi li te fini nan yon samedì apèmidi. Anpil moun yo kite vini nan konferans lan te rete nan sèvis samedì swa legliz la. Se te nan sèvis sa ke Brad ak Charity te vini ak yon demann aprè sèvis la. Yo te vle kòmanse yon biznis epi yo te mande si mwen tap resevwa yon semans nan ministè nou an epi priye pou yo pou biznis sa.

Nan pita mwen te dekouvri ke Charity te lwe yon espas nan konferans fanm yo pou li te vann kèk pwodwi tretman cheve pou afrikèn-amerikèn ki gen cheve grenn ke li fè ak pwòp men li. Li te lwe tab lan nan konferans lan pou 150 dola, epi li te vann pou 350 dola pwodwi, ke li te fè benefis 200 dola.

Nan sèvis samedì swa a, yo toulède te avanse ak 200 dola epi yo te vle plante li anndan minister nou an kòm semas pou biznis yo a te ka grandi. Mwen te di, “Se sèten,” Epi nou te priye. Mwen pat panse de sa anpil, men mwen te kapab wè anvi an nan je yo, epi mwen te kapab di ke yo te vrèman aji lafwa yo pandan yo te seme semans yo an.

Pou mwen ban ou yon enfòmasyon sou Brad ak Charity, alepòk, Brad se te yon manadjè nan yon konpayi enfòmasyon ak teknoloji, epi Charity tap touche 10 dola pa èdtan nan yon travay a tan pasyèl, jis yon fanmi mwayen ki ap viv ak de pewòl an pewòl. Aprè konferans lan, yo te kontinye vann pwodwi yo bay zanmi yo ak fè kèk vant sou entènèt

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

lan men yo te admèt ke biznis yo a patap vrèman mache. Men Bondye tap travay pou yo san yo pat konnen, li tap prepare devlopman biznis yo a.

Lwil doliv se te yon konpozan majè nan preparasyon pwodwi yo te konn fè yo, key o te konn achte nan men yo fèmeye doliv ki nan Kalifònya, ke yo te vin aprann ki te vle vann konpayi a. Pri a se te 40000 dola. Charity te konnen ke sa se te yon gwo opòtinite pou agrandisman konpayi yo nan nan alavni. Men Brad ak Charity pat genyen 40000 dola a, menm yon yota yo pat genyen ladan li. Yo te sèlman genyen ase lajan pou yo te achte tikè avyon pou yo te ale wè konpayi a nan kalifònia, men se te sèlman sa. Brad te di detanzantan li te apwoche kalifònya se detanzantan li tap vini pi strese. Kisa moun sa yo ta pral di pwopriyetè a paske yo pat menm gen lajan epitou, yo te pwomèt youn ak lòt pou yo pat prete ankenn kòb pou biznis yo a? Lè yo te rive Kalifònia, fèmeye a te montre yo tout konpayi a men li te di yo ke li te gentan jwenn yon achtè pou konpayi lwil la. Sa te sanble tankou bagay yo patap mache. Men Pwopriyetè a te mande Brad pou li te fè kèk travay enfòmatak pou li, ke Brad te aksepte fè.

Pandan tan sa, Brad ak Charity te devlope yon relasyon ak pwopriyetè a; epi yon jou, li te di ke li te deside vann yo biznis lan. Li te fini pa pa pran pèman pa franch nan men yo pou biznis lan, epi Brad ak Charity te vin posede konpayi lwil doliv yo a. Se te nan moman sa ke Brad ak Charity te tande pale de yon pwojè konstriksyon ke nou te lanse pou legliz Faith Life, epi yon bagay te bouyi anndan yo. Yo te wè ke premye semasn ke yo te seme avan sa te chanje biznis yo a konplètman, epi kounyea yo te konnen ke li te lè li te tan pou yo te mete biznis yo a nan yon lòt nivo avèk yon semasn ki gwo. Yon lòt fwa ankò, Brad ak Charity te rankontre mwen devan legliz la epi yo te seme pou biznis yo a avèk yon semasn epi yon objektif. Yo patap seme pou Lajan pèsònèl yo, men pito pou yon montan a 6 chif ke yo te vle bay nan pwojè konstriksyon an.

Pou mwen ran yon istwa long kout, yon gwo chanjman te fèt ankò nan pwodwi yo a, Bondye te bay yon nouvo engredyan kit e chanje pwodwi a alò li te tounen pwodwi pafè pou afrikèn-amerikèn yo ki te genyen cheve grenn. Pwodwi a te dekolè. Sa pat lontan depi yo te fin bay chèk la ak montan 6 chif la nan pwojè konstriksyon an. Kounyea, yo ap sipòte pwojè nan tout afrik la nèt, lajan ke yo ap brase plis ke 7 chif. Tout sa yo te rive nan anviwon twa lane. Gade kijan yon istwa enkwayab pou yon sòti nan fè 10 dola lè pou li ap fè plizyè milyon nan sèlman 3 lane! WAW!

Sa se yon gran istwa e yon egzanzp pafè de kijan Bondye travay ak ou pou ou kapte pwovizyon ou ak konstwi enfluyans ou. Premye bagay kite kanpe enpresyone mwen se te

angouman yo pou wayòm ak bi konpayi yo a, ki la pou sipòte finansyèman wayòm Bondye a. Dezyèmman, se te kijan yo te travay ak Bondye pou yo te devlope estrikti, pwodwi, ak planifye pou konpayi a kite soti byen ba. Sa a sipoze enspire nenpòt moun ki vle fè yon gwo bagay ki pa determine nan konbyen lajan ou genyen oubyen kisa ou konnen lè wap kòmanse. Bondye ap travay avèk tout pandan ou sou wout la.

Sa mennen mwen nan katriyèm prensip wayòm nan ke Bondye te ansenyem, epitou se aprèw fin simen ak aji lafwaw, wap bezwen tande plan an.

#### **Etap #4: Aprèw Fin Simen epiw Libere Lafwaw, Wap Bezwen yon Plan.**

*“Jezi te reponn yo, Poukisa nou menm, nou pa ba yo manje pito?”*

*Disip yo reponn li, “Ou ta vle pou nou al chachee mil goud pen bay tout moun sa yo manje?”*

*Alòs, Jezi te mande yo, “Konbyen pen nou gen la a? Al gade poun wè non.*

*Lè yo te fin konnen konbyen pen yo genyen, yo dil konsa, “Nou gen 5 pen ak 2 pwason.”*

*Aprè sa, Jezi te pase lòd pou disip yo fè moun yo fè ti gwoup chita sou zèb la. Moun yo menm chita fè gwoup senkan, gwoup san. Aprè sa, Jezi pran 5 pen yo ak 2 pwason yo. Li leve zye li anlè, li rann Bondye gras. Epi li separe pen yo bay disip yo distribiye bay moun yo. Li fè menm bagay la tou ak de pwason yo. Tout moun manje vant plen. Disip yo ranmase tout ti mos open yo ansanm ak rès pwason yo. Yo plen 12 panyen pote ale. Te gen 5 milòm kite jwenn pen pou yo manje.*

—Mak 6 :37 – 44

Jezi te bay disip yo yon plan egzekisyon avan pwason yo ak pen an te miltipliye.

Alòs, asire ou ke ou konprann sa. Depi ou simen semans ou an ak lafwa, se nan Sentespri a plan an dwe sòti. Meyè fason pou ou fè sa se pase tan nan Espri a. Ou pa gen pou ou

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Pwovizyon an

pran ankenn desizyon oubyen lanse ak pwòp fòs ou jiskaske Bondye pale ansanm avèk ou. Gen plizyè rezon pou sa. Premyeman, ou pral eseye fè sa ak pwòp fòs ou epi ou pral

### **DEPI OU SIMEN SEMANS PAW LAN AVÈK LAFWA, SE NAN SENTESPRI A PLAN AN DWE SOTI.**

panse twò piti. Dezyèmman, ou ka eseye konstwi yon plan ak sa ou konnen deja pandan ke Bondye ka petèt vle mennen ou nan yon nouvo direksyon. Ou gentan eseye sa ou konnen déjà, ou bezwen yon nouvo ide ak plan ki pou chanje rekòt ou a. Alòs, tann

Senyè a pou nouvo ide a ak plan an. Li ka sòti nenpòt kote. Ou ka wè li nan yon piblisite, pandan ou rankontre yon moun, oubyen senpleman gen fè yon rèv menm jan mwen te fè rèv la. Bondye ap pran atansyon ou epi ede ou prepare nouvo plan paw la. Kite mwen baw yon egzanz sou poukisa bagay sa enpòtan anpil la.

### **Pouwva yon Plan Genyen**

Mwen pwobableman te di menm egzanz sa nan chak grenn liv “Revolisyon Finansye Paw” ke mwen ekri, men li kontinye ap repete ankò. Si mwen di ou ke mwen ka rezoud tout pwoblèm finansye ou yo nan pwochen mo sa yo, mwen sèten ke ou tap chita po ou tande detay yo, ak plim ou nan men ou. Ebyen, mete ou prè paske men repons ou an. Fè 10 milyon dola kòm salèw ki vin nan men ou ane sa. Wi, mwen di pou ou fè 10 milyon dola kòm salè ou avan ane a fini. Pou majorite moun, montan sa tap mete sityasyon finansye sou yon bon chemen pou yo rezoud pwoblèm yo.

Kisa? Eske mwen se wounouwounou mwen tande la? Wap ri? Lè mwen di moun nan odyans mwen yo pou yo fè sa, mwen toujou tande wounouwounou nan tout oditoryòm nan. Mwen konn ansuit mande poukisa yo ap ri a. Yo konn ap ri paske pou yo se yon blag; ke li pa posib. Answit mwen konn di aprè yon ti tan, pandan ke mwen ap redwi montan salè a pou ane a, yo konn sispann ri epi di, “O, mwen ka fè sa.”

Alòs, ou menm nan ki montan ou sispann ri, 600,000 dola pa ane ? Kibò ou wè tèt ou, nan 200,000 dola oubyen nan 100,000 dola pa ane ? Petèt ke montan ou an pi piti, petèt se 45,000 chak ane? Ant 10 milyon dola ak 0 dola chak ane, wap jwenn yon montan kanmenm kote wap di, “Mwen panse, mwen ka fè sa.” Epi men pwoblèm nan; se egzaktman la wap rete. Konprann sa, pa genyen ankenn moun ki eseye yon bagay ke yo

panse ki enposib pou yo. Alòs, men pwoblèm nan. Ou fatige ak limite akòz pwòp panse ou yo.

Kounyea, kite mwen montre ou pouvwa yon plan. An nou pran menm fraz la, ke tout pwoblèm finansyè ou yo tap rezoud si ou fè 10 milyon dola ane sa. Men fwa sa, mwen pral ofri ou yon kontra pou ou fè yon ti lajan. Mwen pral peye ou 500 dola pou chak bwat ou pran ou mete yon balon ladan li, ou byen fèmen li, ou tepe li, epi ou make li pou yo ka voye li ale, epi mete li akote. An nou di ke ou ka fè 100 bwat chak inèd tan, oubyen 50,000 dola chak inèd tan kòm salè. Ann di tou ke ou travay san kanpe pandan 10zèd tan wap fè 500,000 dola kòm salè. Kounyea, lè mwen di an nou fè 10 milyon avan ke ane a fini, kisa ou tap di? “LI FASIL! Sa tap sèlman pran 20 jou travay.” Dakò, kite mwen mande ou kisa ki chanje. Anyen eksepte ke kounyea ou planifye sa, si ou swiv li, nòmalman sa ap garanti ke ou atenn objektif ou a ki se fè 10 milyon dola kom sale pou ane a.

Ou konprann? Si se ou ki tap reflechi poukont ou, ou pwobableman patap janm panse ke oujektif ou a te posib, epi ou tap dakò ak nenpòt bagay OU panse ki te posib. Men ou pa bezwen pwòp opinyon ou; ou gentan tap viv nan mond limite sa sa déjà fè twò lontan. Non, ou bezwen Sentespri a ki pou ede ou reve.

### **Bondye Gen yon Plan Pou Ou**

Mwen te pale nou pi bonè sa nan liv la de difikilte sitiyasyon finansyè nou ak panik epi depresyon ke mwen te soufri akòz lajan. Lè mwen te kòmanse aprann kòman wayòm Bondye a fonksyone, mwen pat genyen ankenn kote mwen te ka ale ke vin jwenn Bondye. Li te pale ak mwen epi li te ban mwen yon plan pou mwen te kòmanse Foward Financial Group epi pou mwen montre moun kòman pou yo sòti nan dèt. Bagay serye! Mwen sonje mwen te chita lakay mwen lè sa mwen tap reflechi de kisa li tap di mwen pou mwen fè e mwen tap mande tèt mwen, “ahhh, mwen swete ou ta dim sa avan.” Men li te reponn mwen ke mwen tap soti nan dèt pandan mwen tap egzekite plan an.

Pandan Drenda ansanm avèk mwen tap lanse plan ke Bondye te ban nou an, nou pat genyen ankenn ekipman, ankenn òdinatè, anyen. Men lè nou te wè plan an, mwen te konnen li tap mache; mwen te konnen li tap posib. Epi lè mwen pale de plan an, mwen

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

vle di strateji ak detay li te montre nou yo nan sa ki gen rapò ak lanse plan an. Mwen te kapab fè sa! Anreyalite, mwen tap renmen fè sa.

Jis menm jan nan ka Brad ak Charity a, Bondye te bay tout ekipman nou te bezwen pou nou te kòmanse. Etranjman, yon jou, papa mwen, ki te posede yon restoran pizza epi li pat bezwen yon òdinatè, li te di mwen ke li te vle achte yon òdinatè, epi li te envite mwen ale ak li. Alòs nou te ale ansanm epi achte òdinatè li a epi lojisyèl ke li te di ke mwen te kapab itilize sou li a. Konprann sa, mwen pat konnen anyen nan òdinatè. Li te abite aviwon 2 kilomèt tou pre mwen an, epi mwen te kòmanse fè kèk pratik sou òdinatè sa ak lojisyèl la jiskaske mwen te kapab ekri yon bon prezantasyon pou bay kliyan yo sou kòman pou elimine dèt yo. Bondye te fè yon wout lè mwen pat genyen lajan an.

Konpayi a te grandi, mwen te kòmanse anboche kèk vandè. Nan jou sa yo, nou te konn itilize kalkilatriks manyèl yo pou travay atravè kalkil sou plan chak fanmi yo. Epi aprè sa nou te konn tape enfòmasyon yo nan modèl, ke mwen te kreye sou lojisyèl mwen an, pou nou te enprime pou vandè nou yo te ka pote bay kliyan yo lakay yo. Alepòk se te ansye enprimant yo nou te genyen sa kite enprime ak pil ti pwèn yo, (Ou sonje yo, se pa vre?) Yo te konn tèlman travay, sekretè mwen an te vin paka sipòte epi mwen te oblije anboche yon lòt moun ki pou ede nan tape ak enprime rapò pou kliyan yo.

Mwen te reyalize ke mwen te bezwen yon pi bon mwayen pou mwen te fè biznis lan fonksyone. Mwen te bezwen yon lojisyèl òdinatè ki tap kapab fè kalkil finansyèl yo poukont li pou chak kliyan yo epi enprime li tou. Drenda ak mwen te mande Senyè a èd pou li te ban nou yon pwogramè òdinatè ke nou tap ka peye ki tap ka fè tout lojisyèl la pou konpayi nou an.

Kèk mwa aprè nou te fin fè priyè sa, mwen te ap vizite yon kliyan jan mwen toujou konn fè. Aprè kilyan fin wè fèy mwen te enprime a li te mande mwen, “Se la men nou fè kalkil sa yo?” Mwen te reponn, “Wi, men nou reyèlman vle pou nou ta mete yo sou yon lojisyèl òdinatè pou li fè li pou nou.” Li te gade mwen epi eksplike mwen ke li ekri konn lojisèl òdinatè pou travay li ki se chak jou men li ta renmen ede nou pou li fè youn pou nou nan nwit lè li gen ti tan. Li te ban nou yon pri, epi li te pèmèt mwen peye jan mwen te kapab la.

Pwogram sa te chanje tout bagay epi li te pèmèt mwen bay plis moun djòb. Nan pa twò lontan, nou te vin genyen 300 vandè nan pifò patis Ès Etazini an, sa kite fè ke biwo nou an te vini nimewo nan 5,000 biwo pou youn nan vandè nou yo.



Akoz nou te lanse pwòp konpayi noue pi nou swiv Sentespri a. Nou te arive vin pa gen dèt, epi rès la se istwa, jan yo di a. Sa mwen vle di se ke Bondye ap ba ou plan an si ou mande li epi kite li fè sa. Li ap mennen ou kote ou pat janm panse ki te posib.

Alòs, kite mwen soulinye ke ou bezwen plan an. Bondye gen yon plan pou siksè ou. Anreyalite, li genyen anpil plan pou siksè ou. Ide li yo ak sa jès li pap fini.

*‘Se mwen menm ki konnen sa mwen gen nan tèt mwen pou nou. Se mwen menm Senyè a kap pale. Se bon pwojè mwen gen pou nou, se pa pwojè kap pote malè. Sa mwen vle pou nou se yon demen ki chaje lespwa.’*

—Jeremi 29:11

### **Koman Pouw Tande Plan pa Bondye a?**

Alòs, kòman pou ou tande plan an? Jan mwen te di, priye nan lespri se meye fason pou tande li. Mwen pa pral pale twòp de zafè priye nan lespri a la paske liv mwen an *Revolisyon Finansyè Paw la: Pouwa strateji a* pale sou kòman pouw tande Sentespri a an detay. Men map asirem kem fon ti pale saou sa toupiti.

*Malgre sa, se yon bon konprann map fè moun ki byen deblope nan konyans yo konnen. Men, se pa menm bon konprann ak bon konprann moun kap viv dapre lide ki nan lemonn, ni ak bon konprann pouwa ki la pou disparèt. Bon konprann map anonse a, se bon konprann Bondye te sere a. Li te kache nan je moun. Men, depi anvan Bondye te kreye anyen, Bon konprann sa a te nan plan li pou li te ka sèvi yon lwanj pou nou. Pa gen pouwa nan lemonn ki te konnen bon konprann sa a. Si yo te konnen li, yo pata kloure Senyè ki te merite lwanj la sou kwa a.*

*Men, jan sa te ekri nan liv la: ‘Bagay pèsonn pat janm wè, ni pat janm tande, bagay okenn moun pat janm mete nan tèt yo’—se bagay sa Bondye te pare pou moun ki renmen li yo—Bondye voye Sentespri li ki devwale sekrè travay sa ban nou.*

*Lespri Bondye sonde tout bagay, menm sa ki nan fon sekrè Bondye. Pran nenpòt moun: Kilès ki ka konnen sa ki nan kè li? Se lespri ki nan li a sèlman*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*ki konn sa. Konsa tou, sèl lespri Bondye a konnen tout bagay ki nan Bondye. Se pa lespri kap travay nan moun kap viv daprè lide ki nan lemond lan nou te resevwa. Lespri nou resevwa a, se lespri Bondye te voye ban nou an pou nou te ka konnen tout favè Bondye te fè nou.*

—1 Korent 2:6–12

Bagay ke nou poko janm tande, ke nou poko janm wè, oubyen poko janm panse, jan sa mansyone nan pasaj sa a, se bagay sa ke Sentespri a revele nou. Benefis sanble yo sanble byen bon wi daprè mwen ; mwen te ka itilize sa. Lè ou vin yon kretyen, Sentespri a vini abite anndan ou, e li kòmanse dirije lavi ou.

Men Sentespri a genyen yon lòt dimansyon ke Jezi te bay legliz la, ki rele batèm Sentespri a. Sa a se sa nou wè ki te fèt jou pannkot la lè Sentespri a te vini sou disip yo nan chanm wot la menm jan li tvini sou Jezi nan rivyè jouden an. Sa se lè Jezi te kòmanse preche a. Se lè sa pouvwa Bondye a te vini sou li pou li te yon temwen wayòm nan. Jezi pat fè ankenn mirak padan anfans li. Li pat miltiplye manje fanmi li yo ni li pat mache sou dlo. Pou nou konprann batèm Sentespri a, wap gen bezwen konprann ke gen yon diferans ant fèt yon lòt fwa ankò (Lè espri Bondye a vini nan ou) ak batèm Sentespri a (Lè Sentespri a vini sou ou.)

*Menm jou dimanch sa, nan aswè, disip yo te reyini nan yon kay. Yo te fèmen pòt yo akle paske yo te pè jwif yo. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di yo: “Lapè avèk nou!” Aprè li fin di yo sa, li moutre yo de pla men li ak bò kòt li. Disip yo pat manke kontan lè yow è Senyè a.*

*Jezi te di yo ankò: “Lapè avèk nou! Menm jan Papa a voye mwen an, se konsa mwen voye nou tou.” Aprè pawòl sa yo, li soufle sou yo, li di yo “Resevwa Sentespri.”*

—Jan 20:19–22

Disip yo te pran nesans yon lòt fwa ankò nan jan 20, epoutan Jezi te di yo ke yo te toujou gen pou yo tann batèm sentespri a sa ki tap fè yo wè wayòm Bondye a.

*Aprè li fin mouri, li parèt plizyè vivan devan yo pou ba yoo divès prèv li resisite. Pandan karant jou, li fè yo wè li, li koze ak yo sou wayòm Bondye a.*

*Yon jou, pandan Jezi tap manje ak yo, li ba yo lòd sa a: ‘Pa kite jerizalèm. Rete tann pwomès Papa a te fè nou an, sa mwen te anonse nou an. Jan te batize nou avèk dlo, men nou menm, nan kèk jou ankò, nou pral batize nan Sentespri.’*

—Travay 1:3–5

*Men, lè Sentespri a va desann sou nou, na resevwa yon pouvwa. Apre sa, na sèvi mwen te mwen nan jerizalèm, nan tout peyi jide ak nan tout peyi smari, jouk nan dènye bout latè.*

—Travay 1:8

Onksyon sa ki sòti nan Bondye a pote pouvwa Bondye a epi pèmèt ou fè travay li.

Tanpri remake ke sa vini sou ou men li pa vini nan ou. Ou petèt sonje tou ke nan jou pannkot la tout disip yo ki te nan jerizalèm ap tann nan chanm wot la te batize avèk Sentespri a. Kisa kite youn nan prèv yo? Yo tout nèg te pale an lang. Pale an lang mansyone nan 1Korent 12 kòm youn nan 9 don espiyèl ke Sentespri a bay legliz la. Ou petèt ka di ke don sa yo mouri, men mwen pa dakò ak tout fòs mwen. Batèm Sentespri a pote avèk li tout 9don espiyèl yo, men mwen vle fokis sou sèlman grenn don sa, pale an lang lan.

Premyèman, sa ka parèt initil paske ou ka panse ke li nesèsè sèlman lè wap pale ak moun ki pale yon lang diferan e wap eseye preche levanjil la. Men an mezi pou pale ak moun nan lang ke ou pa konnen e ke ou pat janm gen entansyon genyen don pale an lang lan. Kite mwen montre ou poukisa li se yon don ki gen anpil valè epi poukisa li enpòtan pou pwosperite ou.

*Moun kap pale langay, se ak Bondye yap pale. Yo pap pale ak moun. Pèsonn paka konprann yo. Avèk pouvwa Sentespri a, yo di yon bann verite ki rete kache pou tout moun. Okontrè, moun kap bay mesay ki sòti nan Bondye, se ak moun yap pale pou fè yo grandi nan Konfyans yo nan Bondye, pou ankouraje yo, pou konsole yo. Moun kap pale langay, se konfyans pa li ase lap bay fòs. Men, moun kap bay mesay ki soti nan Bondye yo, se konfyans tout*

## **ONKSYON SA KI SOTI NAN BONDYE A POTE POUVWA BONDYE A EPI PÈMÈT OU FÈ TRAVAY LI**

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*legliz lap bay fòs. Mwen dakò pou nou tout pale langay. Men mwen ta pito wè nap bay mesaj konsa, yo fè plis byen pou legliz la pase moun kap pale langay, esèpte si gen yon lòt moun ki ka eksplike sa yap di a. Lè sa a, se tout legliz la kap grandi nan konfyans tou.*

—1 Korent 14:2-5

Nou bezwen pou nou konprann nan ki kontèk Pòl ekri lèt sa a nan pasaj nou sot li a. Li ap pale de kòman asanble legliz yo dwe fonksyone. Li nòmalman di ke lè yon moun ap pale an lang nan yon asanble sa pa pote anyen pou lòt moun ki ap tandè li yo paske moun ki ap tandè yo pa konprann sa moun nan ap di a. Pòl di ke nan legliz yo li pi bon pou yon moun bay pwofesi paske lè sa li tap bay li nan yon lang ke tout asanble a konprann epi li ap pi efikas tou.

Men lè ke se yon sel moun kap priye poukont li an lang, wow, koze sa a se yon lòt istwa. Pale an lang lan gen gwo benefis pou moun kap pale an lang nan. Bib la di key o ap pwofetize mistè nan lespri yo. Mistè sa yo se sa ou pa konnen epitou kew gen bezwen konnen. Dezyèmman, Pòl di ke moun ki pale an lang bay edifye tèt li. Mo edifye a vle di pote enstriksyon. Evidamman, si ou gen bezwen konnen yon bagay, se yon mistè li ye pou ou pandan ou poko konnen li an. Men pale nan lang pote enstriksyon pou moun kap pale nan lang nan. Ou menm avèk mwen bezwen konnen pale nan lang si nou pral devlope plan ki ale pi lwen ke sa nou konnen déjà. Jan 1 Korent 2:9–10 di:

*Men, jan sa te ekri nan liv la: Bagay pèsonn pat janm wè, ni pat janm tandè, bagay okenn moun pat janm mete nan tèt yo—se bagay sa Bondye te pare pou moun ki renmen li—Bondye voye Sentespri li ki devwale sekrè travay sa ban nou.*

Mwen bezwen sipò sa, ou bezwen li tou. Pwochen kesyon ou an se, “Si wap pale nan lòt lang kew pa konprann sa wap di a, aprè sa kòman ou ap fè pou ou jwenn yon bagay nan sa wap di nan lang nan?” Ebyen, men mistè a. Pandan Sentespri a ap pale atravè pwòp espri imen ou an, lespri ou ap kòmanse ranmase kèk panse ki ap koule atravè lan. Nou rele sa revelasyon, e mo sa soti nan rasin mo revele a. Alòs, nan lapriyè nan espri, jan pale nan lang lan rele nan bib la, ou genyen kapasite pou ou ranmase lide ak panse kip a pou ou.

Mwen konnen ou pwobableman gen anpil kesyon sou sa, alòs kite mwen ankouraje ou pou ou chache genyen liv mwen an ki se *Revolisyon Finansyèw Paw: Pouvwa estrateji a*. Wap jwenn repons ou yo nan liv sa.

### **Pran Poz epi Priye Pou Estrateji**

Pou kounyea, an nou senpleman konprann ke yon fwa ou seme semans ou nan lafwa, pwochen etap la se pozew epi priye nan Sentespri a pandan yon tan paske wap bezwen yon plan. Se sa ke Karla te fè.

Karla ak Todd te ap viv yon vi nòminal uon senp ameriken, yo tap viv nan plede tan pewòl, epi yo tap antre pi fon nan dèt. Karla te tonbe yon jou sou emisyon *Fixing the Money thing* sou televizyon an epi li te konnen ke li te gen bezwen mete kesyon finans li nan lòd. Mwen kapab sonje imèl ke Karla te voye ban mwen. Alepòk, li te di ke li pat genyen ankenn plan finansyè. Yo pat menm kapab planifye pou 2 mwa davans, bagay yo te sere pou yo. Se kat dekredi a ki te konn kouvri nenpòt ti bagay ki te konn manke nan bidjè yo.

Li te konnen ke li te bezwen sòti nan dèt, men kòman? Li menm ak Mari li te seme yon semans pou yon ide biznis aprè ke yo te fin li liv mwen an, epi yo te seme klèman pou yon biznis ke li tap ka fè lakay li. Todd te déjà app travay kòm yon asenyan nan lekòl ki te nan zòn yo a, alòs li tap mande tèt li kisa li te kapab fè pou li te pote è dpa li. Chak maten aprè yo te fin seme pou ide biznis lan, Karla te konn pran yon ti tan nan trankilite avèk Senyè a, li te konn ap tann pou li te tande direksyon nan men Sentespri a.

Yon maten, anndan lespri li, li te mande mo ti chyen. Dabò li te yon ti jan twouble. Ti chyen? Pou li leve to chyen? Yon fwa yo te genyen yon chyen, men li pat janm konn panse pou li te leve ti chyen. Lè Todd te rantre nan kay la jou swa sa, li te vle di Todd sa Bondye te di li a. Jan li te gentan atann l, Todd te yon ti jan enkyè de plan an, men li te ankouraje Karla gade sa ki te ka fèt. Sa pat pran tan Todd ak Karla te achte 2 ti chyen ras melanje epi yo te kòmanse biznis ti chyen yo a. Se sèten ke yo te genyen pou yo te leve ti chyen yo avan aprè sa yo te kòmanse pwosesis pou yo kwaze yo a.

Te genyen kèk difikilte pandan wout la, men premye ane a chyen yo te gentan fè pitit, yo te genyen 13. Yo te vann chak chyen yo a 1,500 dola, epi Karla te di ke li te kriye lè li te reyalize ke li te tande kòrèkteman lè Sentespri a te di mo tichyen an Nan menm ane sa Todd te pran pwomosyon li te vin direktè lekòl li tap travay la.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Biznis tichyen an te kontinye ap grandi; epitou nan moman sa alepòk, yonte gentan genyen plis ke 300 ti chyen, epi pri yo te monte, chak grenn chyen te koute 2,500 dola. Lavi finansyè yo te fè yon 180! Yo te fin peye kay yo ane pase a, epi yo kounyea konplètman sòti nan dèt. Yo fèl plizyè vwayaj ale nan lòt peyi e yo tèlman wè Bondye anndan fanmi yo ke Karla te oblije pale lòt moun de wayòm Bondye a. Li fenk sòti premye liv li, ki rele, *Plan pou Pwospere: Fason Bondye Te Ban Nou Libète Finansyè Atravè Tichyen*.

Todd ak Karla ap viv selon Wayòm nan, yon vi ki kapte atansyon moun e fè yo pran poz epi panse avèk Bondye. Pwofèt Ezayi te pale de legliz aje a nan Ezayi 61 kote li te di nou sa Bondye vle fè avèk lavi nou pandan nou sou tè a.

*Yo pral grandi tankou gwo pyebwa nan jaden Senyè a te plante ak men li. Yo pral fè sa ki dwat devan Bondye pou tout moun ka fè lwanj bèl pou vwa li.*

—Ezayi 61:3

Pye bwa chèn se yon pyebwa ki solid anpil e yo jeneralman gwo anpil tou. Labib di lavi noua p tankou pyebwa chèn, ki ankre, ki stab epi ki paka depplase. Fwi pyebwa sa ap dwat, ki senpleman vle di ke mou pral wè a kisa lavi sipoze sanble, kisa Bondye rele bagay ki dwat. Nou se pyebwa Senyè a, ki vle di ke Bondye pral mete kote li wè ki bon, nan plizyè kote, nan tout okipasyon ak kilti, pou fè lwanj splandè li. Bondye vle kapte atansyon moun atravè ou menm! Li vle moun wè bon fwi travay LI yo nan lavi ou. Menm jan yon pyebwa atire ou sou li akòz fwi ki byen dous li yo, Bondye vle lavi ou sanble ak Syèl la sou latè.

Alòs kòman Todd ak Karla te fè li? Se sèten, sa mande anpil travay pou leve tichyen sa yo, men libète ke yo te bezwen an te merite travay la. Libète sa a te kòmanse nan tande plan an, yon mo ki sòti nan Bondye. Yon senp mo, se tout sa Karla te tande, “Ti chyen!” Men se te tout sa li te bezwen. Bondye ap pale ak ou tou. Li ap dirije ou kote zèb yo pi bèl ak kote dlo a koule pi fre se de sa Sòm 23 pale.

Men jan ou kapab imajine, jis tande plan an pa sifi. Mwen pral pale de etap t lan nan pwochen chapit la, epi li petèt ka chapit ki pi enpòtan nan tout chapit yo paske etap 5 lan se etap kote plis moun echwe. Men ou pap echwe, ou pral mache nan bonte Bondye jis menm jan istwa yo ke ou sot li nan liv la! Èskew pare? An nou avanse nan etap nimewo 5 lan.

## CHAPIT 9

# LÈ A RIVE POUW ALE!

Tout fèmnye konnen ke chak rekòt genyen yon tan inik ak espesifik ki atache ak li menm. Konnen bon sezon rekòt de yon danre patikilye se diferans ki genyen ant sikse avèk echèk. Epi an nou byen klè: Ou kapab rate rekòt la. Alòs, sa se yon sijè ki gwo ak enpòtan anpil. Ou poko janm ale nan magazen, pou ou wè yon pòm wouj byen bèl, epi pou ou panse, *sa a se yon trè bèl pòm*—Men lè ou rive lakay ou epi ou pran yon dan epi ou answit panse, *waw, bagay sa pa gen gou?* Ebyen, sa se yon pwoblèm tan.

Mwen pakapab di ou konbyen dezans finansye ke mwen tande ak fè fas ak yo de moun ki vini ak yon ide epi ki rate bon moman an. Pasaj preferem ki pale de sa a se Matye 13:44.

*Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon **ja lajan** kite anba tè nan yon jaden. Yon nonm rive jwenn li, li kouvri li ankò. Li sitelman kontan, li ale, li vann tout sa li genyen, li tounen vin achte jaden an.*

Nan istwa sa, nonm nan te gen sajès ase pou li konnen ke nan minit sa a, li pat kapab posede ja a menm kote a. Li te oblije ale al prepare li pou li te ka achte li.

Kòm yon egzanp, le Karla te tande mo tichyen yo, sa pat vle di pou li te mete pankas deyò pou li te fè konnen ke li te genyen tichyen pou vann. Li potko menm genyen tichyen menm. Te gen anpil preparasyon ki te gen pou te fèt. Yo te genyen pou yo te achte 2 tichyen femèl an premye. Yo te gen pou yo te bati yon espas pou mete yo epi fè planifikasyon pou tichyen yo ta pral genyen yo. Te gen lòt bagay legal yo te gen pou yo te aprann sa ki te gen rapo ak vaksen ke tichyen yo dwe pran si ou pral vann yo.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Genyen lot bagay tou tankou patant, maketin, koze labank ak taks pou mwen di sa yo sèlman. Ou bezwen kontwole bagay sa yo avan ke ou antre nan sezon rekot ide biznis ou an.

Ou ka panse ke ou fe tout posib ou, epi ou toujou poko antre nan pati ki difisil la. Fòk ou antre nan vizyon ke Bondye te pale ak ou sou li a. Wi, ide a ap pi gwo ke ou, epi ap genyen petèt laperèz le wap lansew la. Men laperèz la se te pou ansyen ou menm nan. Sonje byen, sa se nouvo ou menm nan.

Lè Bondye te pale ak mwen konsènan lanse mwen nan pwop biznis mwen an. Mwen te reyèlman eksite de li. Mwen tap totalman komanse a zewo. Menm ke Bondye te pale ak mwen nan yon rèv pou mwen te lanse mwen an mwen te fè tout posib mwen, mwen te toujou eksite de li. Tout bagay sa yo kounyea te depann de mwen ki pou te lanse mwen epi pou mwen fè li. Ou poko janm gen yon zanmi oubyen rekonèt yon moun ki toujou ap pale de yon bagay ke yo pral fè epi yo pa janm fèl? Mwen konnen anpil moun konsa! Raplew ke mwen fòme vandè pandan plis pase 30 lane.

Lè mwen te lanse biznis mwen an, mwen pat resevwa ankenn direksyon. Mwen te strikman depann de komisyon, e se mwen sèlman ki te konn fè operasyon yo. Men yon sèl bagay ke mwen te genyen se te pasyon. Lè Bondye te kondwi mwen pou mwen te kòmanse yon konpayi pou mwen te ede moun sòti nan dèt, mwen te antyèman enterese ak sa. Mwen te konn toumante avèk pwoblèm finans anpil nan lavi mwen; e kounyea ke mwen te jwenn repons lan, Wayòm Bondye a, mwen te vle pale tout moun de li. Dezyèman, dèke Bondye te ede mwen mete sou pye yon plan ki te montre mwen koman pou mwen te ekri plan pou fanmi yo te ka soti nan dèt nan 5 rive nan 7 lane, pou peye ipotèk kay yo esesi san ke yo pa chanje bidyè yo, mwen te plis ke pasyone. Mwen te konnen ke mwen te jwenn yon nich nan mache finansye a, epi ke mwen te genyen yon istwa pou mwen rakonte. Men yon lòt fwa ankò, mwen te genyen sikwi a ki te gentan byen aranje deja avan ke mwen te pase enteriptè a.

Se sèten toujou gen bagay ke wap aprann sou wout la, men lè wap lanse ou a fòk ou genyen estrikti de baz la ki te gentan la deja. Men ke nenpòt gwosè opotinite a, pwodwi a, oubyen sa ke chèk pewòl la te ka fè a, li toujou jodia, e jodia se jou ke ou dwe antre nan plan an.

Kounyea, sa mennen mwen nan vrè pwoblèm nan, kisa mwen panse ki se rezon prensipal la ke anpil moun pa atenn objektif yo, menm apre ke yo fin tande Bondye konsènan direksyon ak repons pou pwoblèm finansye yo.



## Pwokrastinasyon!

Pwokrastinasyon ka baze sou ensekirite, laperèz oubyen jis parès. Men gen yon bagay ki sèten; li fasil pou fè! Mwen li etid sila a de abitud etidyan kap fè metriz sou koze pwokrastinasyon.

*Jenny ap netwaye apatman li an. Cathy ap fè egzèsis matematik. Matt ap tcheke rezilta match la, epi Carmen ap mete paj Facebook li ajou. Tout moun sa yo se etidyan sikoloji kap repouse lòt bagay ke yo ta sipoze ap fè. Son pwokrastinasyon klsik sa ye.*

*Se yon abitud ki difisil pou koupe, patikilyèman jou sa yo lè ke entènèt la pèmèt etidyan yo pou yo boule lè ke yo ta dwe ap etidye yo ak sèlman klik yon souri. Yon analiz meta ki fèt an 2007 pa Sikolog doktè Piers Steel nan Inivèsite Calgary repòte ke 80 pousan a 95 pousan etidyan inivèsite yo pwokrastine, patikilyèman lè sa gen rapò avèk kou lekòl yo.<sup>6</sup>*

Ebyen, mwen ta kapab sijere ke bagay sa pat sèlman aplikab pou etidyan inivèsite yo. Distraksyon yo anpil. Pran telefòn mwen oubyen ouvè imèl mwen se sètènman bagay kap manje tan. Men pwokrastinasyon gen yon pati sibtil, dyabolik ladan li kew dwe konnen. Poum kapab ilistre epi mete limyè sou sijè danjere sa—wi, se sa menm mwen di danjere—Mwen vlew ale nan 1 Korent 2:6-8.

*Malgre sa, se yon bon konprann map fè moun ki byen devlope nan konfyans yo konnen. Men, se pa menm bon konprann ak bon konprann moun kap viv dapre lide ki nan lemonn, ni ak bon konprann pouvwa kap domine lemonn, pouvwa ki la pou disparèt. Bon konprann map anonse a, se bon konprann Bondye te sere a. Li te kache nan je moun. Men, depi anvan Bondye te kreye anyen, bon konprann sa a te nan plan li pou li te ka sèvi yon lwanj pou nou.*  
**Pa gen pouvwa nan lemonn kite konnen bon konprann sa. Si yo te konnen li, yo pa tap kloure Senyè ki merite lwanj lan sou kwa a.**

—1 Korent 2:6-8

6 <https://www.apa.org/gradpsych/2010/01/procrastination>

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Waw, pitow ekri sa yon kote. Satan ap chanje taktik si li dekouvri sa wap regle! Se poutèt sa Jezi pale anparabòl. Se poutèt sa Bondye tann jiskaske li minwi avan li revele repons paw lan. Fòk ou konnen epi sonje ke nou gen yon lènmi. Lènmi paw lan se pa jis yon pèsonaj majinè ki avèk yon fouch epi yon kostim wouj. Bib lan klè sou sa:

*Kenbe tèt nou anplas, rete sou priga nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, kap chache moun pou li devore.*

—1 Pye 5:8

Kounyea, se vre ke li paka jis devore nenpòt moun, men li vle rale ou soti nan espas syèl la pou antre nan espas pa li kote li touye, volè ak detwi. Labib di, “Lènmi ou an!” Youn nan taktik Satan an se pou li rale ou nan satisfasyon, nan espas pwokrastinasyon. Sa ap ba li tan pou li dekouvri sou kisa ou menm ak Bondye ap travay.

Mwen sonje yon rèv ke mwen te fè yon lannwit. Imaj mwen te wè a se te yon annwit, epi limyè fenèt chanm mwen an te rive sou gazon mwen jiskaske li disparèt nan fènwa a. Limyè a te jis disparèt, nan lonbraj la yo, mwen te wè 2 demon ki kanpe anfas fenèt mwen an avèk kaye yo nan men yo. Mwen te konnen ke yo te voye yo pou yo te jwenn yon antre legal anndan kay mwen an. Yo tap pran nòt, yo tap chache gade si yo pat jwenn feblès pou yo te eseye kanpe travay Bondye a.

## **PWOKRASTINASYON KAPAB KOZE LANMÒ!**

Pwokrastinasyon ka koze lanmò! Sa a sonnen fò, pa vre? Li sonnen egzakteman kontrè de sa ke tantasyon pwokrastinasyon an di ou. Vwa li sibtil epi li konvenkan, “ Sa pa anyen si ou li pita.” Ou ka toujou fè li pita. Men eske se vre? Kite mwen pataje yoin istwa ki pral montre ou jis kijan pwokrastinasyon ka danjere.

*Solda Filisti a pran mache sou David tou. Nonm ki tap pote plak pwotej li a tap mache devan li. Li tap pwoche pi pre David. Lè solda Filisti a gade, li wè David pi pre, li tchwipe, epi li vire tet li sou kote, paske li te wè se yon timoun ak cheve koule kannèl, ak yon bèl ti figi ki te devan li. Solda Filisti a di David konsa: Gen lè se yon chyen mwen ye pou se avèk yon baton wap mache sou mwen? Epi li pran non Bondye li yo pou madichonnen David. Aprè sa, li di anko: Mwen pini ou vanse sou mwen pou ou wè si mwen pap pran kò ou pou mwen bay zwazo nan syèl ak bèt nan bwa manje.*

—1 Samyèl 17:41-44

*Golyat pran mache ankò sou David. David menm tap kouri al kontre ak li devan lame yo. Li foure men li nan ti ralfo li a, li pran yon wòch ladan li, li mete li nan fistibal la, li vize Golyat. Li frape sòlda Filisti a nan mitan fwon. Wòch la antre nan kalbas tè sòlda Filisti a. Sòlda Filisti a tonbe fas atè.*

—1 Samyèl 17:48-49

Istwa David ak Golyat la se yon bèl istwa. Nasyon izrayèl la annantye nan laperèz paske yo tande Golyat kap pale. Men David di ke li ap konbat li ak yon sèl kondisyon: Ke li ka chwazi pwòp zam li, yon fisibal ke li gen lontan lap itilize pandan li tap gade mouton. Pandan David ap apwoche Golyat, Golyat te distrè epi li te di “Gen lè se yon chyen mwen ye pou se avèk yon baton wap mache sou Mwen?” Sa Golyat te panse kite yon baton an poutan se te solda David. Li pat wè fisitibal la kite tache anba sentiwon li. Non, David itilize baton an tankou dekourajman, pou li rale atansyon Golyat mete sou li olye fistibal la. Pandan Golyat ap avanse sou David., David ap avanse sou Golyat. Sa se te yon lòt taktik ke David te itilize. Li te konnen ke sa tap pi difisil pou Golyat te wè fisitibal lan si li te avanse sou li yon sèl kou.

Sitoutfwa David te aji menm jan avèk majorite moun konn aji? Yo gen laperèz, pou yo antre nan konfli, yo jis rete nan fè wazif. Epi, sitoutfwa David te ret ap danse bòkote Golyat jiskaske li te santi li te pre pou li te fè aksyon li an? Mwen kwè ke Golyat tap wè fisitibal li a, li tap rekonèt estrateji David la, epi li tap aji kòm sadwa. David tap pèdi batay la epi nasyon an antye tap anprizone.

Se egzakteman sa ke Satan vle fè avèk ou. Li vle anprizone plan ou yo. Si li ka lakoz ou poze, pou tann jiskaske ou santi ou prè, li ap gen tan pou li chanje taktik li pou li fè fas ak plan Bondye a nan lavi ou. Alòs, èske pwokrastinasyon danjere? Absoliman! Mwen sèten ke sa deja koute ou plizyè milye dola nan lavi ou. Nan ka David la, sa te ka koute lavi plizyè milye moun.

Se poutèt sa, lè ou konnen bon moman an, epi ou genyen plan ou, lanse ou avèk konfidans. Mwen kwe kè ou ap genyen yon pouse de Sentespri a lè sa pou ede ou konnen ki lè bagay yo bon pou ou lanse ou. Men akòz de movèz ansèyman, anpil moun konn ezite oubyen yo lanse yo epi ansuit, lè yo jwenn konfli, yo rale bak epi yo panse ke yo ka petèt pat tande Bondye.

## **Pingaw Pè Konfli a**

Anpil moun di mwen ke lè yo lanse yo, tout lanfè kraze. Ebyen, se ekipe ke ou ekipe pou ou jere lanfè a san ankenn laperèz. Lènmi an fenk sot pran frap avèk plan Sentespri ou a, epi lap reyaji poul sa etenn li. Li pa kapab kanpe li kounyea. Li gentan twò ta. Men si li ka fè ou doute pawòl Senyè a ki te mennen ou la, answit laperèz ap rale ou fè bak. Li vle lakoz yon tibilans pou ou ka rale bak. Men fòk ou kanpe fèm kounyea ke jamè epi itilize otorite ou pou ou kenbe siveye li. Piga ou pè pou ou di, “Non, ou pap kapab fè sa” oubyen “ Mwen mare lespri konfizyon sa ki vle eseye toumante mwen an, nan non Jezi. Kounyea fè bak, Satan!”

Malerezman, jodi an anpil nan kretyen ki pa fòme yo reyaji ak sipriz nan atak Satan yo. Yo kwè ke depi Bondye te pale ak yo epi ba yo plan li an ke tout bagay pral mache dous epi rapid san ankenn sipriz.

Kounyea, pigas ou pa konprann sa mwen ap di a. Nou genyen otorite absoliman sou tou movèz espri yo, men nou pa genyen pouvwa abosoli sou moun. Fòk nou konnen sa ke malgre mwen anba jisridiksyon Bondye a, anpil moun nan antouraj mwen pa epi yo tap tonbe kòm pwa pou rimè ak konfizyon. Yo petèt jije rezon mwen yo oubyen pote pèsèkisyon kont mwen.

Men yo paka kanpe plan Sentespri ou a!!! Lènmi an ap kontinye vini yon jou anreta epi lap manke yon dola. Bondye devan yo nèt epi lap mennen ou nan vikwa ou si ou rete fèm nan lafwa epi refize konpwomi.

Faz lansman an se faz kote lap mande plis kouraj nan lafwa pou ou avanse. Yo pote lafwa pou ou nan moman sa a, men kounyea sa ap mande kouraj pou ou lanse ou. Mwen panse ke pwoblèm nan se ke moun yo konfonn istwa lanmè wouj la ak rivyè jouden an.

Nan istwa lanmè wouj la, moun izrayèl yo te delivre sòti nan peyi lejip epi yo tap vwayaje nan lanmè wouj la, ta sanble yo te antoure avèk lanmè epi mòn pandan ke Farawon te vin chanje lide epi li te deside al chache moun sa yo. Sa parèt tankou pat gen ankenn mwayen pou yo te chape. Men Moyiz leve baton li an (Otorite), epi lanmè wouj la fann. Yo te travèse ale sou te sèch, e lame Farawon an te eseye swiv yo. Men pandan yon tap swiv yo a lanmè a te anglouti yo, touye yo tout. Izrayèl kounyea lib de peyi lejip epi lib de esklavaj. Sa se yon aksyon delivran ki pisan, e nou tout renmen chante de delivrans Bondye.

Devan yo se pwomès yo, tè kanaan an. Se te tè zansèt yo epi ki te pwomèt bay desandan Abraram yo. Pandan ke yo tap vwayaje nan dezè a, pawòl Moyiz yo te sonnen nan zorèy yo: Se ap yon tè kote lèt ak myèl koule. Sa te sonnen twò byen pou li te verite pou moun yo ki te sèlman konnen esklavaj pandan tout lavi yo. Men genyen yon pwoblèm. Gentan gen lòt nasyon ki sou tè a. Pandan yo tap apwoche rivyè jouden an, Moyiz deside voye espyon pou verifye pi bon wout pou yo ta pase a dèke yo travèse nan nouvo tè a epi pou yo tounen ak kèk fwi ki soti nan tè a pou pwouve moun yo ke se yon bon tè ki plen potansyèl.

Men espyon yo tounen ak yon istwa ki fè moun izrayèl yo vle tounen nan peyi lejip. Tè a plen ak vil ak mi yo byen wo epi moun ki pi wo ke izrayelit yo. Izrayelit yo kriye ak dekourajman epi ale kote Bondye ak Moyiz, yo te panse ke yo te pran nan manti. Akoz mank kwayans yo, Bondye pa mennen yo nan tè pwomès la paske li konnen ke san lafwa, yo ap detwi yo. Jenerasyon sa te rete viv ak mouri nan dezè a jiskaske yon grenn moun nan jenerasyon sa pa rete.

Kounyea Jozye jwenn lòd Bondye pou li mennen yo travèse. Men yon lòt fwa ankò, pandan yo prèske rive nan rivyè jouden an, gen yon pwoblèm. Rivyè a nan etap pou li inonde, e moun yo paka travèse dlo ajite a. Men Bondye yon lòt fwa ankò te fann dlo a, epi izrayelit yo te mache travèse ale nan tè sèch la—Fwa sa yo pat soti nan konfli, paske se lè yo te kite peyi lejip yo te nan konfli, men yo tap antre nan konfli pandan ke yo tap prepare yo pou yo pran pwomes yo.

Se sa ou dwe konnen. Kapab genyen pwoblèm pou rezoud pandan wap lanse ou a, men piga ou pè. Bondye ap ede ak pwoteje ou pandan wap lansew la. Toujou sonje ke pwomès la la touswit aprè pwoblèm nan. Pa janm bliye sa.

An reyalite, mwen pral di yon bagay li ki ka petèt choke ou. Ou dwe konsyan de pwoblèm yo. Non, mwen pap pale pou ou medite sou pwoblèm pèsonèl ou yo nan laperèz. Mwen ap pale de ou kap chache opòtinite. Ou wè, moun peye gwo lajan pou netwayaj oubyen pou ranje pwoblèm. Yon biznis se reyèlman yon repons ak pwoblèm yon moun. Kòm egzanp, anpil moun gen yon pwoblèm—yo grangou—alòs yon moun demare yon ti restoran subway. Mwen sèten ke pwobableman fè yon sandwich subway deja, men ou pat tradwi sa nan yon konsèp biznis. Men jodia, Subway gen dè dizèn dè milye restoran nan tout planèt la paske yo ap rezoud pwoblèm yon moun. Epi wap di, “Mwen te ka fè sa,” epitou ou tap kapab vre. Men fòk ou te panse yon lòt jan.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

Drenda ansanm avèk mwen se milyonè jounen jodya, se pa paske nou entèlijan oubyen nou se bèl moun non. Nou te senpleman aprann kòman Wayòm Bondye a fonksyone, epi Bondye te montre nou koman pou nou te ranje yon pwoblèm ke nou te genyen. Answit, Bondye ankò te montre nou kòman poun te ede lòt moun rezoud menm pwoblèm sa. Se pat yon bagay kite difisil pase sa!

### Andwa Preparasyon an

Alòs, aprèw fin simen nan lafwa epiw fin jwenn plan an, pa jis lansew sanw pa pran tan pouw reflechi. Sonje pasaj nou jwenn nan Matye 13 la.

*Peyi Wa ki nan Syèl la, se tankou yon ja lajan kite anba te nan yon jaden. Yon nonm rive jwenn li, li kouvri li ankò. Li sitèlman kontan, li ale li vann tout sa li genyen, li tounen vin achte jaden an.*

—Matye 13:44

Bondye toujou rele ou avan nan yon lye preparasyon. Alòs menm si ou tande Bondye epi li ba ou yon ide ki pral kòmanse yon nouvo biznis fantastik, asire ou ke se bon moman an. Bondye toujou revele trezò a pou motive ou pou ka prepare ou avan. Gade byen mwen pa di ke Bondye ba ou trezò a non. Mwen di ke li revele trezò a, repons lan. Anpil anpil moun moun konfonn revelasyon trezò a tankou se moman pou kapte trezò a, sa ki bay move rezilta. Bondye ap toujou mennen ou kote pou ou pran fòmasyon ak fè preparasyon avan ke li voye ou al jere trezò a.

Mwen konnen ke nan ka pa mwen an antanke yon jenn gason, Bondye te ban mwen yon vizyon de mwen menm ki kanpe epi ki kenbe yon Bib nan men mwen. Pandan mwen te kanpe a, mwen pat sèlman wè mwen ki tap preche nan Bib la men mwen te wè tou espas mwen tap preche a epi moun mwen tap preche yo. Yon vwa te pale ak mwen pandan mwen tap fè vizyon sa, “Mwen fè apèl a ou menm pou ou preche Pawòl Mwen an.” Mwen te tande sa 3 fwa epi vizyon an te disparèt. Mwen te genyen 19 lane. Mwen te reponsab restoran pizza papa mwen an lè sa a e mwen te reyèlman pat konnen kisa vizyon an te vle di antyèman. Mwen te konnen ke mwen te jwenn apèl pou mwen te al preche Pawèl Bondye, men kòman oubyen kikote sa ta pral fèt mwen potko konnen.

An reyalite, sa se te yon apèl de preparasyon. Sa pat pran anpil tan apre Bondye te ban mwen revelasyon sa pou li te di mwen ale nan yon lekòl Labib epi aprè pou mwen tale nan ORU (Oral Roberts University). Se la mwen te rankontre lanmou lavi mwen an, Drenda. Aprè nou te sòti ORU nou te kòmanse Biznis Finans lan, yon plan ke mwen te jis pat konprann nan tan sa a. Kisa ki pase ak apèl Bondye a nan lavi mwen? Men Bondye te genyen yon plan. Li te itilize tan sa a pou li te fòme mwen nan kesyon finans nan lavi mwen, pou li te fòme mwen nan lwa yo ki nan Wayòm li an ak prensip yo, ki te tounen fondasyon ministè mwen an. Li te itilize tan sa tou pou li te ede mwen grandi nan konfyans nan tèt mwen paske mwen te vrèman pè pale ak moun lè mwen te pi jenn.

Se te jis 1 Septanm 1995 ke Bondye te mennen nou lanse legliz pa nou an nan anba lakay yon Stasyon Radyo kretyèn kite nan zòn bò lakay nou an. Premye sèvis nou an te fet nan yon sware, pandan mwen te kanpe nan sèvis la mwen te we egzakteman imaj vizyon sa ke Bondye te ban mwen 21 lane avan sa.

Alòs, konprann ke lè ou tande vizyon an, pran direksyon an, oubyen pran lide a, ki jeneralman pa vle di pou ou lanse ou nan menm moman an. Bondye ap di ou ki lè pou ou lanse ou menm jan li te ba ou plan an. Li ap pale ak ou e ou ap konnen sa.

Nan ka pa mwen an, pandan nou te ale nan yon ti legliz ki te tou pre lakay nou nan lane 1995; nan yon sèvis dimanch swa, Bondye te kòmanse pale ak mwen. Mwen pat menm ka tande sa pastè a tap di paske Sentespri Bondye a te fò sou mwen anpil. Mwen te konnen ke se te moman pou mwen te lanse mwen an! Epitou, wap konnen sa tou.

Drenda ak mwen renmen wè anpil sa ke Bondye fè, men pasyon nou se tout sa ke li ap fè!!!! Nou angaje tèt nou pou nou preche an ansenye mesaj sa pou Wayòm nan pou tout rès lavi nou. Pa gen anyen ki fè nou plis kontan ke wè vizaj moun yo ki ilimine avèk revelasyon lè nou ap ansenye. Nou konnen kisa sa vle di; Sa vle di ke yap tande repons.

Nou konnen ke Wayòm nan se repons ou tou! Alòs ki 5yèm prensip ke Bondye te ansenye mwen an?

**Etap #5: Depiw fin konnen bon moman an, metòd lan, epi andwa a, pa rete nan fè wazif! Dezyèmman, pingaw sezi akoz konfli yo.**

Ou menm ak Bondye kapab fè travay la, pa gen ankenn dout nan sa! Jis sonje ke se volonte pa Bondye pouw pwospere.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Pwovizyon an

*Gayis monchè, mwen priye nan respè pou tout bagay byen mache pou ou.  
Mwen swetew lasante nan kòw, menm jan nanm ou ap pwopere.*

—3 Jan 2 (NASB)

Pa kite ankenn moun diw ke se pa volonte Bondye epitou sa li vle pou ou, se pouw gen bon jan lasante epi pouw pwospere nan lavi! Se bagay sa Satan te volè nan wayom latè a epitou sa ke Bondye te restore pou ou an nan Jezi Kris. Relijyon ansenye moun anpil bagay ki pa laverite de Bondye. Kèk moun ta dwe dezaprann trajedi sa yo avan yo ka aprann verite a. Mwen te resevwa imèl sa; sa pa gen lontan, ki ilistre nesosite pouw renouvle lespriw ak sa ke Bondye di tout bon vre.

*Chè Gary,*

*Non mwen se Annette, mwen grandi lakay nan yon leglis batis, mwen te konvèti lè mwen te tou piti, e mwen te renmen Jezi anpil. Lè mwen te jenn, mwen te batize nan Sentespri a epi mwen te kòmanse konprann vrè adorasyon, gerizon, delivrans, don espiryèl, ak lòt verite de Wayòm Bondye a. Mwen te aprann prensip de baz pou seme ak rekòlte atrave plizyè ansenyan nan kò Kris la. Men se te jis le mari mwen John “Te tonbe” sou anseyman ou yo ke mwen te kòmanse reyalize ke mwen te genyen yon pwoblèm reyèl pou mwen te kwè ke Kretyen—espesyalman pastè yo ak oubyen moun ki nan ministè yo—dwe chache pou yo pwospere plis ke sèlman genyen bezwen de baz yo. Nou te dekouvri ke youn nan nou pat vrèman konprann kijan Wayòm Bondye a fonksyone.*

*Nou te nan ministè a e nou te fidèl nan bay dim. Nou te moun ki te jenere e nou te menm konn ansenye prensip pou seme ak rekòlte a. Men nou te santi ke nou tap viv yon vi ki te konfòtab e ke se te tout sa nou te sipoze espere. Sa a se te jiska Otòn nan lane 2003 lè nou te genyen yon move dife sou waf nou an kote nou te genyen santral biznis nou ak ministè nou. Answit te genyen plizyè lòt evenman ki te pase ki te chanje tout bagay. John te kòmanse genyen pwoblèm nan kè li tout tan., evantyèlman li te nan nesosite yon operasyon pou yo te ouvè kè li. Nou pat genyen asirans sante lè sa a, e nou te kòmanse ap fè gwo depans nan lopital. Akoz li pat ka travay la te rann bagay yo pi grav. Epi kèk move desizyon pa bòkote nou te lakoz nou*



*nan pi gwo pwoblèm lajan. Rive nan lane 2015, sityasyon finansye nou te soti nan yon ti jan bon pou li te vin chaje ak dèt, mete sou taks ke nou pa peye.*

*Nou te toujou moun ki jenere paske nou renmen bay e nou kwè nan seme ak rekòlte. Avèk anpildezespwa nou te chache Senyè a plis, pou nou te jwenn repons. Answit John te tonbe sou ansèyman ou sou televizyon. Yon premye fwa li te di, “Ou pa kapab ap achte Bondye konsa” epi li te fèmen televizyon an. Men kek jou aprè, li te tonbe sou emisyon ou an ankò e fwa sa li pat sispann tandè li. Li te fini pa kòmande chak grenn zouti ansèyman ke ou te genyen ki te disponib sou nèt la alepok! Nou te konsome materyel sa pandan 2 lane avan sa nou 2 a te kapab kite move kwayans nou ke se te yon move bagay pou yon kretyen te vle posede an anbondans epi gen plis pase ase.*

*Yon jou, pandan nou tap gade emisyon an pou yon 10zyèm fwa, youn nan CD yo kote ou ansenye nan Matye 17 de Jezi ki tap di Pyè pou li peche yon pwason epi itilize lajan anpyès ki nan bouch pwason an pou al peye taks, avèk tou yon ilustrasyon ki nan 2 Wa 4 la ki pale de fanm sa kite itlize sa li te genyen lakay li an.*

*Mwen toudenkou te sonje ke kèk ane avan sa yon zanmi te ban nou yon lajan anpyès ki fèt an lò pou yon travay ke nou te fè pou yo. Li pat ase pou li te peye dèt nou yo, men se te “sa” ke nou te genyen lakay nou an ke nou te kapab simen! Nou te seme lajan anpyès sa nan ministè nou an epi nou te vini yon manm nan Inner Circle epi nou tap swiv pou nou te wè kisa Bondye ta pral fè aprè sa.*

*Pandan 2 pwochen mwa yo nou te kontinye konsome ansèyman ou yo, e nou te lite pou nou te kenbe tèt nou sou d lo pandan nou tap vèse pèman sou dèt la. Answit yon lannwit mwen te fè yon rèv kote ke Bondye te montre mwen yon gwo sòm lajan ki tap vin jwenn nou. Pandan semèn ki te vin aprè a, nou te wè kèk ti benediksyon nan finans nou ki te kòmanse ap parèt. Nou te kontinye priye ak bay plis pandan ke Bondye tap gide nou, e nou te deklare*

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

*verite Bondye ak tande pou nou te asire nou ke nou te obeyi tout bagay nou te kwè li tap di nou pou nou te fè.*

*Answit ton sitiyasyon te ranvèse sa ki te parèt prèske enposib ki pou te fèt la. Nou te we akonplisman rèv la te pase kèk tan aprè. Montan lajan ke nou te resevwa a te plis depase sa nou te bezwen pou nou te fin peye dèt ke nou te dwe a. Kounyea nou pa genyen ankenn dèt. Nou ap chache estrateji sou kijan pou nou investi avèk sajès epi viv lavi doub pòsyon pou nou kapab bay jenerezman, pou toujou epi nan tout okazyon.*

—John ak Annette

Nou resevwa jan de imèl sa yo tout tan de moun ki ap aprann verite de Bondye ak Wayòm li an e ki ap reyalize ke relijyon yo te toujou ba yo manti.

Mwen dekouvri ke depi ke lespri mwen te renouvle ak bonte Bondye a ak pawol li, mwen te vin kapab grandi nan revelasyon ke mwen te bezwen pou mwen te lib la.

Sonje, pa janm doute de Bondye. Si gen yon sitiyasyon nan lavi ou ki sanble tankou yon echèk de Wayòm Bondye a, fè sa ke disip yo te fè a. Yo pat mande Jezi, “Jezi, poukisa ou pat chase demon sa a?” Yo te konnen ke pwoblèm nan se bòkote pa yo li te ye, epi yo te mande Jezi pou ede yo konprann li. Si ou pa wè sa ke Bib la di ki paw la nan lavi ou, mande Bondye pou li montre ou poukisa! Li ap pale ak ou ak ede ou aprann kijan Wayòm eksepsyonèl li a fonksyone.

### **LI PRAL PALE AVÈK OU EPI EDEW APRANN KIJAN WAYÒM EKSEPSYONÈL LI A FONKSYONE.**

Ayè la, yon biznismann nan legliz mwen an te tande nan bank li an ke lajan prè gouvènman an ke yo te pwomèt li an te rejte. Li te gentan antisipe sou lajan sa e te menm gentan fè plan sou li. San li pat jwenn ankenn èd, li tap genyen pou li te oblije revoke anplwaye li yo. Lè li te mande bank li an poukisa yo pat ba li lajan an, yo pat kapab reponn poukisa. Kòm li te panse ke li ta pral resevwa anpil lajan, li te ale an avans epi li te investi lajan ke li genyen nan founiti ke li te bezwen. Men kounyea avèk lajan sa ki patap vini an, li te twouve tèt li san ankenn lajan epi li pat konnen sa pou li te fè. Sèl bagay li te rete se te yon Kado kat debi li te rete nan bous li ke yon moun te fè li kado. Li te imedyatman vini avèk kat debi sa a nan legliz la, paske li te konnen li te gen pou li te simen sa li te genyen an epi kwè pou Bondye ede li nan sezon difisil sa a. Nan kèk èd tan aprè li te fin

depoze kat debi a nan legliz la kòm semans, bank lan te rele li epi yo te di li ke yo te dezole, ke te genyen yon erè. Yo ap voye lajan pou li.

### **Ou Gen Wòl Paw Pouw Jwe**

Pandan ke mwen ap konkli a, kite mwen ba ou mo final mwen yo sou kesyon pran lajan ke ou bezwen an. Mwen jwenn ke gen anpil moun Bondye ki renmen pataje, sa yo genyen se pou moun, men yo pa gen lajan. Mwen kwè ke rezon prensipal ke moun yo pa jwenn anyen anretou le yo bay se yon move pèsèpsyon de sa ki dwe rive aprè yo fin bay. Anpil kretyen fè fot nan kwè ke Bondye ap jis pote ba yo lajan ke yo aji lafwa yo pou yo a. Men sa pa posib paske Bondye pa gen ankenn lajan. Tout lajan yo se sou latè yo ye e li se sèlman yon mwayen pou tranzaksyon (achte oubyen vann yon bagay).

Alòs dèke nou bay, si nou konprann aspè sa nan pwosesis la, nou dwe koute Bondye pou li ban nou yon plan, yon direksyon, oubyen yon ide kote nou ka kreye oubyen kapte richès ki genyen sou mache a. Sa pa vle di se biznis lan ou dwe genyen menm, men Sentespri a ap dirije ou yon kote sou mache a pou ou mete nas ou. Yon nas se yon bagay ki kapab kenbe oubyen fè lajan sou mache a. Bondye ap dirije pa ou yo ak plan ke ou dwe swiv la. Pou majorite moun, mwen kwè ke nas ki sanble pi bon, pi rapid la se yon biznis. Lè mwen di biznis, mwen pa retire travay anba oubyen nan yon antrepriz, men nesite ki genyen pou li gwo ase pou li ka kenbe pwason ke ou bezwen an. Li kapab biznis pa ou oubyen biznis yon lòt moun.

Men lè ke se nas, nan eksperyans pa mwen, majorite moun ap peche pou yo jwenn labalèn nan benwa. Kite mwen eksplike sa, an nou di ke yon moun genyen yon travay nan yon magazen nan katye a ke lap touche 10 dola lè. Men kounyea li dezire peye yon kay ki koute 150,000 dola epi li vle itilize lwa Wayòm nan yo pou li akonpli dezi sa. Dakò, sa nòm al jiskaprezan.

Answit, yo tandè pale de seme ak rekòlte, yon lwa nan Wayòm nan, epi yo seme epi aji lafwa yo pou yo peye kay la, jiskaprezan se yon bon bagay. Men pou kèk rezon, yo panse ke lajan an ap jis parèt. Yo konnen ke travay yo a pa gen kapasite pou ranmase ase lajan pou peye kay la, yo te mete espwa yo sou Senyè a (sa son bon bagay). Men lè mwen di “Mete espwa nou nan Senyè a,” ou dwe konprann sa mwen ap di a se pou nou mete

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an

espwa nan Senyè a pou li ban nou sa jès ak direksyon pou nou kenbe lajan sa a. E sa petèt vle di dwe genyen gwo chanjman ladan li.

Ou wè, sa anpil moun echwe pou yo reyalize se ke Bondye petèt bezwen dirije yo nan yon nouvo lak pou yo kenbe yon labalèn, se pa nan benwa lakay yo a. Ou konprann, pa genyen ankenn labalèn nan benwa ou a! Peye yon kay 150,000 dola nan kèk ane sou yon salè 10 dola lè tap yon bagay difisil pou fè. Men Bondye konnen kibò pwason yo ye epi li ka dirije ou nan bon kote a ak ba ou bon metòd pou kenbe pwason ke ou bezwen pou ou atenn objektif ou a. Ou sonje istwa Pyè ak pil pwason li te kenbe a? Pyè te peche pandan tout nwit lan li pat kenbe ankenn pwason, men Jezi te di li kibò pou li te peche; epi aprè kannòt Pyè a patka kenbe tout pwason yo. Ki diferans lan? Yon mo direksyon, “Lage nas ou an nan fon lanmè a.” Ou konprann, Pyè tap peche nan move andwa a, men Jezi te di li kisa pou li fè e li te jwenn siksè.

Lè Drenda ansanm avèk mwen te anba dèt serye, nou te gen pou nou te aprann tande Bondye epi swiv li kap mennen nou nan lak ki pi gwo a pou nou te kapab kenbe pwason ke nou te bezwen an. Direksyon Bondye a te toujou ap mennen nou kote dlo a pi fon. Franchman, Bondye te gide nou tèlman lwen ke nou pat menm ka we tè a ankò, yon kote ki te fè nou pè paske nou pat janm twouve nou yon kote konsa avan sa, e espesyalman li te efreyan lè tanpèt yo te parèt.

Kòm majorite moun ap tann Bondye pou lajan an ka parèt, sa pa janm rive yo pou yo ap tande yon bagay ki etranj pou yo epi ki ap mennen yo yon kote ki nouvo epi ki efreyan ke yo potko janm ale avan sa. Majorite moun sèlman chache bagay ki fanmiye, sa ke yo gentan konnen. Men pa genyen labalèn nan benwa ou a. Ou dwe soti ale kote ki genyen dlo ki fon.

Alòs sonje, nou pa gen pou nou chita nan parès le nou seme. Le nou siman, nou kapab akwoche nou ak pawòl Bondye a epi konnen ke Bondye ap mennen nou nan rekòt la. Men nou tande direksyon sa li ap ban nou an, swiv li, epi genyen nas yo ki pou kenbe labalèn yo lè nou rive nan andwa a.

Anpil moun jeneralman fè pa yo pou yo chanje lak yo men yo echwe nan chanje metòd ke yo itilize pou kenbe rekòt yo a. Yon ti kwòk nan yon ti zen pap ka kenbe yon labalèn. (An pasan, Se pa di mwen ap di ke nou sipoze kenbe labalèn non. Mwen senpleman ap itilize sa kòm egzanp akòz gwosè yo.)

Depi ou nan bon espas la, metòd ou yo dwe gen kapasite pou yo jere pwa ki pi gwo ak presyon ke kenbe yon pi gwo rekòt ap mande. Tout sa yo ap pran tan pou yo fèt. Anpil

fwa, Bondye konnen ke nou pa kapab jere labalèn ke nou ap chache a dèke nou fas a fas ak li. Men Bondye ap fòme nou, nou kapab sèten ke tout bon nou ap pote sa nou pran an sou rivaj la si tout fwa nou pa endispoze.

Alòs kòm rezime, nou bezwen sispann panse ke lajan se yon mirak oubyen sa mwen konn rele mantalite bwatlet lapòs yo (Malgre ke Bondye konn fè bagay ki eksepsyonèl). Olye de sa nou bezwen travay avèk Bondye, prepare rekòt la, epi fè pati pa nou an pou nou ka kenbe chak opòtinite ke Bondye mete devan nou.

Yo mete pouvwa pwovizyon an nan men nou. Non, mwen pap pale de tit liv mwen an. Mwen ap pale de Sentespri ak Wayòm ke Bondye te metew landan li an. Alòs lanse w, epi rachte anpil moun pou Kris la avèk siksèw epi egzant yo pandan ou te sou wout la.

**NOU BEZWEN TRAVAY AVÈK  
BONDYE, PREPARE REKÒT  
LA EPI FÈ PATI PA NOU AN  
POU NOU KAPAB KENBE  
CHAK GRENN OPÒTINITE KE  
BONDYE METE DEVAN NOU.**

Ey, mwen fenk sot wè imèl sa vini, epi mwen te panse ke se tap yon bon rapèl pandan ke nou ap konkli an.

*Nan mitan ekonomi mond lan ki ap desann lan, biznis nou an fenk sot gen yon dèt 4000 dola ak yon lòt dèt 8000 dola kite efase! Gen plis bagay toujou!! Nou tap gade finans biznis nou e nou te reyalize ke, a pati de jodia, benefis biznis nou an pou lane 2020 a ki poko fini an depase benefis ke biznis nou an te jenere pandan tout lane 2019 lan! Nou tap pwospere pi plis, depase sa ke nou te kapab mande oubyen panse (Efezyen 3:20) Akoz, malediksyon latè ekonomi mond lan ap bese! Nou te kontan anpil pou bagay sa yo ke Bondye ap fè. Li fidèl ANPIL ak pawòl li.*

*Mèsi, mèsi, mèsi Gary ansanm avèk Drenda, fanmi moun sa yo, ekip yo, ak asosye yo paske yo pote pawòl Bondye a nan lavi nou! Nou tap viv nan pòvrete ak lamizè pandan 17 lane—Menm jan Gary ak Drenda te fè sa pandan 9 lane—jiskaskè pastè nou an te kòmanse montre emisyon Fixing the Money Thing lan chak Mèkredi swa nan legliz la. Sa gentan gen 5.5 lane konsa, epitou nou te chanje a jamè!! Mèsi ankò, se pou Bondye beni nou!*

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Pwovizyon an**

Ey, mwen vle tande istwa paw yo sou [GaryKeese.com](http://GaryKeese.com). Gen lòt moun toujou ki bezwen tande ki travay eksepsyonèl ke Wayòm lan ap fè nan lavi paw.

# REVOLISYON FINANSYE PAW

## Pouvwa Pwovizyon an

Lite pouw kapab siviv...  
oswa rive kapab reve gwo rèv yo?

Yon esklav dèt...  
oswa wap kouri dèyè objektif Bondye te fikse pou a?

Kiyès nan fraz sa yo ki plis sanble avèk ou?

Kisa ki pral fè diferans lan nan LAVI OU?

Pwovizyon.

Nou tout la ap dakò ke gen ase pwovizyon pou bagay sa yo nou bezwen nan lavi a plis ke enpòtan.

Men, èske nou konprann tout bon vre POUVWA pwovizyon an?

Gary Keesee vle rann sa pi fasil.

Nan katriyèm tranch seri "Revolisyon Finansye paw", Gary dekouvri youn nan eleman ki pi enpòtan nan siksè pal ak siksè lòt moun, epi yon lòt sekre KRITIK Wayòm Bondye a kise: Pouvwa Pwovizyon an!

Aprann:

- SENK ETAP DE BAZ wap kapab pran pouw resevwa pwovizyon ou bezwen an.
- Enpòtans lafwa ak kouman ou kapab konnen lè ou pa nan lafwa.
- Kijan pwokrastinasyon kapab mòtèl.
- Siw ka kwè ke wap genyen nan bòlèt (ebyen wi, ou nan bon andwa a).
- Ak anpil lòt bagay ankò!

Vin jwenn Gary nan vwayaj louvri-zye sa, epi dekouvri kouman pouw aplike Pouvwa Pwovizyon an nan laviw!



Gary Keesee se yon otè, oratè, antreprenè, espè finansye, epi yon pastè ki gon pasyon pou ede lòt moun genyen nan via, espesyalman nan domèn sa yo: lafwa, lafanmi, ak finansye. Gary ak madanm li Drenda gentan kreye plizyè biznis kap fè siksè epi yo se fondatè Faith Life Now (Viv Lafwa kounya), ki pwodwi 2 emisyon ki pase nan televizyon "Fikse pwoblem lajan" epi Drenda, bay konferans toupatou nan mond lan, ansanm avèk plizyè resous pratik. Fanmi Keesees a se pastè tou Legliz Viv Lafwa, ki touprè zòn Columbus, Ohio.

P.O. Box 779, New Albany, Ohio 43054  
LIFE | GaryKeesee.com

ISBN 9781945930393



9 781945 930393